



“MAPAG SANG KRISTUS ING SALEBETING PANGAJENG-AJENG”

MANGSA ADVEN NATAL 2023

LEMBAGA PEMBINAAN DAN PENGADERAN

SINODE GEREJA-GEREJA KRISTEN JAWA DAN GEREJA KRISTEN INDONESIA SINODE WILAYAH JAWA TENGAH
Samironobaru 77 kompleks LPPS
Yogyakarta 55281

Mangsa Advèn Natal 2023

Téma:

**“MAPAG SANG KRISTUS ING SALEBETING
PANGAJENG-AJENG”**

Kaimpun déning:

Lembaga Pembinaan dan Pengaderan

Sinode Geréja Kristen Jawa dan Geréja Kristen Indonesia Jawa
Tengah

Telepon: 0274 514721

Website: lpps.or.id

Kanggé nggantos cap-capan (dèrèng kalebet ongkos ngintun)
saben buku Rp.

Atur Sapala

Puji sokur konjuk Gusti Yésus Ratuning Pasamuwan awit sih katresnan saha panganthinipun satemah buku punika saged mawujud kados mekaten. Punika sedaya kelampahan ugi awit penyengkuyungipun para kanca tunggil paladosan ingkang kadhapuk ing Tim Penulis Mangsa Advèn Natal. Awit saking punika keparenga kawula ngaturaken agenging panuwun dhumateng ingkang kinasih:

1. Pdt. Erni Ratna Yunita (Bapelsin XXVIII GKJ Bidang PWG)
2. Pdt. Paulus Christian Mulyono (DPG GKI SW Jateng)
3. Pdt. Ester Pudjo Widiasih (GKJ Pangkalan Jati, Jakarta)
4. Pdt. Santosa Budi Harjono (GKJ Sumber, Surakarta)
5. Pdt. Hananto Kusumo (GKJ Karangalit, Salatiga)
6. Pdt. Paulus Lie (GKI Gejayan, Yogyakarta)
7. Pdt. Raharjo Widhi Pangreksa (GKI Tegalrejo, Salatiga)
8. Pdt. Woro Indyas A. D. Tobing (GKI Kebayoran Baru, Jakarta)
9. Pdt. Wuri Ajeng Septaningrum (GKJ Slogohimo, Wonogiri)
10. Pdt. Yosua Agung Nugroho Hadiusodo (GKI Pekalongan)
11. Pdt. Nicolaus Satriyo Nugroho (GKJ Kabluk, Semarang)
12. Pdt. Em. Darsono Eko Noegroho (LPP Sinode))
13. Pdt. Em. Widdwissoeli M. Saleh (LPP Sinode)
14. Pdt. Em. Tanto Kristiyono (GKJ Margoyudan)
15. Pdt. Uri Christian S. Labeti (GKJ Danukusuman, Surakarta)
16. Pdt. Wiwik Wulandari (GKJ Gumulan, Klaten)
17. Pdt. Indar Prasetyotomo (GKJ Wonosari, Klaten)
18. Pdt. Em. Yusak Tridarmanto (UKDW Yogyakarta)

Mangsa Advèn Natal 2023 miji jejer “Mapag Sang Kristus Ing Salebeting Pangajeng-ajeng.” Jejer punika kapiji sesambetan kaliyan kawontenaning bangsa kita methuk Pemilu Februari 2024. Mugi kita tansah ngandhemi pangajeng-ajeng tumrap kawontenaning bangsa ingkang lestantun saé lumantar Pemilu kasebat kanthi dhasar iman kapitadosan kita dhumateng Sang

Kristus, ingkang sampun miyos ing jagad paring pangajeng-ajeng.

Mugi buku punika munpangati lan saged asung gagasan dhateng pasamuwan nalika sami nyamektaaken Mangsa Advèn Natal ing grèjanipun piyambak-piyambak. Pramila punika pasamuwan sapapan kaaturan ngolah malih bahan-bahan ing buku punika kacundukaken kaliyan kawontenan saha kabetahaning pasamuwan piyambak-piyambak.

Wilujeng nyamektaaken Advèn Natal. Gusti Yésus Sang Juruwilujeng mugi tansah mberkahi kita sedaya.

Ngayogyakarta Hadiningrat,
Pungkasaning Agustus 2023
Salam katresnan ing Sang Kristus,
Kawula ingkang wonten ing LPP Sinode,

Pdt. Wisnu Sapto Nugroho
Pdt. Murtini Hehanussa

Dhaptar Isi

Atur Sapala i

Dhaptar Isi..... iii

Bahan Khotbah

Minggu Advèn I [3 Dhésèmber 2023]	1
Minggu Advèn II [10 Dhésèmber 2023]	9
Minggu Advèn III [17 Dhésèmber 2023]	13
Minggu Advèn IV [24 Dhésèmber 2023]	19
Malem Natal [24 Dhésèmber 2023]	25
Natal [25 Dhésèmber 2023]	31
Minggu Sapisan Sasampunipun Natal [31 Dhésèmber 2023].....	37
Dalu Dungkap Pungkasaning Warsa [31 Dhésèmber 2023]	45
Warsa Anyar [1 Januari 2024].....	51
Minggu Pambaptisan [7 Januari 2024].....	59

Bahan Tata Pangibadah

Minggu Advèn I [3 Dhésèmber 2023]	63
Minggu Advèn II [10 Dhésèmber 2023]	71
Minggu Advèn III [17 Dhésèmber 2023]	79
Minggu Advèn IV [24 Dhésèmber 2023]	87
Malem Natal [24 Dhésèmber 2023]	97
Natal [25 Dhésèmber 2023]	105
Minggu Sapisan Sasampunipun Natal [31 Dhésèmber 2023].....	123
Dalu Dungkap Pungkasaning Warsa [31 Dhésèmber 2023]	131
Warsa Anyar [1 Januari 2024].....	139
Minggu Pambaptisan [7 Januari 2024].....	145

Bahan Panyuraos Kitab Suci Intergenerasional

Panyuraos Kitab Suci Intergenerasional 1	151
Panyuraos Kitab Suci Intergenerasional 2	157

Bahan Pakempalan Pandonga

Pakempalan Pandonga 1	163
Pakempalan Pandonga 2	169
Pakempalan Pandonga 3	173
Pakempalan Pandonga 4	177
Pakempalan Pandonga 5	185
Pakempalan Pandonga 6	191

BAHAN KHOTBAH

*Minangka satunggaling bakalan, punapa ingkang
kacawisaken ing buku punika prelu dipun olah
malih jumbuh kaliyan kawontenanipun
pasamuwan piyambak-piyambak*

KHOTBAH
Minggu Advèn I
Minggu, 3 Désèmber 2023

Waosan 1: Yésaya 64:1-9
 Tanggapan: Masmur 80:1-7,17-19
 Waosan 2: 1 Korintus 1:3-9
 Injil: Markus 13:24-37

Nyrantos ing
Salebeting
Pangajeng-ajeng
lan
Sumarahing
Manah
 ☸☸☸

KHOTBAH JANGKEP

**“Nyrantos ing Salebeting Pangajeng-ajeng lan
 Sumarahing Manah”**

Pasamuwan ingkang dipuntresnani lan nresnani Gusti Yésus Kristus.

Wiwit Minggu punika kita sami lumebet ing Mangsa Advèn lan Natal (MAN) 2023. Supados kita sami nggadhahi pangertosan dalah sikep ingkang sami ing salebetipun ngraos-raosaken maknanipun mangsa Advèn, mila ing salebeting Minggu Advèn ingkang sepisan punika, kita badhé sami suka wangsulan dhateng sawatawis pitakènan ing ngandhap punika:

- Punapa ta tegesipun Advèn?
- Benjing punapa Mangsa Advèn lan Natal (MAN) 2023 dipunleksanani?
- Kados pundi sikep ingkang trep kanggé nglampahi mangsa Advèn?
- Punapa maknanipun Advèn tumrap kita sadaya?

1. Punapa tegesipun Advèn?

Tembung Advèn punika asalipun saking tembung basa Latin “Advèntus” ingkang ngemu teges “rawuh”. Ing mangsa kapengker, tembung punika dipunanggé kanggé mapag

rawuhipun Sang kaisar (raja agung) ingkang sampun kaanggep kadosdéne déwa. Ing mangsa salajengipun, tembung punika ugi dipun anggé déning para pandhèrèkipun Kristus kanggé mratélakaken pangakenipun bilih Kristus punika Ratu lan Gusti.

2. Bénjing punapa Advèn lan Natal 2023 dipunleksanani?

Mangsa Advèn dipunleksanani 4 minggu sadèrèngipun Natal (3 Desember 2023) lan dipunpungkasi ing dinten Minggu sadèrèngipun Natal, ingkang ing taun punika kaleresan dhawah ing dinten Minggu 24 Desember 2023. Mangsa Advèn punika mujudaken wekdal kanggé mulad sarira minangka pacawisan mapag rawuhipun Sang Kristus, punapadéné jaman wekasan, jumbuh kaliyan pangrantosipun bangsa Israèl nalika samanten dhateng rawuhipun sang Mesih kados ingkang kawartosaken wonten ing kitab Prajanjian Lami.

Mangsa nyrantos punika asring dipuntandhani wontenipun Krans Advèn, inggih punika reroncèning ron-ronan ingkang sarwa ijem warnipun, ingkang katata bunder rinangga ing lilin cacah sekawan. Sanadyan krans advèn punika kakarsakaken dados pratandha lumampahing mangsa, kathah pasamuwan ingkang suka makna saben lilin punika kanthi jejer-jejer mirunggan kados ta: “lilining pangajeng-ajeng, pracaya, kabingahan lan katresnan”

Sasampunipun wanci Advèn rampung ing dalu ndungkap Natal, lajeng lumebet ing wanci Natal ingkang kawiwatan sarana ngawontenaken pangibadah Natal ing 25 Desember 2023 ngantos dumugi Minggu Yésus kabaptis ing 7 Januari 2024. Kados padatan, ing salebeting mangsa Advèn lan Natal 2023 punika, kita sadaya kaajak nindakaken reroncèning acara kados upaminipun: tetunggilan ing pandonga, panyuraos Kitab Suci, lan acara-acara sanèsipun ingkang saged kacawisaken déning pasamuwan.

3. Patrap ingkang trep kanggé mapag Mangsa Advèn.

Mangsa Advèn tahun 2023 punika dados wekdal ingkang mirunggan nanging ugi perlu dipunwaspadani awit wekdalipun kalampahan ing satengah-tengahing mangsa kampanye Pemilu

capres lan caleg tahun 2024. Déné jejer ageng Mangsa Advèn lan Natal 2023, inggih punika: “Mapag Rawuhipun Sang Kristus ing Salebeting Pangajeng-ajeng”. Jejer punika ngajak kita sadaya ing satengah-tengahing pacawisan ngleksanani Pemilu 2024 sarana nampèni Sang Kristus kadosdéné ingkang ugi katindakaken déning para pangèn ingkang nanggapi pawartosipun para malaékat. Para pangèn punika sami bidhal saprelu sujud wonten ngarsanipun Kristus ingkang nembé miyos. Kristus ingkang sejatosipun sang Mesih, ingkang Jinebadan, Juru Wilujeng lan Gusti. Tembung “mapag” nggadhahi teges: nampèni, mratélakaken sikep, methuk rawuhipun lan nyambeti. Tembung kasebat ugi nggadhahi makna ngaosi, ngurmati, saha purun narbuka manah. Dados para pangèn kasebat sami purun nampèni, nanggapi lan mapag Sang Kristus kanthi manah ingkang kebak raos urmat, saha kanthi manah ingkang tinarbuka kagem Yésus Kristus.

Ing Minggu Advèn ingkang kapisan punika, kita badhé nyinaoni cara gesangipun pasamuwan ingkang wiwitan ing bab anggènipun sami mapag rawuhipun Gusti Yésus. Pasamuwan ingkang wiwitan sami ngajeng-ajeng supados Sang Krisus énggal rawuh malih dhateng jagad punika. Pangajeng-ajeng punika saèstu kiyat sinartan kapitadosan ingkang kekah bilih nalikanipun Sang Kristus rawuh malih, sadaya tiyang pitados badhé sami lumebet dhateng pagesangan ingkang énggal kanthi “langit lan bumi ingkang anyar”, ingkang sarwa kebak kabingahan, katentreman lan karaharjan; inggih punika gesang kaswargan ingkang sampun dipunantu-antu kados ingkang sinerat wonten ing Injil Markus 13: 24-37.

Pérangan sabda punika kapérang dados kalih, ingkang ngemot pepènget lan pitutur. Ing pérangan ingkang kapisan panyerat Injil Markus maringi gambaran bab kados pundi kelampahanipun Putranipun Manungsa punika rawuh ing jagad punika. “Ananging ing wektu iku, sawisé kasangsaran mau kelakon, srengéngé bakal dadi peteng lan rembuan ora bakal sumunar sarta lintang-lintang bakal padha tiba saka ing langit, apadéné pikukuhing langit bakal padha gonjing. Ing nalika iku wong bakal padha weruh Putraning Manungsa rawuh nitih méga

kalawan ngagem sakabèhing panguwasa lan kamulyané. Ing wektu iku uga para malaékaté bakal kadhawuhan metu nglumpukaké para pepilihané saka ing kéblat papat, wiwit ing wekasaning bumi nganti tekan ing wekasaning langit”. (Mark. 13:24-27).

Saking gambaran punika, kita sadaya saged nyeksèni bilih nalika Putraning Manungsa (sebatan kagem Gusti Yésus) rawuh, kawontenan ing bumi punika nembé wonten ing salebeting kawontenan ingkang mboten saé, inggih punika kalimputan ing pepeteng lan gonjang-ganjing ingkang saèstu nggegirisi. Éwa samanten, kawontenanipun dados béda nalikanipun Putranipun Manungsa ngrawuhi; bumi kasunaran ing pepadhang kairing ugi déning para malaékatipun ingkang mangkénipun badhé ngempalaken sadaya tiyang pepilihanipun saking sadaya poncoding bumi. Dados ing pérangan ingkang sapisan punika, kagambaraken bab karisakan ingkang saèstu nggegirisi, déné ing pérangan kaping kalih dipungambaraken bab kamenangan awujud makempal lan nyawijinipun para pepilihanipun Allah.

Émanipun, bénjing punapa Putranipun Manungsa ingkang badhé nganyaraken langit lan bumi punika saèstu rawuh, mboten wonten satunggal tiyang kémawon ingkang mangertos. Malah Putranipun Manungsa piyambak inggih mboten pirsá, namung wonten satunggal ingkang maha mirsá, inggih punika Allah Rama piyambak. Inggih awit saking punika mila Gusti Yésus nimbali sadaya tiyang supados sami gesang kebak kawicaksanan, kebak ing pangatos-atos lan ugi tansah jumaga. Punika sadaya dipunterangaken wonten ing pérangan ingkang kaping kalih (ayat 30-37). Wonten ing pérangan punika, Gusti Yésus nggambaraken rawuhipun Putraning Manungsa kadosdéne bendara ingkang nembé kekésahan kanthi masrahaken tanggel-jawab karaharjanipun griya dalah sadaya isinipun dhumateng para abdinipun.

Saking gambaran punika kita sadaya sami dipun èngetaken bilih ngéngingi wekdalipun sang bendara rawuh, punika mboten saèstu wigatos sanget. Inggih punika bilih kita sadaya nindakaken kanthi kebak tanggel

jawab punapa ingkang sampun kapitadosaken déning sang bendara dhateng kita satunggal lan satunggalipun kanggé kawilujenganing brayatipun (griyanipun – Yunani: *oikos*). Ing salebeting ilmu *oikomenika*, tembung *oikomenē* asal usulipun saking tembung Yunani *oikos* ingkang tegesipun griya (omah) lan *menē* ingkang ateges *dedalem*. Tembung *oikos* ingkang ateges omah utawi griya punika saged mralambangaken kalih pangertosan, inggih punika pasamuwan minangka *oikos* utawi griyanipun sadaya tiyang ingkang pitados dhateng Gusti Yésus, lan ugi bumi minangka griya padalemanipun sadaya ingkang tumitah wonten ing bumi punika. Wonten ing wekdal punika kita langkung sarujuk mangertosi makna *oikos* minangka bumi papanipun sadaya ingkang tumitah sami manggèn lan kapapanaken. Ing wekdal samangké kita ugi sami nyeksèni bilih kawontenanipun bumi samangké nembé mboten saé. Bumi punika sampun kapasrahaken tanggel jawab pangrimatipun dhateng kita para manungsa. Kita sadaya sami dipun pitados ngrawat, ngrimati lan nebihaken bumi saking sadaya karisakan, temah sadaya ingkang sami manggèn ing salebeting bumi badhé ngraosakan katentreman, kaadilan lan ugi ing salebeting sesambetan ingkang “ayu” kados sesanti jawi “Amemayu ayuning bawana”.

4. Maknanipun Advèn kanggé kita sadaya.

Ngétang-étang dinten kaleksananipun “jaman wekasan” saged dados prekawis ingkang ngremenaken. Inggih awit saking punika mila lajeng kathah tiyang ingkang nyobi ngothak-athik kaleksananipun dinten “wekasan” punika, sarana netepaken dinten, tanggal lan tahunipun “jaman wekasan” punika badhé kalampahan. Éwa samanten, sadaya othak-athik kalawau mboten wonten ingkang leres lan mboten saged dipun pitadosi. Pramila Gusti Yésus kepareng ngènetaken kanthi cetha: “Ora ana sing mangertèni mbénjang punapa iku mau kabèh bakal kaleksanan”. Panjenenganipun pribadi minangka Putraning Manungsa ugi mratélakaken menawi mboten mangertos, awit bénjang punapa jaman wekasan punika kalampahan, sanès kapreluanipun manungsa. Punika dados kekeranipun Allah piyambak. Ing

salebeting kawontenan ingkang makaten punika, ingkang prelu tumrap manungsa, sanès bab mangertosi titi wancinipun jaman wekasan kalampahan, nanging antebing tekad kanggé nglampahi gesang miturut karsanipun Allah, inggih punika “tetep makarya ing satengah-tengahing bumi ingkang nembé wonten ing salebeting kawontenan mboten saé punika, sinambi migatosaken makna ingkang sinimpen ing salebeting prekawis ingkang sampun, nembé lan badhé kalampahan ing gesang padintenan samangké. Kathah pandamel saé ingkang saged kita ujubaken jumbuh kaliyan papan lan tanggel jawab kita piyambak-piyambak ing satengahing brayat, pasamuwan lan masyarakat ageng. Bab benjing punapa jaman wekasan badhé kalampahan, kita pasrahaken sawetahipun wonten ing kawicaksananipun Allah Hyang Manon. Tanggel jawab lan kewajiban kita inggih punika nindakaken pakaryan kasaénan sinaringan nyrantos rawuhipun Gusti ing salebeting pangajeng-ajeng lan sumarahing manah dhateng Panjenenganipun.

Sasisihipun punika, ing salebetipun nindakaken pakaryan kasaénan, ugi prelu dipunleksanani adhedhasar wataking abdi, ingkang tansah tumindak kanthi pangatos-atos lan mboten grusa-grusu punapadéné sembrana ing lampah gesang, sinartan sikep jumaga lan waspada. Sikep lan lampah gesang ingkang makaten punika mboten mbetahaken pangertosan bab wekdal mbénjang punapa Sang Bendera badhé rawuh. Awit punapa ingkang saèstu prelu lan saé rak sampun katindakaken ing salebeting gesangipun, inggih punika nindakaken kasaénan kinanthènan sikep jumaga lan waspada? Punapa paédahipun mangertosi wekdalipun sang Bendera rawuh menawi mboten nglampahi gesang ingkang saé kados makaten? Punapa tiyang ingkang makaten kalawau mboten badhé kaanggep minangka abdi ingkang namung sadremi mangertos mbénjang punapa bendaranipun rawuh, nanging anggènipun nglampahi gesang jebul malah sembrana lan tebih saking sikep wicaksana? Nglampahi gesang kanthi sembrana saged nyilakakaken dhiri pribadi.

Sambet kaliyan Pemilu tahun 2024, sikep sembrana kita ing salebeting nemtokaken pamilih kita tumrap calon pangarsa

saged ngrugèkaken dhiri kita piyambak, malah ugi bangsa kita. Mboten migunakaken hak pilih kita alias GOLPUT ugi mujudaken sikep ingkang sembrana. Awit menawi tiyang ingkang saé sami dados GOLPUT, punika tegesipun bangsa lan negari kita punika nembé kita pitadosaken dhumateng tiyang-tiyang ingkang mboten saé, ingkang sami migunakaken hak pilihipun. Punapa ingkang badhé kedadosan menawi tiyang ingkang mboten saé dados pangarsa lan nuntun gesanging bangsa lan negari? Kita sadaya minangka bangsa ageng mesthi badhé ngalami rugi ingkang mboten saged kaukur. Awit saking punika, panyuwun saking mimbar punika, inggih punika supados kita sadaya mboten dados GOLPUT.

Dados, ing salebeting mangsa Advèn punika, sumangga kita nganyaraken sikep gesang supados langkung wicaksana, kebak pangatos-atos, langkung migunani tumrap sesami, sangsaya saé ing lampah gesang padintenan lan sangsaya kebak kawaspadan. Sugeng lumebet ing Mangsa Advèn Natal 2023, Gusti Yésus mberkahi. Amin.

[SBH/YTD]

KHOTBAH**Minggu Advèn II***Minggu, 10 Désèmber 2023*

Waosan 1: Yésaya 40:1-11
 Tanggapan: Masmur 85:2-3, 9-14
 Waosan 2: 2 Pétrus 3:8-15
 Injil: Markus 1:1-8

Panjenenganipun
Rawuh Awit
Sih-
Katresnanipun

**KHOTBAH JANGKEP****Panjenenganipun Rawuh Awit Sih-Katresnanipun**

Saben tiyang mesthi gadhah adreng lan dhasar alesan nali-
 ka badhé tumindak. Menawi tumindak mligi namung adhedhasar
 nindakaken kuwajiban kéwala, saged ugi punapa ingkang sampun
 katindakaken kalawau mboten badhé katindakaken malih. Kosok-
 wangsulipun, mboten makaten manawi tiyang tumindak adhe-
 dhasar katresnan. Kajawi nindakaken punapa ingkang kawawas
 paling saé, saged kémawon tiyang kalawau badhé nindakaken
 malih makaping-kaping, langkung-langkung manawi tumindak
 kalawau katampèn kanthi bingah. Kejawi punika kwalitèt lan
 grengsengipun mboten sami. Tiyang saged kémawon tumut resesik
 plataran utawi wewengkon padhusunan awit wonten acara gotong
 royong, nanging sasampunipun gotong royong kalawau rampung,
 lajeng mandheg mboten nindakaken resesik malih. Punika béda
 kaliyan manawi tiyang ngresiki palataranipun piyambak, ingkang
 badhé tansah katindakaken awit tiyang kalawau ngraosaken remen
 manawi palataranipun tansah resik katingal asri. Awit saking
 remen dhateng kawontenan ingkang sarwa resik lan asri kalawau,
 mila tumindak resesik kalawau badhé tansah katindakaken ing
 saben wekdal.

Dinten punika kita badhé sinau tigang prekawis saking
 Sabdanipun Gusti:

1. Awit Saking Sih-Katresnan

Sampun kaping pinten kémawon umatipun Gusti damel sekel galihipun Gusti? Kalepatan ingkang sami katindakaken, sampun kathah ngantos sami nampèni paukuman tikel kaping kalih awit saking sadaya dosanipun (Yés. 40:2).

Awit saking sadaya dosanipun punika, umat Israèl dados ringkih lan mboten nengsemaken. Kawontenan ingkang makaten punika saèstu mboten “bingahaken”, mboten wonten bathinipun manawi badhé nglamar bangsa punika. Pramila bangsa kalawau lajeng kagambaraken kadosdéné “suket ingkang garing, lan kembangipun sami alum”. Inggih ing kawontenan makaten punika kita sami pikantuk dhasar ingkang kekah bilih punapa ingkang mesthinipun mboten nengsemaken punika tetéla mboten dados pepalang kagem Gusti Allah tetep ngatingalaken kasetyanipun. Gusti kalawan sabdanipun ingkang langgeng salaminipun punika, tetep nresnani lan kebak kasetyan dhateng umat Israel ingkang kathah nindakaken dosa punika. Umat ingkang mesthinipun sampun mboten nengsemaken galih punika, tetep katampin kadosdéné panthaning ménda ingkang kakempalaken lan dipun tresnani dalah dipun ayomi déning Sang Pangèn inggih punika Allah piyambak. Allah minangka Pangèn Agung tansah samapta mangku ménda-méndanipun manawi nembé sami ngraosaken sayah tanpa daya (Yes. 40: 11). Punika sadaya kalampahan namung awit sih-sutresnanipun; sih-sutresna ingkang anjalari Alah tetep samapta rawuh paring pitulungan dhateng umatipun sanadyan umatipun punika nggadahi kathah kakirangan.

2. Mboten Namung Keplok Sasisih

Kathah tiyang ingkang sami andon katresnan nanging mboten pikantuk tanggapan alias kepok sasisih. Punika saged anjalari lairipun sesambetaning katresnan ingkang “kapeksa”, ingkang ringkih lan gampil sanget pedhot. Katresnan ingkang kapeksa ugi saged anjalari lairipun tumindak nylèwèng utawi mboten saged ngalami sesambetaning gesang ingkang mesthinipun kebak kabingahan.

Kabingahan ingkang dipunprasetyakaken déning Allah rak asring mboten kalampahan wonten ing gesang kita? Punapa sababipun? Mesthi kémawon punika kalampahan awit kita sami mboten asung panjawab dhateng sih-sutresnanipun Allah. Allah tansah asih lan setya tuhu dhumateng kita sadaya, nanging kosok wangsulipun kita sadaya mboten makaten. Pangandikan-ipun Gusti: “Nyawisna margi kagem Sang Yéhuwah”.

Pangandika ing nginggil ngènetaken kita sadaya supados migatosaken lan nyawisaken margi ingkang mboten namung winates kanggé sesambetan kita kaliyan sesami nanging ugi kagem Gusti. Kacawisna margi kagem Gusti sarana nglempengaken margi ingkang ménggak-menggok dalah ingkang mendhak mendhukul dipunwaratakaken.

Gusti badhé rawuh malih, lan sejatosipun ugi sampun rawuh wonten ing Sang Kristus. Wangsulana kita ingkang prayogi inggih punika nyawisaken margi kagem Panjenenganipun. Maknanipun rawuhipun Gusti ing dinten Natal èstunipun gumantung kaliyan pacawisaning margi punika. Margi punika inggih kita sadaya punika. Panjenenganipun dedalem wonten ing gesang kita, ing brayat kita, ing bangsa kita. Margi ingkang mendhak mendhukul awit wontenipun raos memengsahan, ngendhem sengit, gumunggung lan sapiturutipun, kedah dipunrampung. Margi ingkang mboten lempeng awit wontenipun tumindak apus-apus, korupsi, meres lan nindhes ingkang ringkih, dalah tumindak mboten adil kedah dipunsingkiraken.

3. Nggemèni Kalonggaraning Wekdal

“Kasabarané Gusti kita anggepen minangka kalonggaran tumrap kowé kabèh, supaya olèh karahayon” (2 Petrus 3:15).

Kairos, satunggaling kalonggaraning wekdal ingkang mboten badhé kalampahan malih! Mboten badhé kawangsulan malih Sampun ngantos wonten katresnan ingkang semu Punika tanpa gina. Tanpa katresnan, sadayanipun muspra, mboten wonten ginanipun.

Gusti Allah tansah sumadhiya paring pangaksama dhateng umatipun ingkang sampun makaping-kaping damel

sekel galihipun. Sadayanipun katindakaken déning Allah awit katresnanipun. Nanging kita kaengetaken bab “kasabaranipun Allah”. Ingkang cetha, sadaya punika wonten wancinipun, wonten katetepanipun, lan wonten watesipun. Saged ugi Gusti Allah mboten matesi, nanging gesang kita wonten ing jagad punika winates. Manawi kita mboten sami nggemèni kolanggaraning wekdal ingkang wonten kanthi prayogi, kita saged katelasan wekdal.

Kalonggaraning wekdal mboten badhé kalampahan malih. Mila sumangga kita sami lantip ing pangraos lan waspada. Benjing punapa wekdal samukawis ing jagad punika kapulihaken- saged ugi wekdalipun saèstu cekak, nanging manawi taksih panjang, sumangga kita sami sabar. Ingkang cetha, Gusti Allah mboten naté supé dhateng sadaya janji-janjinipun. Sadaya prajanjinipun badhé tansah dipunjangkepi.

Punika wekdalipun kanggé kita sadaya ndandosi gesang, punika wekdalipun Allah mratélakaken kasabaranipun supados kita sadaya mboten sami manggih karisakan. Kita sami kaker-sakaken sami mratobat. Sampun ngantos kita sadaya samangké sami mboten migunakaken kanthi wicaksana wekdal kalonggaran ingkang kaparingaken déning Allah. Wekdal samangké taksih kathah panandhang, nanging tembénipun badhé kabangun langit lan bumi ingkang anyar.

(Mulad sarira: mirengaken lan ngayati maknaning lagu pepujèn: “Hidup ini adalah kesempatan”) ... Amin.

KHOTBAH**Minggu Advèn III***Minggu 17 Desember 2023*

Waosan 1: Yésaya 61:1-4, 8-11

Tanggapan: Jabur Masmur 126

Waosan 2: 1 Tésalonika 5:16-24

Injil: Yohanes 1:6-8, 19-28

**Reresik Manah
Nambut
Pangajeng-ajeng**
☸

KHOTBAH JANGKEP**“Reresik Manah Nambut Pangajeng-ajeng”**

Minggu Advèn kaping tiga ing salebeting almanak/pananggalan gréja, ugi kasebat *Gaudate* ingkang jarwanipun sukarena, awit lelampahan pangajeng-ajeng ing Gusti sangsaya caket. Sanadyan makaten taksih wonten Minggu kaping sekawan ingkang nedahaken bilih mangsa Advèn kadya satunggaling lelampahan ingkang dèrèng ketingal ancasipun, mila taksih prelu terus dipun-udi. mBokmenawi ing salebeting lelampahan punika kita ngadhepi geguletaning manah ingkang awrat, dalah pangajeng-ajeng ingkang dèrèng kelampahan.

Advèn Minggu kaping tiga punika Minggu *Gaudate* utawi Minggu sukarena. Ananging kadospundi menawi kita saweg dumunung ing kawontenan ingkang awrat saha mboten ketingal wontenipun tetenger éwah-éwahan saé. Upaminipun wonten ingkang sakit mbabayani ananging mboten énggal dados saé malah sangsaya mbabayani mangka sampun nelasaken wragad ingkang kathah kanggé pangupakara. Upaminipun sesambetan ing salebeting brayat kegangu amargi kegelan, kawontenanipun mboten ketingal sangsaya saé malah sangsaya samidéné sujana. Kawontenaning ékonomi mboten sangsaya dados saé ananging malah sangsaya tambah awrat.

Punapa kita saged ngraosaken kawontenan kados makaten punika kanthi sukarena?

Ing Jabur Masmur 126, irah-irahan sukarena dipun-rangké dados pangajeng-ajengipun tiyang ing kawontenan prihatos. Among tani ingkang nyebar wiji kalayan mbrebes mili ngajeng-ajeng badhé ngenèni kalayan giyak-giyak, amargi panènanipun saé tur lubèr. mBoten wonten ingkang nanggèl menawi panènanipun temtu saé, ananging tetep nyebar wiji amargi wonten pangajeng-ajeng. Masmur punika kidung pandonga ing salebeting kawontenan raos rumaos, bilih pancèn umat manungsa punika mbetahaken pamulihan saking Allah ing salebeting ngadhepi kawontenan ingkang mbebayani. Advèn ingkang methukaken Natal ugi ngènetaken malih dhateng pangajeng-ajeng menggahing pamulihan saking Allah, amargi kita badhé tansah mbetahaken pamulihan saking Allah.

Sampun temtu kita mboten saged bingah amargi karubedan, ananging kita saged bingah amargi sanadyan nandhang karubedan ananging tetep wonten pangajeng-ajeng. Pancèn pangajeng-ajeng maringi kakiyatan kanggé kita. Ananging saged kalampahan bilih kasunyatan ingkang mboten cocok kaliyan pangajeng-ajeng, malah nuwuhaken kecuwan utawi mbokmenawi pedhoting pangajeng-ajeng. Rak tiyang ingkang nggadhahi pangajeng-ajeng ingkang ageng nalika kasunyatan ingkang dipun adhepi cengkah, badhé langkung ageng kuciwanipun kabandhingaken kaliyan tiyang ingkang mboten ngajeng-ajeng menapa-menapa?

Menawi kita nggadhahi pangajeng-ajeng kanthi leres, mila pangudi saha pambudidaya ingkang kita tindakaken saged maringi makna tuwin mboten ndadosaken kita dipun kuwaosi raos kecuwan lan pangresula. Kanggé punika, kita prelu ngrumaosi bilih pangajeng-ajeng ing salebeting Gusti mbetahaken manah ingkang resik kanggé ngupadi Karsanipun Gusti. Saged kelampahan pangajeng-ajeng kita sayektosipun sanès pangajeng-ajeng ing salebeting Gusti ananging pangajeng-ajeng ingkang underanipun namung pepénginan dhiripribadi utawi malah *ambisi*, adrenging pepénginan kanggé nggayuh gegadhanganipun.

Temtu badhé wonten bédhanipun nalika kita ngraosaken kawontenan ingkang ing satengahing pangajeng-ajeng, awrat

tuwin dèrèng wonten tetenger dhatengipun éwah-éwahan saé. Ing salebeting manah ingkang ngupadi karsanipun Gusti Allah, kita badhé dipunsagedaken maringi makna tumrap kanyataning gesang minangka satunggaling prosès pangresikan saha kasagedaken nglampahi prosès punika kanthi bingah. Ananging kanggé ingkang pangajeng-ajengipun adhedhasar pepéngina-ning dhiri badhé kangèlan ngraosaken tentrem rahayu punapa malih bingah. Mila ing Minggu *Gaudate*, Minggu sukarena punika sumangga kita ngraosaken pangresikaning manah kita saking *ambisi-ambisi* dhiri. Malah kanthi reresik manah kita saged kaagem dados seksinipun Gusti ngantos gesang kita langkung wonten maknaipun.

Advèn punika wekdal nengga kababaring Rahmatipun Gusti Allah. Salah satunggaling bab ingkang ndadosaken kita kangèlan ningali Rahmatipun Allah inggih punika amargi kita matesi dhiri dados péhak ingkang namung nampèni Rahmatipun Allah, lan dèrèng dados péhak ingkang ndumugèkaken Rahmatipun Allah dhateng asanès. Awit saking punika, kita prelu reresik manah kita saking *ambisi* dhiri kanggé ngupadi Karsanipun Gusti Allah saha cumawis kautus déning Gusti Allah.

Waosan Injil Minggu punika, ngetingalaken Yohanes pambaptis minangka seksi utami tumraping Gusti Yésus minangka Mésias. Gusti Yésus ingkang “Ing kala purwa Sang Sabda, wus nunggil karo Allah, sarta Sang Sabda iku Allah” (Yoh. 1:1-2). Menawi mirsani cariyosipun Injil Lukas, kita pikantuk pawartos bab sesambetan antawisipun Yohanes pambaptis kaliyan Gusti Yésus ingkang mirunggan sanget, awit sesambetan kasebat dumados wiwit Yohanes kaliyan Gusti Yésus taksih wonten ing kandhutan (Luk. 1:26-38).

Kadospundi menggah idhèntitas utawi jati dhirinipun Yohanes pambaptis? Injil Yohanes 1:6 paring paseksi, “Ana priya rawuh kautus déning Allah, asmané Yohanes.” Gusti Allah ngutus Yohanes pambaptis dados seksi tumraping Gusti Yésus, Sang Pepadhang ingkang ngrawuhi jagat ingkang peteng, supados sadaya tiyang sami pitados. Sayektosipun Yohanes pambaptis sampun langkung rumiyin misuwur tuwin kagungan kawibawan ing ngajengipun tiyang kathah. Ananging nalika

dipun dangu menggah idhéntitasipun, Yohanes pambaptis nandhesaken bilih piyambakipun sanès Mésias, utawi sanè nabi kadosdéné Élia, utawi nabi Musa (Yohanes 1:19-21). Kosokwangsulipun, Yohanes pambaptis netepaken tetengering dhirinipun “...Aku iki swarané wong kang nywara sora ana ing pasamunan: Padha nglencengna margi ambah-ambahané Pangéran!...” (Yoh. 1:22-23, methik Yés. 40:3). Ing ngriki ketingal cetha bilih Yohanes ngresiki manahipun saking *ambisi* dipun-urmati lan dipun-gumuni, sanadyan sayektosipun Yohanes gadhah wewengan kanggé ngetingal damel sengsemipun tiyang kathah.

Minggu Advèn kaping tiga punika wewengan mirunggan kanggé kita netepaken jatidhiri kita, minangka tiyang pitados ingkang tinimbangan déning Gusti Allah. Kadosdéné Yohanes, Gusti Allah ngutus kita supados saged tumindak kanthi resiking manah minangka seksi tumraping Gusti Yésus Kristus. Punika pangajeng-ajeng ing salebeting Gusti ingkang nyagetaken kita ngadhepi geguletaning gesang minangka prosès reresik manah nambut pangajeng-ajeng.

Serat 1 Tésalonika 5:16-24 nggayutaken pangresikan ingkang sampurna (*oloklēron*) kaliyan rawuhipun Gusti Yésus Kristus (*parusia*). Ing ngriku wonten kayakinan bilih “Gusti Allah ingkang kagungan tentrem-rahayu” badhé ngreksa “roh, jiwa tuwin badan” kita. Saben pérangan saking dhiri kita, inggih punika roh, jiwa, tuwin badan, badhé kajagi katulusanipun tanpa cacad saperlu nambut rawuhipun Sang Kristus. Ing ayat-ayat punika Rasul Paulus nyebat manungsa nggadhahi tigang pérangan; roh, jiwa, tuwin badan. Padatanipun Rasul Paulus namung nyebat kalih péranganing manungsa: roh dalah badan (1 Kor. 5:3,4). Punika mbokmenawi amargi ing ngriki Rasul Paulus nandhesaken bab sadaya péranganing manungsa.

Wonten ing gesang padintenan kita mrangguli wonten tiyang-tiyang ingkang nggadhahi sikap rohani ananging mboten sacara nyata nglampahi tumindaking jasmani kanggé ngudi pangajeng-ajengipun. Wonten ugi tiyang ingkang nyrempeng sanget kanthi temen-temen sacara jasmani ananging rohipun garing ngantos gesangipun kapenuhan pangresula saha mboten

wonten maknanipun. Mila Rasul Paulus mituturi supados kita ugi nggatosaken kanthi wetah imbangan antawisipun pangajeng-ajeng sacara wajar lan keda jiwa ingkang kapenuhan raos sokur. Jiwa kita kedah pasrah ananging mboten sumarah nglokro amargi kita saged negesi saben kangèlan minangka satunggaling prosès pangresikaning manah ingkang wonten maknanipun.

Wonten kalih bab sesambetan kaliyan pangresikanipun umat: Kapisan, wonten katresnanipun Gusti Allah ingkang njagi kita resik tanpa cacad. Wonten ing wiwitaning serat, Rasul Paulus nyebat tiyang pitados ing Tésalonika minangka "kang kinasihan déning Allah" sarta "minangka ingkang pinilih" (1 Tésalonika 1:4). Kaping kalih, pangresikan punika tanggel jawab kita kanggé èstu-èstu mbudidaya, amargi rawuhipun Gusti (*parusia*) punika pisandamel minangka pangadilanipun Gusti Allah.

Jejibahan kita minangka tiyang pitados inggih punika ngeneraken gesang sawetahipun dhateng kamurnèn ingkang sampun dipun tawèkaken déning Gusti Allah. Upaminipun tansah bingah-bingaha, mboten kendhat anggènipun ndedonga, ngunjukaken panuwun ing sabarang prakawis, kanggé nindak-aken ingkang saé tuwin nyingkiri sarupining piawon. Punika sadaya wau dados gegambaran anggèn kita nambut utawi nampèni pangajeng-ajeng ing salebeting Gusti. Rasul Paulus mesthèkaken bilih Gusti Allah kebak ing sih-rahmat tuwin tuhu setya. Ananging ing sisih sanès kita prelu nambut utawi nampèni rahmatipun Allah kanthi suka rena ing salebeting katemenan saha kamurnèning manah.

Amin.

[WD-DEN]



KHOTBAH
Minggu Advèn IV
24 Desember 2023 (énjang)

Waosan 1: 2 Samuèl 7:1-11, 16
 Tanggapan: Lukas 1:46-55
 Waosan 2: Roma 16:25-27
 Injil: Lukas 1:26-38

Ngantos-antos
Wontening
Pambangun-turut
 ☸

KHOTBAH JANGKEP

“Ngantos-antos Wontening Pambangun-turut”

Ing satunggaling cariyos, wonten mitra kalih ingkang saweg prèinan sesarengan. Dumugi ing setasiun sepur (palèrènan sepur), mitra kalih wau mireng kabar ingkang mboten ngremenaken, bilih sepur ingkang badhé dipun-titihi telat ngantos dumugi wekdal ingkang dèrèng saged dipun-temtokaken amargi wonten bancana bena ageng. Mitra kekalih punika ugi kapeksa nengga dangu ing setasiun sesarengan kaliyan atusan tiyang sanèsipun ingkang ugi badhé numpak sepur punika. Sampun setengah jam nengga, ananging dèrèng wonten kabar. Satunggal jam sampun lumampah, ugi tanpa wonten kabar, ngantos mèh kalih jam tiyang-tiyang wau nengga, ananging péhak setasiun dèrèng saged mesthèkaken dhatengipun sepur. Salah satunggaling mitra punika wiwit nepsu saha muring. *Baterai handpone* iipun sampun mèh telas. Piyambakipun ugi rumaos mboten sekéca badanipun amargi kawontenan bentèr, lan wongsal-wangsul piyambakipun sesarengan kaliyan *penumpang* sanèsipun ngintun protés sereng dhateng tiyang ingkang nggadhahi bebahan ing setasiun. Ananging bènten prakawisipun kaliyan mitra satunggalipun malih. Mitra satunggalipun punika ugi ngraosaken kawontenan mboten sekécanipun nengga, ananging piyambakipun mboten ngetingalaken titikan muring. Mitra ingkang muring punika tumunten takèn: “Kowé kok bisa anteng-anteng waé ana ing

kahanan kang kaya mangkéné?” Mitranipun lajeng njawab: “Kapan tekané sepur ora ana ing kendhali kita. Wis ana sing ngurusi kuwi, yakuwi masinis lan PT Kereta Api. Sing ana ing kendhali kita yakuwi dhiri kita dhéwé. Aku ora milih ngentèkaké wektu nunggu nganggo muring lan protès. Luwih becik prodhuktif ta?” Mitra punika lajeng nyukani sawungkus tetedhan saha *power bank* dhateng mitra satunggalingipun.

Pasamuwan ingkang kinasih, kita sadaya naté ngraosaken saiba mboten sekécanipun dumunung wonten ing papan ngantos-antos. Utawi mbokbilih wekdal samangké kita saweg dumunung wonten ing papan pangantos-antos utawi pangajeng-ajeng tumrap satunggaling prakawis badhé kelampahan. Wonten ing pangantos-antos punika, punapa sikaping manah ingkang kita télakaken? Punapa wonten ing antawis kita kados mitra ingkang duka tuwin muring kados ing cariyos ngajeng kalawau? Utawi kita saged nggadahi sikap sabar kados mitra sanèsipun wau? Joyce Meyer naté nyerat: “Kasabaran sanès kasagedan satunggaling tiyang kanggé ngantos-antos. Kasabaran punika kasagedan satunggaling tiyang kanggé njagi sikap ingkang leres kaliyan ngantos-antos”. Ing minggu pangantos-antos utawi Advèn kaping sekawan, kita badhé sinau kadospundi ngantos-antos kanthi sikap ingkang leres saking priyayi-priyayi luhur ing Kitab Suci.

Saben taun kita ngriyayakaken Natal, ngriyayakaken kapenuhaning janji/prasetyanipun Gusti Allah menggahing Juruwilujeng ingkang kajanjèkaken rawuh lumantar urutaning tedhak-turunipun Sang Prabu Dawud. Janji kasebat kaparingaken wonten ing waosan kita ingkang kapisan (2 Samuèl 7:1-11, 16). Nalikanipun Sang Prabu Dawud wonten ing mangsa kaunggulanipun ing wiwitaning ngasta pepréntahan, Sang Prabu Dawud kagungan rancangan kanggé mbangun dalem kagem Gusti Allah. Griya wonten ing basa Ibrani kasebat *bayit*, ing basa Indonesia kita dhaku minangka *bait*. Ananging pepénginanipun Sang Prabu Dawud dipunjawab kosokwangsulipun. Lumantar nabi Natan, Gusti Allah njanjèkaken *bayit* kanggé Sang Prabu Dawud. Lembaga Alkitab Indonesia ing *Terjemahan Baru* mertal tembung ‘*bayit*’ ing ayat 11 minangka ‘*keturunan*’ lan ing ayat 16 minangka ‘*keluarga*’. Wonten ing *Terjemahan Baru Edisi 2*,

tembung *'bayit'* dipunpertal minangka *'dinasti'* ing ayat 11 lan 16. Punika nedahaken bilih janjinipun Gusti mboten namung ngrembag bab tiyang ingkang badhé nglajengaken keprabonipun Sang Prabu Dawud, ananging ugi ngrembag bab urut-urutaning tedhak turunipun ingkang panjang tuwin lestantun. Bab punika malah wonten ing ayat 16 dipun ngendikakaken minangka dhampar kang santosa ing salawas-lawasé.

Ananging wonten ing Kitab Babad kita sumerep bilih pangantos-antosipun umat menggahing janjinipun Allah dhumateng Sang Prabu Dawud lumampah dangu sanget. mBoten namun setaun kalih taun, nanging ngantos pinten-pinten abad lamini-pun janji punika kaumpetaken saking pangertosanipun umat kados ingkang kaserat déning Rasul Paulus ing panutupaning seratipun dhateng pasamuwan ing Roma.

Maria minangka pawèstri Yahudi ingkang setya, ugi ngantos-antos janjinipun Allah kasebat. Iba kagètipun Maria nalika malaékat Gabrièl ngatingal saha martosaken bilih Maria ingkang badhé dados ibunipun satunggaling Raja ingkang dipun-janjèkaken punika. Pawartos bab miyosipun Gusti Yésus temtu mbekta kabingahan kanggé kita ing gesang wekdal samangké. Ananging kanggé Maria wekdal samanten, pawartos punika dados pawartos ingkang nuwuhaken gonjang-ganjing saha ngéwahi gesangipun! Minangka manungsa limrah, Maria gumeter mireng jejibahan ingkang mulya sanget ananging ugi awrat. mBoten namung ajining dhiri ingkang kaancam déning cirénan awon anggènipun ngandhut ing sanjawining nikah, Maria ugi aben ajeng kaliyan kawontenan ingkang dèrèng mesthi menggahing mangsa ingkang badhé dhateng.

Wonten ing Injil sanèsipun dipuncariyosaken kadospundi Yusuf nenimbang kanggé megat Maria kanthi sesidheman, punika nedahaken mobah mosiking manah ingkang awrat ingkang dipun-alami déning gesangipun Maria saha brayatipun. Ananging lumantar Gabrièl, Gusti Allah marambah-rambah maringi tembung-tembung ingkang ngiyataken. Ing sadaya karingkihan saha kacupetaning gesangipun, Maria pikantuk sih-rahmat wonten ing pangrimat tuwin panganthinipun ilahi. Gusti Allah nampèni kawontenan mangu-mangu dalah kuwatos ingkang

mbokbilih jumedhul wonten ing dhirinipun Maria, ananging Gusti Allah mboten ngèndelaken Maria ngadhepi prakawis punika piyambakan. Malaékat Gabrièl ngaruh-aruhi Maria kanthi satunggaling salam ingkang dipunkanthèni pratélan: “Pangéran tansah nganthi marang kowé” (Luk. 1:28). Dèrèng telas anggènipun Maria kagèt miwah bingung, énggal-énggal malaékat Gabrièl ngandika: ‘Aja wedi’ (Luk. 1:30) ugi ing ayat 35 wangsul malih Gusti Allah nglairaken patrap ngiyataken: “Kwasané Kang Mahaluhur bakal ngayomi kowé”.

Patrap ngiyataken miwah panganthinipun Allah ingkang badhé makarya wonten ing dhirinipun Maria ndamel dhirinipun saged nglairaken iman pangakenipun kanthi ngandika: “Sumangga, kawula punika abdinipun Pangéran; tumrap kawula kalampaha kadosdéné ingkang Paduka ngandikakaken” (Luk. 1:38). Kanthi ngakeni dhirinipun minangka abdi (Yun: *doule*, batur tukon) ipun Gusti, mila Maria mapanaken dhiri ing sangadhaping wewenangipun Gusti. Maria nampèni karsanipun saha dhawuhipun Gusti, ing wekdal ingkang sareng Maria ugi mapanaken dhiri ing salebeting pangrimat miwah pangayomanipun Allah. Punika tuladhanipun iman ingkang dipuntélakaken déning satunggaling pawèstri asesilih Maria. Maria mituhu ngantos-antos janjinipun Gusti Allah. Ing salebeting pangantos-antos punika, Maria tatag ngandhemi dhateng kayakinan bilih Gusti Allah nganthi tuwin mitulungi dhirinipun. Mila ing salebeting ngantos-antos wekdal ing pundi dhirinipun badhé dados ibu saking Sang Juruwilujeng, Maria milih setya.

Para Sadhèrèk, pangantos-antos punika prakawis ingkang mboten saged kapisahaken saking iman. Kita pitados bilih Gusti Allah kecongah mangsuli geguletaning manah tuwin pandonga panyuwunan kita, ananging kita ugi pitados bilih Gusti Allah makarya lumantar prosèsing gesang. Kadospundi tuwin bénjing punapa Gusti netepi janjinipun, asring pinanggih ing sanjawining kesagedan kita kanggé ngginakaken nalar miwah mangertosi. Ananging kita pitados bilih janjinipun Gusti temtu dipuntetepi. Mila ing satengahing karingkihan kita, sumangga kita ngantos-antos kanthi sikap ingkang leres inggih punika setya. Kadosdéné Maria, kita sadaya punika abdinipun Gusti Allah. Gusti mitado-

saken Pakaryan-pakaryanipun supados kita tindakaken wonten ing gesang kita dadosa ing salebeting brayat, pasamuwan, punapadéné bebrayan ing satengahing masyarakat. Mila, mugi sinambi ngantos-antos, kita tetep dipunsembadani kanggé tetep setya dhumateng karsanipun Gusti Allah, kanthi tumemen nindakaken pakaryan-pakaryanipun Gusti, ngantos ing wusananipun kita badhé sumerep tuwin neksèni katetepaning janjinipun Gusti Allah.

Amin.

(YAN-DEN)



KHOTBAH
Dalu nDungkap Natal
24 Désèmber 2023 (sonten)

Waosan 1: Yésaya 9:2-7
 Tanggapan: Masmur 96
 Waosan 2: Titus 2:11-14
 Injil: Lukas 2:1-14

Mulyakaken
Gusti Allah
ingkang Preduli
dhateng Manungså
 ☸

KOTBAH JANGKEP

“Mulyakaken Gusti Allah
ingkang Preduli dhateng Manungså”

Pasamuwanipun Gusti,

Taun 2008 jagading *film* Indonesia gayeng sanget awit satunggaling *film* ingkang wekdal samanten kawentar inggih punikå “Laskar Pelangi.” *Film* kasebat kadamel déning pårå seniman *film* Indonesia, ingkang tinalesan *novel* irah-irahan “Laskar Pelangi” anggitanipun Andrea Hirata. *Novel* kasebat nyariosaken kawontenan ing Belitong antawis taun 1974 inggih punikå nalikå prakawis bab pawiyatan utawi sekolah dèrèng wradin sumebar kados kawontenan jaman samangké. *Novel* kasebat nyariosaken tokoh-tokoh nāmå Ikal, Lintang, lan laré cacah 8 sanèsipun ingkang kawulang déning bu Mus ugi pak Harfan. Guru kalih kasebat setyå nggulawenthah lan mulang pårå laré sinaoså ing kawontenan sarwå winates. Pårå siswå ingkang winulang sanès saking brayat ingkang kawontenan *ekonomi*-ipun cekap kepårå tirah, nanging kawontenanipun condhong miskin kacingkrangan. Pårå siswå kasebat ugi mboten nggadahi kaunggulan ingkang damel bombong. Katandhing-aken kaliyan sekolah sanès ing papan ngrikå, kawontenan sekolah Laskar Pelangi punikå kawastanan mrihatosaken.

Inkang wigatos inggih punikå kasadiyanipun bu Mus lan pak Harfan ingkang ngladosaken pawiyatan panggulawenthah tumrap laré cacah 10 kasebat. Pårå guru punikå mboten preduli

kawontenan siswå ingkang sarwå kirang. Sinaoså dipun tawèni pindhah sekolah sanès ingkang kawontenanipun langkung prayogi nengsemaken, éwåsamanten pàrà guru kasebat nampik lan nemtokaken tetep ngladosi pàrà laré cacah sedåså kasebat. Kataberèn sàhå kaéklasan anggènipun preduli dhumateng pàrà laré ingkang kedah kagulawenthah kasebat ngawohaken asil ingkang nengsemaken, inggih punikå pàrà siswå sekolah Laskar Pelangi mimpang ing lomba manékå warni. Wonten lomba *cerdas cermat*, lomba kesenian, malah wonten sawenèh siswå ingkang pikantuk *beasiswa* sinau ing mǎncå negari. Prakawis ingkang kacariyosaken ing *film* kasebat, nggepok sénggol jagading pawiyatan ingkang naté nemahi kanyatan kapanthå-panthå antawisipun siswå ingkang unggul lan ingkang mboten unggul. Kathah papan pawiyatan ingkang langkung milih nampi siswå ingkang ndarbèni kaunggulan bab kawasisanipun. Papan pawiyatan ingkang unggul ugi nyadhiyani ubå rampé (*fasilitas*) ingkang jangkep murih pasinaon sangsâyå saé; déné ingkang mboten unggul kedah purun nampi kawontenan ubå rampé papan pawiyatan utawi sekolahipun sarwå winates kepàrà kirang. Jagading pawiyatan kados-kados langkung preduli dhumateng siswå ingkang ndarbèni kaunggulan tertemtu kabandhingaken kaliyan pàrà laré sarwå pas-pasan kepàrà miskin. Tundhonipun, pàrà laré ingkang kawontenanipun sarwå winates sangsâyå mboten kaprastawakaken (*dipedulikan*) kawontenanipun.

Gayut gesanging kapitadosan saged kémawon tuwuh pamawas bilih Gusti Allah langkung preduli tumrap tiyang ingkang kalebet golongan “suci” lan “saé” bebudènipun. Tembung kasebat kaparingan “...” (*tanda kutip*) awit pamawas bab “suci” lan “saé” punikå magepokan pribadi tertemtu lan ugi gayut kawontenan tertentu. Kados ing cariyos sujarahing Kitab Suci, ngumandhang pamawas bilih Gusti Allah kacariyosaken rawuh paring pangrimat lan preduli dhumateng umat ingkang lampah gesangipun leres lan saé. Pancèn pamawas kasebat mboten klèntu, nanging dados lepat nalika pamawas kasebat kaanggé matesi pakaryanipun Gusti Allah namung tumanduk tumrap manungså tertemtu. Gusti Allah kawawas namung preduli

dhumateng manungså ingkang leres lan nyingkiraken tebih manungså ingkang mboten leres bebudènipun. Tundhonipun, tiyang ingkang rumaos dhirinipun “suci” condhong ndarbèni pamawas bilih manungså ingkang “boten suci” kécalan hak nampi sih-piwelesipun Gusti Allah utawi saged kémawon mawas bilih tiyang ingkang “boten suci” punikå kalebet golonganing manungså ingkang mboten kagatosaken déning Gusti Allah. Kamangka waosan Yésaya lan Lukas kepårå nedahaken prakawis ingkang bédå. Ing satengahing sorå wartos bab paukumanipun Gusti Allah awit dosanipun Yéhuda, pamecanipun Yésaya kepårå nedahaken anggènipun Gusti Allah pangah preduli dhumateng umatipun mirunggå ing kawontenan ing umat ingkang ngrekaos.

Paukuman lan kawontenan ingkang kawawas mboten prayogi (*negatif*) mboten ateges Gusti Allah mboten preduli. Kapredulianipun Gusti Allah kepårå ndadosaken bångså ingkang nembé winengku ing momotan tetep ndarbèni pangajeng-ajeng ing kapitadosanipun. Makaten ugi ingkang kawartosaken déning Lukas. Cariyos brayatipun Yusuf ingkang nembé wangsul dhateng nagarinipun tumut ndhaftar *sensus*, kanyatanipun bédå kaliyan pårå pangèn ingkang tetep nenggani kéwan ngèn-ngènanipun ing pasamunan. Pancèn tumrapping tiyang Yahudi, pårå pangèn punikå wargå masyarakat ing tataran ngandhap satemah kawontenanipun asring mboten kaanggep déning sesaminipun. Pårå pangèn mboten gadhah hak ingkang sami kaliyan wargå masyarakat sanèsipun, mboten dipun aosi, lan asring mboten kagatosaken. Pramila pancasan saking swargå magepokan wartå Natal kawitanipun kaparingaken tumrap pårå pangèn kanggé nedahaken kapredulian sårå kawigatosanipun Gusti Allah tumrap golonganing tiyang ingkang kasingkiraken déning masyarakat. Gusti Allah rawuh aruh-aruh ngandika dhumateng golonganing manungså ingkang mboten dipun aruhi sesami lan kawigatosaning Panjenenganipun mangaribawani wontenipun éwah-éwahan tiyang ingkang kaanggep rèchè sami ndarbèni pangajeng-ajeng.

Laras kaliyan wartå kasebat, Gusti Allah anggènipun nyåpå aruh kitå punikå rak inggih ngemu makna ingkang sami? Sakawit kitå punikå golonganing manungså doså ingkang

sesambetanipun tebih kaliyan Gusti Allah nanging lajeng dipun sâpâ aruh lan sanget kagatosaken déning Panjenenganipun lumantar pakaryan kawilujengan wonten ing Gusti Yésus Kristus. Punikâ ingkang mbereg Paulus neguhaken Titus lan pasamuwan ingkang sami nampi seratipun murih nglarasaken dhiri kaliyan prakawis kapredulianipun Gusti Allah. Kitâ ingkang sampun kagatosaken déning Panjenenganipun kabereg supados ngudi gesang ingkang sami kaliyan kasaénanipun Gusti Allah. Punikâ dados wujud anggèn kitâ mulyakaken Gusti Allah; pramilâ tiyang pitados kabereg mangun sikep gesang ingkang pener lan leres. Kanthi pamawas bilih Gusti Allah saèstu preduli lan mbabar kasaénan tumrap sadâyâ manungsâ, mila lajeng ketinggal anggènipun mulyakaken kasaénanipun Gusti Allah kanthi wujud gesang ingkang laras kaliyan karsanipun. Prakawis kasebat ingkang mesthinipun dados tetales pakaryan paladosaning umat ing satengahing gesang bebrayan agung.

Ing kawontenan pangajeng-ajeng ingkang tipis awit kapeteg prakawis wulu wetu utawi *ekonomi* wekdal samanten, kapredulian tumrap trubusan ingkang nedheng-nedhengipun mekar nuwuhaken pangajeng-ajeng nggayuh gegadhangan ingkang mulyâ. Pramilâ bu Mus lan pak Harfan sanget paring kawigatosan tumrap laré cacah sedâsâ Laskar Pelangi satemah gegadhangan murih gesang langkung mulyâ tansah kawangun. Kawontenan sarwâ winates lan kacingkranganipun pârâ laré kasebat mboten ateges mupus kapredulianipun guru satuhu, satemah tuwuh dâÿâ gesang anggènipun sami nratas kawontenan murih langkung saé. Sajatosipun Gusti Allah rak ugi makaten punikâ tâ?

Gusti Allah anggènipun rawuh mboten namung tumrap pârâ pangageng, tumrap alim-ulâmâ, tumrap tiyang-tiyang ingkang sugih bândhâ. Panjenenganipun rawuh kawitan nyâpâ aruh tiyang-tiyang ingkang kasingkiraken, kasepèlèkaken, kepârâ mboten kagatosaken déning sesaminipun. Makaten ugi gegadhanganing gesang ingkang langkung mulyâ ugi mboten namung tuwuh tumrap tiyang ingkang kawontenan gesangipun saé kémawon. Panjenenganipun ugi nuwuhaken pangajeng-

ajeng tumrap bångså ingkang kaukum, kabucal, lan ingkang tatu. Gusti Allah rawuh kanggé kitå sadåyå.

Ing satengahing bédå-bédå ingkang wonten ing gesang-ing gréjå, asring kalampahan tiyang pitados gampil ndhawahaken pangadilan tumrap satunggaling utawi sawenèh tiyang kajumbuhaken kaliyan kasaénanipun Gusti Allah ingkang kawawas namung kanggé golongan tertemtu. Pepanthan ingkang ngleresi ing kawontenan “saé” gampil mawas bilih piyambakipun minangka péhak ingkang sanget kagatosaken déning Gusti Allah. Kosok wangsulipun, pepanthan ingkang kawontenanipun “mboten saé” badhé kadakwå minangka kelompok ingkang tebih saking kawigatosanipun Gusti Allah. Ing ndalu ndungkap Natal punikå, kitå kabereg mawas, ngraosaken, lan nggegilut sih-katresnanipun Gusti Allah inggih punikå anggènipun Panjenenganipun saestu preduli dhateng sadåyå titah tanpå mbédak-mbédakaken. Pramilå prayogi tumrapping gréjå dadoså pribadi punåpå déné patunggilan, mawas dhiri minangka “pribadi ingkang dipun gatosaken déning Gusti Allah.”

Gréjå kautus martosaken kapredulianipun Gusti Allah tumrap sadåyå manungså. Gusti Allah karsa preduli dhumateng sadåyå tiyang kanthi kawontenan manékå warni; prakawis kasebat ingkang mesthinipun dados tetales paladosaning gréjå. Gréjå sanès wadhah kempaling tiyang-tiyang suci ingkang dakwenang mbiji sårå ngadili sesami. Gréja kautus mulyakaken kasaénanipun Gusti Allah punikå dhateng sadåyå manungså tanpå wonten wates. Lumantar pawartosing kapredulianipun Gusti Allah gréja kuwagang mulihaken sadhèrèk ingkang ringkih, paring panglipur tumrap ingkang nandhang sungkåwå, ndayani ingkang kamomotan, mbereg ingkang winengku geguletan, lan mardikakaken manungså ingkang rinangkèt doså. Dalu ndungkap Natal punikå mbereg kitå ngraos-raosaken cakaning katresnan kanthi preduli dhateng sesami. Sumånggå kitå mbagé katresnanipun Gusti Allah tumrap sadåyå titah. Sugeng (wilujeng) mahargyå Natal. Gusti tansah mberkahi. Amin.

[NsN~UCSL]

KHOTBAH NATAL*25 Désèmber 2023*

Waosan 1: Yésaya 62: 6-12
 Tanggapan: Masmur 97
 Waosan 2: Titus 3:4-7
 Injil: Lukas 2: 8-20

Gusti Allah
Rawuh Mbabar
Karahayon

**KOTBAH JANGKEP****Gusti Allah Rawuh Mbabar Karahayon**

[Sadèrèngipun ngladosaken khotbah, palados sabda saged ngatag pasamuwan ngrepèkaken lagu “*Karena Kita*” utawi saged karepèkaken déning *vocal group* pàrà laré Sekolah Minggu.

Lagu saged kapanggihaken ing *link YouTube*:

https://www.youtube.com/watch?v=rILIM_KopPQ

Waktu kecil kita merindukan natal

Hadiah yang indah dan menawan

Namun tak menyadari, Seorang bayi tlah lahir

Bawa keselamatan tuk manusia

Karena kita dia menderita, Karena kita dia disalibkan

Agar dunia yang hilang dislamatkan, dari hukuman kekal

Pasamuwan ingkang dipun tresnani Gusti, sugeng/wilujeng Natal!

Sinten ingkang ngraosaken bingah wekdal samangké? Pàrà laré ugi ngraosaken bingah? Kados pundi pàrà tiyang sepuh? Puji sokur konjuk Gusti déné sadâyå ngraosaken bingah. Natal punikå kajawi minangka pahargyan wiyosipun Sang Kristus, ugi dados kalodhangan ing brayat ageng sami nglempak tetunggilan mirunggå ingkang sami makaryå lan manggèn ing kithå-kithå sanès. Mboten nggumunaken menawi Natal dados wekdal mirunggå ingkang tansah kaajeng-ajeng saben taunipun.

Bapak, ibu, lan pàrà sadhèrèk ingkang kinasih wonten ing Gusti,

Ing antawis kità punàpà wonten ingkang naté gadhah pengalaman ingkang dangu sanget ngajeng-ajeng satunggal prakawis tundhonipun lajeng kasembadan ingkang kagadhang? Contonipun, tiyang sesémahan ingkang ngajeng-ajeng piningan momongan sasampunipun mataun-taun ningkah, lan nalikà umur sampun jangkep 40 taun, lajeng ingkang èstri ngandhut. Kità saged mbayangaken, kekalihipun temtu bingah sanget. Jabang bayi ingkang lair kawawas ndhatengaken kabingahan ageng tumrap brayat kasebat. Wekdal ngantu-antu mataun-taun ingkang rinenggà raos kuwatos lan eluh ingkang tumètès kagantos éndah bingah nalika sang jabang bayi nangis cengèr medal saking guwà garbaning ibu. Punàpà kita ugi naté nggadhahi pangalaman ingkang mèh sami cariyos kasebat? Punàpà ingkang kità raosaken nalika gegadhangan mataun-taun dumadakan dipun sembadani déning Gusti Allah? Cetha sanget raos bingah sàhà sokur ingkang tanpa wangenan ingkang kababar.

Mangsa Natal kados mangsa mawujudipun pangantu-antu kados ing cariyos kasebat. Jagad ingkang sami ngantu-antu rawuhipun Sang Juru Wilujeng dumadakan piningan wartà mbingahaken sàhà ngéramaken. Tumraping tiyang pitados, Natal punika wekdal anggènipun Gusti Allah ngrawuhi manungsà sàhà ndhatengaken kabingahan ugi pangajeng-ajeng tumrap jagad.

Pàrà sadhèrèk ingkang winengku kabingahan,

Waosan lèksionari dinten punikà isi paseksi magepokan rawuhipun Gusti Allah kanggé jagad lumantar wiyosan nDalem Gusti Yésus. Waosan kapisan saking kitab Yésaya 62 isi cariyos bab gegadhangan pulihing Sion. Israèl kagadhang badhé linuwaran saking pangawulan lan sami dados bangsà ingkang ndarbèni hak sartà prabàwà mranàtà gesangipun piyambak. Anggènipun Israèl ngantu-antu pemimpin ingkang mardikakaken bangsànipun, dumugi wekdalipun tembé mesthi badhé kasembadan. Makaten ugi juru Masmur lumantar Jabur Masmur 97 nandhesaken magepokan kalenggahanipun Gusti Allah minangka Ratu Adil. Ratu Adil kasebat mboten badhé tumindak dakwenang daksiyà lan mboten badhé nyingidaken talingan saking panan-

dhang ing bangsanipun. Kosok wangsulipun, tiyang ingkang mboten nocogi Sang Ratu badhé nampi pituwas lingsem, awit Sang Ratu satuhu adil sàhà paring sih-rahmat. Sih-rahmat ingkang ngluwari, sih-rahmat ingkang ndadosaken manungså pulih gesangipun kados sakawit. Rasul Paulus lumantar serat ingkang katujokaken kanggé Titus mulang kitå bilih karahayon punika awit namung sih-rahmat ingkang pinangkanipun saking Gusti Allah. Sih-rahmat punikå kaparingaken déning Gusti Allah dhumateng manungså ingkang tuhu setyå nglenggånå bilih gesangipun punikå kadya pategalan ingkang winengku ing sih-rahmatipun Gusti Allah.

Waosan Injil Lukas 2:8-20 isi pawartå ingkang sangsåyå cethå kanggé manungså. Pårå pangèn mujudaken patunggilan kapisan ingkang nampi wartå kabingahan bab wiyosan nDalem Sang Mesih. Sakawit pårå pangèn winengku raos ajrih geter, nanging santun mbludag kabingahanipun nalikå nglenggånå bilih ingkang rawuh paring wartå inggih punikå malaékat piyambak ingkang mbabar wartå kaswargan bab wiyosan nDalem Sang Mesih. Rawuhipun Gusti Allah manggihi pårå pangèn nuwuhaken kabingahan ingkang tanpa wangenan satemah nelukaken raosing manah ingkang ajrih giris. Punåpå sababipun pangèn ingkang nampi wartå, sanès pangageng pamaréntah utawi ingkang ngastå kaprabawan negari? Saged kémawon priyagung kasebat dèrèng cecawis badhé nampi wiyosan nDalem Sang Mesih ingkang rawuh mbabar katresnan sajati sàhà kaadilan. Menawi pårå pangèn manggihi Sang Bayi kanthi mbludaging kabingahanipun, pårå priyagung kasebat saged kémawon kadereng ing kanepson sàhà kapéngin nyingkiraken Sang Jabang Bayi kasebat. Sang Mesih rak saged miyak kanthi nglåhå pratingkah tumindakipun pårå priyagung ingkang sajatosipun mboten pener? Menawi makaten, leres bilih wartå kabingahan saking swargå punikå kaparingaken dhateng pårå pangèn ingkang gesangipun prasåjà, golonganing manungså ringkih, lan ingkang manahipun kadunungan wewatekan tulus éklas. Kabingahan kaswargan namung saged dipun mangretosi déning sawenèh tiyang ingkang ngantu-antu karahayon ingkang pinangkanipun saking Gusti Allah piyambak.

Pasamuwan ingkang kinasih wonten ing Gusti,

Prakawis punåpå tå ingkang kitå antu-antu saking kedadosan Natal? Kados pepujèn “Karena Kita,” mesthinipun ingkang saged ndamel kitå sukå bingah mboten sanès inggih wiyosing Sang Mesih ingkang kanthi legawa ngurbanaken dhiri murih kitå luwar saking paukum langgeng. Sanès ngener dhateng bebingah (*hadiah*) sårå pahargyan ingkang regeng agung sanget. Wiyosipun Gusti Yésus punikå dados bukti anggènipun Gusti Allah mbabar katresnan sejati tumrap manungså. Kitå ingkang taksih gesang kajiret déning doså sampun kaluwaran; pangajeng-ajeng kitå magepokan lampahing gesang ingkang winengku ing katentreman kantun sakedhèping nétra. Sumangga, kitå sukå-bingah awit rawhipun Gusti Allah ingkang winengku ing katresnan sajati.

Menawi makaten, punåpå ingkang badhé kitå unjukaken cihnaning raos sokur kita konjuk Gusti? Ayo bocah-bocah Sekolah Minggu, kapriyé cårå ngucap sokur marang Gusti? [*kaparingånå wekdal tumrap pårå laré utawi warganing pasamuwan anggènipun badhé atur wangsulan pitakènan kasebat*]

Pårå sadhèrèk ingkang kinasih,

Gusti Allah mboten ngarsakaken supados manungså nindakaken prakawis ingkang ndakik-ndakik. Gusti Allah namung ngarsakaken bilih kitå purun nganyaraken pratingkahing gesang kitå tinalesan ing sunaring sih-katresnanipun Gusti. Rawhipun Gusti Allah badhé ndadosaken gesang kitå para tiyang pitados tansah kaénggalaken (kaanyaraken) kanthi kabingahan-karahayon ingkang pinangkanipun saking Sang Juru Panebus. Prakawis kasebat ingkang sajatosipun sampun dangu sanget kaantu-antu. Gusti Allah mboten namung ngrawuhi pårå pangèn ing wewengkon Bètleshèm, nanging ugi ngrawuhi kitå sadåyå dadoså pårå laré, nèman-nèman, ngantos pårå adi yuswå. Sumangga kitå sami mratélakaken suka-bingah awit rawhipun Gusti Allah. Sugeng (wilujeng) Natal! Amin.

(WAS~UCSL)

KHOTBAH
Minggu Sepisan
Sasampunipun Natal
Minggu, 31 Désèmber 2023

Waosan 1: Yésaya 61:10-62:3
 Tanggapan: Jabur 148
 Waosan 2: Galatia 4: 4-4
 Injil: Lukas 2:22-40

NYAWANG
PANGAJÊNG-
AJÊNG BAB
INTERGENERASI
 ❧❧❧

KHOTBAH JANGKEP

NYAWANG PANGAJÊNG-AJÊNG BAB
INTERGENERASI
(Melihat Pengharapan Intergenerasi)

Para Sêdhèrèk ingkang dipun trêsnani déning Gusti.

Ing Minggu punika, kita taksih wonten ing salêbêting panggêgilut bab riyadi Natal. Mugi katêntreman saking Gusti Allah tansah karaosaken nyata ing gesang kita. Kados ingkang sampun kalampah, riyadi Natal pancèn minangka wêkdal mirunggan kanggé brayat sami nyatunggil. Sinaosa mbotên sagêd pinanggih langsung, wekdal punika kita sampun kaajangan kaliyan wontênipun piranti ingkang sagêd kaginakakên kadosta *vidhéó call*, ingkang nyagêdakên brayat sami nyatunggil, sinaosa sacara *online* (utawi ing jagading intèrnèt).

Mahargya Natal adat saben kaginakaken minangka wêwêngan tumrapping brayat ageng sesarengan ningali indhak-indhakaning para laré. Ingkang sewau taksih alit, sangsaya mindhak dados langkung diwasa. Saged ugi wonten péranganing brayat anyar, amargi wonten wiyosan, lan sapiturutipun. Mekaten ugi saged minangka wekdal kanggé ngémot-émot péranganing brayat ingkang sampun tilar donya, utawi séda.

Kepara ing kathah kawontenan, pahargyan natal ugi ngajangi panguda-rasa, hambok bilih wonten péranganing brayat ingkang sawêg ngraosaken momotan lan sanès-sanèsipun. Lumantar mahargya Natal sesarengan, adat saben saged dados ajang ngluwari momotan ingkang nêmbè karaosakên. Pahargyan Natal ugi ngajangi pepanggihan ing antawisipun para sepuh lan para laré, ingkang ing ngriku kababar manéka-warni éwah-éwahaning gesang, saged ingkang arupi kabingahan, mekaten ugi ingkang awujud bot-repoting gesang.

Têtélaning Injil dintên punika nggambaraken pepanggihan béda *generasi*. Wonten Yésus ingkang taksih jabang bayi, bapak Yusuf, ibu Maryam, ugi wonten Siméon lan Hana ingkang sampun yuswa. Pepanggihan punika kacathêt kanthi pratitis lan nêngsêmakên déning Injil Lukas. Nêngsêmakên, amargi pepanggihan punika njalari raos lêga. Kawastanana lêga amargi saged luwar saking raos uwas (sumêlang). Kados pundi anggèn kita saged nggêgilut bab raos lêga punika? Saking waosan Injil punika, kita badhé nyinau kadosdéne Siméon lan Hana, ingkang saèstu sagêd ngraosakên kalêgan lan katentremaning pahargyan Natal. Saking lelampahaning Siméon lan Hana, kita saged nyinau, inggih punika antawisipun:

Sepisan: Gesang punika kedah kaaosan kanthi wêtah bilih pangrimatipun Gusti punika cinadhang tumrap sedaya *generasi*. mBoten namung mandhêg kanggé dhiri pribadi, nanging ugi ngrêmbag bab njagi lan nggulawênthah sabên generasi ingkang wonten. Tumrap tiyang sepuh upaminipun, piyambakipun badhé ngraosakên lêga menawi sagêd mirsani indhak-indhakaning para laré tumuju diwasa ingkang langkung sêmbada. Sinaosa saged ugi sadanguning gesangipun tansah manggih momotan lan kêdah ngraosaken rekaos, mesthi badhé rumaos lêga menawi têdhak-turunipun sagêd kasil kados pangajabipun.

Kosok wangsulipun, sinaosa tiyang sepuh ginanjar bandha mubru, kalenggahan, lan sanès-sanèsipun, ananging menawi pangangênipun punthês/pogog – amargi mboten wonten ingkang nglajêngakên – èstunipun ndadosakên sêsêk ing manahipun. Kanggé conto upaminipun: laré-larénipun dados *tiyang mbêling*, anggènipun larénipun émah-émah mboten

tentrem, kepara taksih dados momotaning tiyang sepuhipun, lan sapiturutipun. Punapa malih menawi patrap padintenanipun tansah njalari piala, punika saged nguciwakaken tiyang sepuh lan ndadosaken raos sumelang.

Generasi penerus ingkang gesangipun saé njalari brayat rumaos lêga. Punika mboten namung ngrembag bab “generasi penerus” ing babagan “genetik” utawi têdhak-turun. Amargi pancèn wonten sapérangan tiyang ingkang nggadhahi timbalan mirunggan, sinaosa mboten gadhah keturunan sacara langsung (*secara biologis*). Sinaosa mboten nglairaken tedhak turun, saben tiyang taksih saged ngraosaken kabingahan lan lega. Punika badhé kalampahan tumraping tiyang ingkang tansah mangun sesambetan salebeting katresnan, ingkang mbudidaya ngiyatakên “*generasi penerus*” kanthi tumêmên.

Siméon lan Hana saged ngraosaken lega, nalika kepanggih kaliyan Gusti Yésus ingkang taksih jabang bayi yuswa wolung dinten. Cetha bilih Yésus sanès péranganing brayatipun. Punapa malih wayahipun. Éwasemanten kekalihipun neksèni bilih gesang punika tinanggêl déning katresnanipun Allah ingkang sempulur kanthi tansah wontenipun tiyang-tiyang ingkang santosa lan sembada. Kekalihipun ingkang tumemen ing salebeting pandonga, wekdal punika saged ngraosaken raos sokur amargi dipun keparengaken nyawang pangajêng-ajêng ing Angganipun Gusti Yésus ingkang taksih jabang bayi.

Iman kapitadosan dados sarana kita ngraos-raosaken kanthi wetah bab-bab ing wekdal kêpêngkêr, samangké, lan wekdal mangajeng. Sawernining pangajêng-ajêng ing wekdal kêpêngkêr dados pangajêng-ajêng dumugi wanci kababaripun ing wekdal candhakipun. Kapitadosan ngantêbakên pangajêng-ajêng ing salebeting pangrimatipun Gusti. Ing salebeting kapitadosan ingkang kados mekaten kita ngraosaken lêga.

Sumangga kita nggêgilut bilih gesang punika minangka sarana nggulawênthah saben *generasi* ing ngarsanipun Gusti. Amargi wonten ing kapitadosan kita, kita punika dados ahli waris, ingkang ugi temtu katimbangan nerasaken warisan dhateng generasi candhakipun. Kados ingkang kacetha ing serat Galatia

4:7, mekaten: “*yèn kowé kabèh iku putra, kowé iku uga padha dadi ahli-waris marga pakaryaning Allah.*”

Para Sêdhèrèk,

Menggalih bab kadonyan punika saé, ananging kedah waspada. Supados sampun ngantos bab punika dados jalaraning drèdah. Ananging kapitadosan bilih kita minangka ahli warispun Gusti Allah ndadosaken raos lega lan tentrem. Minangka ahli warising Gusti Allah, kita sumadhiya kaagêm nglajengaken gesang ing bedhamèn tumrap *generasi-generasi* salajengipun. Punika suraosipun pahargyan natal, ingkang karaosaken déning Siméon lan Hana. Kekalihipun ngraosaken pangajêng-ajêng anyar awit mijiling Jabang Bayi Yésus. Panyuraos ingkang kados mekaten, ingkang nyagêdakên kita ngraosaken kalêgan.

Kaping kalih: Kados pundi nyuraos bab gesang ing salebeting kalegan pahargyan Natal? Samangké kita kaatag supados tumêmên lan sêtya ngrimati kapitadosan wonten ing salebeting pangibadah, wonten ing salebeting panyuraos bab iman, wonten ing pangajêng-ajêng. Sedaya punika minangka wujud ing warisan tumrap *generasi* salajengipun.

Ayat 27 nélakakên, “Nalika Yésus, Bocah iku, diasta mlebu déning wong tuwané arep nindakaké kaya kang wus katamtokaké déning angger-anggering Torèt tumrap Bocah mau”. Sinaosa Rama Yusuf lan Ibu Maryam gesang namung prasaja, nalika jabang bayi Yésus dumugi yuswa pas wolung dinten, kekalihipun tumêmên lan sêtya ndhèrèk ing pangibadah, kados pranataning Torèt nalika semanten. Ing ngriku kekalihipun kepanggih kaliyan Siméon lan Hana, ingkang ugi tumêmên lan sêtya. Kekalihipun manggih katentreman. Cariyos punika memucal dhateng kita bilih nalika kita ajêg lan tumêmên ndherek ing pangibadah, gesang kita langkung gampil ngraosaken tentrem ing salebeting pangajêng-ajêng.

Ing wêkdal-wêkdal punika, bab tumêmên sangsaya angèl dipun panggihaken. Kanggé conto upaminipun: srêgêp/tumemen maos buku, sampun wiwit ginantosaken kaliyan ningali giyaran-giyaran ing jagading intèrnèt ingkang langkung ngrêmênaken nétra, kamangka intèrnèt ing jaman

punika kathah lan asring sanget nggiyaraken bab-bab ingkang mboten trêp. Kathah tiyang ugi sangsaya gampil nerasaken pawartos ing jagading intèrnèt, lan mboten nlesih langkung rumiyin saking pundi wiwitaning pawartos punika: punapa pawartos punika leres utawi namung lamis/goroh/*hoaks*. Punika kadadosan amargi tiyang sampun mboten remen maos buku, pramila njalari sami mboten tlatos niti-priksa ingkang sakleresipun.

Salah satunggaling cara mangsulaken raos tabêri lan tumêmên inggih punika kanthi ngibadah, maos lan nggegilut Sabda, ugi nyuraos ing gesang padintênan. Lajêng kados pundi murih tiyang sepuh saged njagi yoganipun supados sagêd gesang ing salebeting pangrimatipun Gusti kanthi tumêmên ngibadah? Para laré prêlu dipun amping-ampingi amargi laré ingkang mboten gadhah tuladha bab pangabêktèn ndadosaken piyambakipun gampil keguh lan luput saking sihrahmating Allah. Tundhanipun laré-laré punika lajeng kangèlan nrumaosi minangka ahli waris Kratoning Allah.

Awit saking punika, gréja prelu nggatosaken bab wontening *Ibadah Intergenerasi*. Gréja kedah menggalih wontenipun pangibadah minangka wêwêngan kanggé mangun sesrawungan sesarengan ing antawisipun para sepuh, pasamuwan diwasa, bapa – biyung, lan putra – wayah, nyatunggil ing pangibadah. Kanthi mekaten kapribadèning para laré badhé kakekahaken ing salebeting kasetyan lan tumêmên ing salebeting pangabêktèn.

Éwasemanten, ing sisih sanèsipun, saged ugi wonten péranganing para mudha ingkang gadhah panguda-rasa, makaten: “*Ah! Saiki jamané wis béda!*” Pancèn jaman mêsthi ngalami éwah-éwahan, mekaten ugi mobah – mosiking gesang ugi ngalami éwah-éwahan. Ananging kita kedah purun ngilo lan nyinau bab-bab ing wêkdal ingkang sampun kapêngkêr. Amargi indhak-indhakaning gesanging manungsa ugi amargi nyinau saking wekdal ingkang sampun kawuri.

Manungsa mbetahaken tata pasinaon ingkang kawangun lumantar warisan pakulinan wekdal kepêngkêr. Tanpa warisan piwucal lan pakulinan punika, éwah-éwahaning jaman saged ugi malah tumuju ing karisakan. Pramila wonten ugi pranataning

Allah: “Ngajènana bapa – biyungira supaya dawa umuria.” Inggih pancèn dados jejibahanipun tiyangsepuh marisaken piwucal-piwucaling gesang minangka sanguning para laré ingkang taksih timur nglajengaken gesang candhakistanipun.

Awit saking punika, para Sedhèrèk, Natal punika mahargya wiyosan. Lairipun jabang bayi mbetahaken kasetyan lan katabèrèn kanggé nggulawenthah lan njagi. Kanthi kasetyan lan katabèrèn, pahargyan Natal nuwuhaken pangajeng-ajeng, angèn-angèn ing mangsa ngajeng ingkang katingal ngilak-ilak lan karimatan kanthi prayogi.

Menawi kanyataning brayat kita wonten ingkang mboten prayogi, utawi ndadosaken momotan, kepara karaos angèl dipun dandosi, sampun rumaos nglökrö lan nglêpataken dhiri. Kita kedah ngrumaosi bilih kita sanès juru wilujeng ingkang temtu sampurna kuwawi milujengaken ngakathah. Saben kita namung cekap ngayahi jejibahan kanthi tumemen lan tanggel jawab. Samia nuwuhna raos tentrem ing batos, nampi kanyatan punika sakwontenipun, amargi taksih wonten Gusti Yésus, Sang Juru Wilujeng. Panjenengnaipun èstu sampun miyos kanggé gesang kita. Sumangga kita pasrahaken sawernining kanyataning gesang, lan tansah nampia sedaya punika kanthi tentrem.

Gusti Allah sagêd ngutus tiyang sanès dhateng kita, kinèn ngiyatakên kita wonten ing salebeting panandang lan pangupadi kita. Siméon lan Hana sanès brayatipun Maria lan Yusuf. Ananging kekalihipun karawuhaken déning Gusti Allah supados saged ngiyataken Maria lan Yusuf ing salebeting nyanggi momotanipun. Kosok wangsulipun wontening Maria lan Yusuf èstu ndhatengaken kekiyatan kagem pangajeng-ajengipun Siméon lan Hana. Piwucal-piwucaling gesang badhé lestantun kajagi lan kawarisaken ing gesang pangabêktèn lumantar patunggilanipun saben brayat lan saben *generasi wonten* ing Gusti.

Kita prelu nyuraos bab gesang sacara wetah, mboten namung nêngênakên kapentinganing dhiri pribadi. Ananging ugi ngèngingi bab marisi lan marisaken piwucal bab katresnaning Allah sumangga kita tindakaken kanthi tumemen lan tabêri anggèn kita ngabêkti. Kadosdéné têtélaning Injil dinten punika

Siméon, Hana, Yusuf lan Maryam, ingkang mbêkta jabang bayi Yésus tumuju Padaleman Suci, sami ngabekti sesarengan. Ngibadah sesarengan, *lintas generasi*, saprelu ngrimati pangajeng-ajeng kanggé lestantuning gesang sesarengan. Sumangga kita nyuraos bab kapitadosan minangka ahli waris Kratoning Allah. Sumangga kita sumadhiya dados tuladha murih piwucaling gesang saged kawarisaken dhateng generasi candhakistan. Amargi ing ngriku ndadosaken gesang kita lega lan tentrem. Amin.

[WD – MGK]

KHOTBAH
Dalu nDungkap
Pungkasaning Warsa
Minggu, 31 Désèmber 2023

Waosan Kitab Suci:
 Waosan I: I Para Raja 3: 5-14
 Tangapan: Masmur 147: 12-20
 Bacaan Injil: Yohanes 8: 12-19

SANG PADHANG
ADÊG-ADÊGING
GESANG



KHOTBAH JANGKEP

SANG PADHANG ADÊG-ADÊGING GESANG

Ibu, Bapak, lan para Sêdhèrèk ingkang dipun trêsnani déning Gusti,

Punapa ingkang asring Panjenengan raosaken nalika sampun dumugi ing pungkasaning warsa 2023 punika?

(Pengkhobah paring wêwêngan pasamuwan mangsuli pitakè-nan kasêbat – dipun keparêngaken wawan-rêmbag kaliyan pasamuwan)

Para Sêdhèrèk ingkang kinasih,

Wontên salah satunggaling lélagon, ingkang ngêmu suraos lèbêt, lan sumangga kita gêgilut sêsarêngan ing pungkasaning taun 2023 punika. Sumangga kita kidungaken sêsarêngan, manut cakêpan ing **KPJ 395**, kanthi irah-irahan **SAWATARA AKU NOLÈH**

1. Sawatara aku nolèh marang dalan kang dakliwati,
 sihé Gusti kang dak tanpa kanthi eraming ati.
 Sanadyan akèh alangan wah kandhang lelimengan,
 nanging Gusti karsa nuntun.
 Mulané aku ngungun, wit astaning Allah ngreksa,
 temah rumangsa begja
2. Ora merga aku becik, tanganku tinuntun astanya;

ora jalaran sampurna, aku tansah rineksa.
 Aku tansah kaeraman, wit tansah binerkahan.
 Kadiparan nggonku nampa sih tresnane Kang Kwasa?
 Daklakoni, dakedumken marang umat sadoya.

Para Sêdhèrèk ingkang dipun trêsnani déning Gusti,

Nalika kita ngidungakên lêlagon kalawau, punapa ingkang karaosakên? (*Pengkotbah paring wêwêngan pasamuwan paring wangsulan; kalajêngakên paring andharan sawêtawis*)

Inggih, lèrês sêdaya! Èstunipun kita kèdah ngrumaosi bilih tanpa panganthinipun Gusti, kula lan panjenengan mboten badhé kwawi nglampahi gesang dumugi ing pungkasaning warsa punika. Kados cakêpan ing lelagon kalawau, menawi kita purun nolèh sawêtawis wêkdal, pranyata lampah kita asring manggih alangan, kala-mangsani pun ugi ngraosaken pêtêng-lêlimêngan, kepara jangkahing suku punika asring ugi karaos tanpa colok pepadhang. Ewasemanten, ing salêbêting kawontenan ingkang kados mekaten, panganthinipun Allah lumantar katresnanipun tansah nyarêngi kita. Panjenenganipun ngatag, nganthi, ngiyataken, lan mitulugi kita ngginakakên cara ingkang ngéram-éramakên, lan punika ndadosakên raos ayêm ing manah.

Para Sêdhèrèk ingkang dipun trêsnani déning Gusti,

Sedaya ingkang katindakaken déning Gusti Yésus tumrap kita, punika kalampahan awit Panjenenganipun minangka Pepadhang Jagad, ugi Pepadhang gesang! Injil Yohanes 8: 12 ngandharaken bilih *Gusti Yésus paring dhawuh manèh marang wong akèh: “Aku iki pepadhang jagad; sing sapa ngêlut-buri Aku, ora bakal lumaku ana ing pêtêng, nanging bakal nduwèni padhang urip.”* Pangandika punika kanthi cêtha lan nandhês kapangandikakakên minangka piwucal, rikala Gusti Yésus abên-ajêng kaliyan para tiyang Farisi, inggih para pangawaking agami ing wêkdal sêmantên. Pangandika ingkang ugi tinampik déning para tiyang Farisi, ingkang èstunipun botên ngakêni bilih Gusti Yésus minangka Margining Pepadhang. Kanthi mekaten, sejatosipun Gusti Yésus badhé nandhêsakên

bab bèntênipun Piwucalipun lan andharan ingkang kawulangkên déning para tiyang Farisi.

Ing wêkdal sawau, para tiyang Farisi minangka pangawaking agami, langkung nêngênakên piwucal magêpokan kaliyan bab agaminipun piyambak lan ngiwakakên kanyataning bebrayan ageng ingkang sawêg prihatos ngraosakên panandang amargi kajajah déning bangsa Romawi. Amargi bab punika dados undêraning piwucal, ndadosakên para tiyang Farisi ginubêl ing pêpêtêng lan sagêd kawastanan njlomprongakên.

Ing kawontenan ingkang kados mekaten, para tiyang Farisi kepara njeksani Gusti Yésus mawi manéka-warni srana. Pramila Gusti Yésus lajêng paring wangsulan kanthi barès lan wicaksana, kados ingkang cinêtha ing ayat 17-18, mekaten: “Lan sajroning Torètmu katulisan, yen pasêksèné wong loro iku sah. Aku kang nêksèni mungguh awakKu dhéwé, lan uga Sang Rama kang ngutus Aku iya nêksèni mungguh ing Aku.” Lumantar pangandika punika Gusti Yésus nêgêsakên bilih Pasêksinipun saestu sah. Amargi Panjenenganipun nêksèkakên samukawis sesarengan kaliyan Sang Rama, lan mboten namung pasêksènipun tiyang. Gusti Yésus ugi nêgêsakên bilih Pepadhang ing Aluhur ingkang sawêg makuwon ing Dhiripun, ingkang kenêbêkan panguwaos, inggih Pepadhang ingkang tansah dados adêg-adêging sabên tiyang salebeting nglampahi gesang punika.

Lumantar Piwucalipun, saben kita saged nyinau kadospundi anggèn Gusti Yésus njlèntèrhakên bab Panjenenganipun nalika abên-ajêng kaliyan para tiyang Farisi. Inggih satunggaling gêgambaran bilih sadanguning tiyang gesang, saged ugi taksih ginubêl ing lèlimênganing pêpêtêng. Lumantar piwucalipun minangka Pepadhang ing Jagad, Gusti Yésus kuwang madêg dados adêg-adêging gesang ingkang nyagêdakên sabên tiyang tansah gesang ing salêbêting pepadhang, ingkang mboten dipun kuwaosi malih déning pêpêtêng. Pepadhang kasebat èstu minangka landhêsaning gesang murih saben tiyang mboten kesasar lan saged dipun kuwaosi déning pêpêtêng. Pramila saben tiyang kedah kaéntasakên saking pêpêtêng.

Para Sêdhèrèk ingkang kinasihan ing Gusti,

Magêpokan bab pêpadhang, sumangga kita sesarêngan niti-priksa lan nitèni pakulinanipun akathah, mligi nalika mapag ginantosing warsa. Wonten ingkang taksih karépotan ing papan lan padamêlanipun. Wonten ingkang langkung milih nyawisakên sawêrnining pista. Malah amargi kebablasên anggènipun nelakakên kabingahan, adat saben wonten ugi ingkang ngantos ndêm-ndêman. Lan ing ngriku kathah tiyang lajeng dhumawah ing pêpêtêng. Wonten malih sanèsipun, ingkang milih plêsir lan nêlaskakên wragad kathah, sinaosa *diréwangi amèk utang*. Lan sapiturutipun. Inggang bakên, sejatosipun pakulinan-pakulinan kasebat namung mburu kasênêngan ingkang asipat kadonyan. Kamangka taksih kathah ingkang kedah dipun lampahi sanèsipun. Karem ing sawêrnining pahargyan kados mekatèn, ndadosakên tiyang nglirowakakên padatanipun raos sokur déné piyambakipun tansah ginanjar berkah déning Gusti, ingkang ngirid gesangipun dumugi pungkasaning warsa punika.

Para Sêdhèrèk ingkang kinasih,

Menawi kita ngrumaosi, èstunipun kathah sanget kanyataning gesang ingkang ndhawahaken kita ing lelimênganing pêpêtêng. Kanggé conto upaminipun rikala kita sawêg sakit lan ngraosakên panandhang, rumaos mboten kasil, lan nglokro, punapa malih nalika sawernining kanyatan asring mboten condhong kaliyan pangangên-angên. Éwasemanten ing wekdal punika kita kaémutakên malih, supados tansah mbangun-turut ing margining Allah minangka Pepadhang adêg-adêging gesang.

Kanyatan pêpêtênging gesang ngêkahakên panggêgilut kita magêpokan prêlunipun tansah kinanthi déning Gusti Sang Pepadhang sadanguning nglajengaken gesang. Tumrap sok-sintena ingkang ngênêr ing pepadhanging Allah, mesthi tansah ginanjar kawicaksanan, ingkang tukipun saking Gusti. Cariyos bab lelampahan gesangipun Sang Prabu Soléman ingkang tansah ndedonga lan nyenyuwun kawicaksanan dhumateng Gusti, dados cêcala nalika kita ugi badhé nyênyuwun ing Ngarsanipun Gusti. Inggih punika nyênyuwun ing babagan ingkang paling kabêtahakên, sanès ingkang namung ngrêmênakên manah.

Jêjêr Ratu, Sang Prabu Soléman mêtthi mbetahaken kathahing raja-brana lan ugi kaajèni kalênggahanipun. Ananging, bab punika mboten ndhatengaken paédah punapa-punapa, menawi tanpa kawicaksanan saking Allah ingkang nuntun gesangipun. Tanpa kawicaksanan saking Allah, raja-brana lan kalênggahan badhé pinanggih nglaha lan malah sagêd ndhawhakên tiyang dados sesongaran. Nalika kita winêngku ing Pepadhanging Allah, kita kasagêdakên milih lan milah kakanthi Kawicaksananing Allah. Nyenyuwun mboten adhedhasar ombyaking pepénginan, nanging ugi kalandhesaken kabêtahan ingkang munpangati. Nyinau lelampahan gesangipun Sang Prabu Soléman, mbêrêg kita nggadahi pangêrtosan anyar bilih ndedonga pranyata mboten namung ngrêmbag bab nyenyuwun adhedhasar pikajêng kita, nanging ugi kedah kajumbuhakên kaliyan Karsanipun Allah tumrap dhiri kita lan sesami.

Sumangga kita pungkasi warsa 2023 punika kanthi nyuwun pepadhanging Allah, lan sesarengan ngidung mawi Bahasa Indonesia, manut cakepan ing Pelengkap Kidung Jemaat 308 kanthi manah ingkang lêbêt lan kita ambali kaping tiga.

Yésus, terang-Mu pelita hatiku.
Jangan keg'latan menguasaiku.
Yésus, terang-Mu pelita hatiku.
Biar selalu kusambut cinta-Mu!

(WIT - MGK)

KHOTBAH Warsa Anyar

Senin, 1 Januari 2024

Waosan 1: Wilangan 6:22-27
Tanggapan: Masmur 8
Waosan 2: Galatia 4:4-7
Injil: Lukas 2:15-21

Jumangkah Ing Salebeting Berkahipun Gusti



KHOTBAH JANGKEP

Jumangkah Ing Salebeting Berkahipun Gusti

Sugeng warsa anyar para laré, ibu, bapak, lan sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti!

Kadospundi kabaripun sasampunipun mungkasi taun 2023 wau dalu? Punapa wonten ingkang damel tekad kanggé nglampahi gesang ing taun 2024 punika? Punapa wonten ingkang mangu-mangu, lajeng mboten gadhah greget kanggé mangun impèn utawi pangajeng-ajeng ingkang badhé kagayuh ing taun punika?

(saged katindakaken wawan pangandikan kaliyan umat)

Pasamuwan ingkang kinasih,

Ing wekdal punika kita dumunung wonten ing kawontenan VUCA, ...Wah, punapa punika VUCA? VUCA cekakan saking *Volatile* (boten stabil, mboten ajeg), *Uncertain* (boten gumathok), *Complex* (manékawarni), *Ambiguous* (ambigu, mangrotingal). Tegesipun jagad panggènan kita gesang punika ngalami éwah-éwahan ingkang cepet lan ajeg. Kathah bab ingkang kalampahan tanpa kita mangretosi sadèrèngipun. Saged kalampahan ugi dinten punika tiyang taksih saged nyambut damel, nanging sawetawis dinten salajengipun ngalami *pemutusan hubungan kerja* amargi wonten éwah-éwahan ageng ingkang njalari perusahaan damel putusan makaten. Saged

kalampahan dinten punika tiyang taksih saged tumbas uwos utawi bènsin kanthi regi mirah, nanging dinten-dinten candhakupun mindhak kanthi reregèn ingkang inggil. Punapa malih wontenipun sesakit ingkang tanpa kininten makaten sapiturutipun. Donyaning gesang kita tansah ngalami éwah-éwahan ingkang cepet lan mboten kita kinten sadèrèngipun.

Kejawi punika taksih kathah bab ingkang mangaribawani tumrapping gesang kita tanpa kita rumaosi. Bab ingkang makaten kedadosan jalaran gesang kita punika wonten sesambetanipun kaliyan kawontenan ing nagari-nagari manca, wonten ing madyaning perekonomian global. Punapa ingkang kalampahan ing negari manca badhé ngèmbèt ing negari kita.

Punapa malih wontenipun bab ingkang mblawuraken kasunyatan lan bebener lan ingkang namung manut wawasanipun piyambak. Sedaya punika njalari kita dados bingung. Punapa ingkang katingalipun leres ing jagad maya jebul ing kasunyatan mboten pinanggih leres. Wonten tiyang-tiyang ingkang ngetingalaken kasugihanipun dhateng pundi-pundi sanadyan kawontenan sanyatanipun ngosokwangsul. Tiyang ingkang kados mekaten rumaos kedah mbiwarakaken sinten piyambakipun kanthi pamèr kasugihan sanadyan kasunyatanipun kosokwangsulipun. Jagad punika saweg wonten ing éwah-éwahan, makaten ugi wonten ing paugeman ingkang dipun cepengi. Kathah tiyang mboten ngudi dhateng punapa ingkang dipun betahaken, nanging ngudi ing bab damel bombonging manahipun.

Ing kawontenan ingkang makaten, lajeng punapa ingkang kedah kita tindakaken?

Wekdal punika kita sinau saking bangsa Israèl kuna ingkang wekdal samanten nembé wonten ing ara-ara samun lumampah tumuju dhateng tanah prasetyan. Ing wekdal samanten bangsa punika pindhah-pindhah saking papan satunggal dhateng papan sanèsipun. Kadhangkala bangsa punika kedah aben-ajeng kaliyan bégal ingkang ngancam bandha dalah nyawanipun. Bangsa Israèl ugi kedah ngadhepi kéwan galak. Ing wekdal ingkang makaten, inggih bangsa kasebat

ngalami bab ingkang adamel mboten gumathok lan ngadhepi kakiyatan-kakiyatan ingkang samidéné memengsahan.

Ing kawontenan ingkang kados makaten Gusti Allah nedahaken katresnanipun dhumateng umat. Panjenenganipun ndhawuhi Harun lan anak-anakipun minangka imam lan palados pangibadah ing Israèl kuna, ngandharakaen berkah kados ingkang kaserat ing Wilangan 6:24-26 menawi sami nglantaraken berkah dhateng umat Israèl. Andharan berkah kasebat trep sanget kaliyan punapa ingkang dipun betahaken umat ingkang gesang pindhah-pindhah wonten ing ara-ara samun wekdal samanten. Umat sanget anggènipun mbetahaken kakiyatan saking Gusti awujud berkah, pangayoman lan pitulunganipun Gusti. Lan sadaya wau kedah sacara lisan kaandharaken dhumateng umat supados sami saged ngraosaken katen-treman, pangayoman lan kabagyan ing kawontenan kadosa punapa kémawon ingkang kalampahan ing gesangipun.

Pratélan andharan berkah kasebat karipta lumantar geguritan ingkang kapérang dados tigang rerangkèn ukara ingkang éndah: (1) Pangéran Yéhuwah muga maringana berkah marang kowé, lan ngayomana kowé; (2) Pangéran Yéhuwah muga nyunarna cahyaning wadanané marang kowé, lan maringana sihrahmat; (3) Pangéran Yéhuwah muga karsaa nungkulaké wadanané marang kowé, lan maringana tentrem rahayu

Sarana andharan berkah ingkang sepisanan kasebat, badhé kapangandikakaken bilih Gusti mboten namung mberkahi gesangipun umat (kita) sawetahipun (pribadi, brayat, sandhang, pangan, papan, pangupajiwa, lsp), ananging ugi njagi lan ngayomi umat (kita) saking mengsah utawi tetiyang ingkang badhé ngganggu lan ngrisak gesang umat (kita).

Andharan ingkang kaping kalih badhé mratélakaken bilih Gusti karsa ngeneraken wadanani-Pun dhateng umat (kita) kanthi kebak katresnan, kawigatosan, lan sumadhiya mitulungi umat (kita) kadosa punapa kémawon kawontenanipun.

Pasuryan ingkang kaeneraken kanthi kebak katresnan punika ngènetaken kita dhateng pasuryanipun rama/ibu/tiyang ingkang nresnani kita kanthi raos asih. Langkung saking punika, wadanipun Gusti ingkang kaeneraken dhateng umati-

Pun (kita) punika nyunaraken welas ashipun Gusti ingkang kebak kawasa lan kepareng maringi sih-rahmat dhateng umat (kita).

Sunaring katresnanipun Gusti kaparingaken supados umat ingkang sawegwonten ing gesang ingkang asrep tanpa daya saged ngraosaken anget wonten ing sih katresnanipun Gusti. Panjenenganipun nyunari umat (kita) ingkang gesang wonten ing pepeteng supados kasagedaken ngraosaken bilih gesangipun (kita) badhé tansah wonten ing pepadhangipun Gusti.

Kejawi punika, Gusti inggih maringaken sihrahmati-Pun dhateng saben tiyang ingkang binerkahan. Sih-rahmat punika pinangka prakawis ingkang dipun betahaken umat (kita), ingkang kaparingaken kanthi lelahanan, kanggé mitulungi umat (kita) wonten ing kawontenan punapa kémawon ing gesang punika, dadosa bingah punapadéné sisah, gagal punapadéné kasil, temahan kita tansah gesang wonten ing pamengkuning katresnanipun Gusti.

Déné pratélan ingkang kaping tiga badhé ngandharaken bilih Gusti karsa nungkulaken wadanani-pun dhateng umat (kita), karsa maringaken tentrem rahayu ingkang dipun betahaken déning umat (kita). Tentrem rahayu ing ngriki sinebat syalom ingkang tegesipun mboten namung katentreman wonten ing manah lan gesangipun manungsa, nanging inggih ugi ing bab kacekapan menggahing samudayanipun. Lumantar pratélan berkah punika Gusti badhé paring katentreman wonten ing manah lan gesangipun umat (kita). Panjenenganipun inggih karsa maringaken berkah kacekapan kanggé kita umatipun, punapa kémawon pedamelan, kalenggahan, lan kawontenan kita. Uger kita purun gesang lan mlampah wonten ing berkahi-Pun, sadaya ingkang saé badhé katindakaken déning Panjenenganipun kanggé kita, sanadyan kasunyatan ingkang kita lampahi mbokbilih saweg mboten pinanggih mbingahaken. Berkah ingkang makaten punika ingkang kita betahaken ing sauruting taun 2024, ing satengahing kawontenan ingkang mboten guma-thok lan kebak ing manékawarni prakawis ingkang mbokmenawi dipun keparengaken Gusti kalampahan ing gesang kita.

Para Laré, Ibu, Bapak, lan Sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti,

Ukara ingkang dipun ginakaken minangka jejer sengaja mboten milih “Jumangkah kanthi berkahipun Gusti” nanging “Jumangkang ing salebeting berkahipun Gusti”. Awit menawi ngginakaken tembung “kanthi” punika ateges berkah pinisah saking gesang kita, lajeng berkah kaanggep minangka piranti kémawon. Ananging kanthi ngginakan tembung “ing salebeting” badhé nedahaken bilih kita gesang wonten ing berkah. Berkah ingkang saking Gusti lan ingkang wonten ing panguwaosipun, saha ingkang prelu kita gegesang ing lebetipun. Punika amargi kita dados para putranipun Allah.

Galatia 4:7 ngandharaken, “Dadiné kowé kabeh iku wus dudu batur tukon manèh, nanging putra; lan yèn kowé kabeh iku putra, kowé iku uga padha dadi ahli-waris marga saka Gusti Allah.” Lumantar ayat punika kita dipun èngetaken bilih anamung pakaryan panebusing dosa déning Gusti Yésus temahan saben tiyang ingkang pitados dhumateng Panjenenganipun pikantuk sebatan anyar, inggih punika minangka putranipun Allah, sanès batur malih. Kalenggahan punika nedahaken rumaketing sesambetan antawisipun tiyang sepuh kaliyan anak. Sesambetan tiyang sepuh lan anak punika sesambetan ingkang sakelangkung raket, samidéne tresna-tinresnan lan samidéne anyengkuyung. Sesambetan ingkang kados makaten punika ingkang samesthinipun kalampahan ing antawising Gusti Allah kaliyan umat (kita) ingkang sampun nampèni panebusan.

Saking sesambetan ingkang semanten raketipun punika badhé nukulaken tiyang ingkang marisi sesipating Allah kados ingkang sampun katuladhaaken déning Gusti Yésus ing gesangipun. Kita kedah amarisi pakaryan-pakaryanipun Allah ingkang kedah kita wujudaken ing gesang punika. Kejawi punika, kalenggahan minangka putranipun Allah nedahaken bilih DNA utawi “bab ingkang satata tedhak turun” saking Gusti Allah ingkang arupi Roh Suci cetha dumunung ing manah kita. Roh punika ingkang ndhatengaken katresnan lan kekendelan ing salebeting pamikir, manah lan pandamel, sanès rohing panguwulan lan ajrih. Lumantar Roh punika kita matur, “Abba, Rama.”

Punika dados berkah ingkang paling inggil ingkang kita tampi saking Gusti Allah lumantar pangurbananipun Gusti Yésus wonten ing kajeng salib, ingkang kita betahaken wonten ing sabeting gesang kita ing taun 2024 lan salajengipun.

Para Laré, Ibu, Bapak, lan Sadhèrèk ingkang kinasih,

Wonten ing cariyos Natal kita sumerep kadospundi malaékatipun Gusti ndhatengi para pangon lan martosaken pawartos kabingahan. Lukas 2:9 nyerat, “Dumadakan ana malaékating Pangéran jumeneng ing sacedhaké sarta padha kasorotan ing cahya kamulyané Pangéran ...” Salajengipun, sasampunipun malaékat purna anggènipun paring pangandika, lajeng wonten bala tantra swarga ingkang ngluhuraken Allah, panguwuhipun, “Kamulyakna Gusti Allah kang ana ing ngaluhur lan tentrem-rahayu anaa ing bumi, ing antarané manungsa kang dadi renaning panggalihé.” (Ayat 14)

Saking ayat-ayat wau kita manggihaken pratélan berkah ingkang naté kaandharaken ing Wilangan 6: 24-26 ugi pinanggih wonten ing cariyos Natal. Pratélan berkah wau inggih ketinggal wonten ing salamipun malaékat Gabriel dhateng Maryam. Lukas 1: 28 nyebataken, “Bagéa, kowé kang kinasihan, Pangéran tansah nganthi marang kowé.”

Saking kalih cariyos Natal kasebat, kita saged sinau kalih prakawis: Sepisan, jalaran dhatengipun malaékatipun Gusti kanthi berkah ingkang dipun paringaken dhateng para pangon, pramila para pangon mboten ngalami raos ajrih. Sami gadhah semangat kanggé madosi ing pundi Sang Timur inggih Gusti Yésus kawiyosaken kanggé mbuktèkaken pangandikanipun malaékat. Wohipun, para pangon wau manggihaken punapa ingkang kapireng saking malaékat (ay. 20). Awit saking punika piyambakipun sami wangsul kanthi manah ingkang kebak kabingahan, memuji, ngluhuraken Gusti Allah. Punika nedahaken bilih wonten pangaribawa ingkang ageng karana pepanggihanipun manungsa kaliyan malaékat ingkang dipun utus déning Allah. Wonten bab ingkang éndah nalika berkah kaparingaken dhateng manungsa (kita). Kaping kalih, kita sinau saking Maryam, inggih punika kadospundi piyambakipun saged

nyimpen wonten ing manahipun sadaya prakawis ingkang winadi ingkang dipun lampahi lan karaos-raosaken (ay. 19). Punika sadaya kalampahan awit Maryam jinangkepan déning Gusti Allah sadaya kanugrahan ingkang dipun betahaken supados saged ngemban dhawuh minulya kanggé nglairaken Sang Timur Juruwilujeng. Bab punika nyata saking ingkang sampun kapangandikakaken déning malaékat Gabriel wau, “Bagéa, kowé kang kinasihan, Pangéran tansah nganthi marang kowé.”

Tembung “sih-rahmat” wonten ing ayat kalawau sanès tembung nglaha utawi namung damel memanis uluk salam. Tembung punika saèstu mengku wujud ingkang sih-rahmatipun Allah dhateng Maryam. Punika satunggaling prakawis ingkang mirungga saking Allah dhateng Maryam, satunggaling prakawis ingkang dipun betahaken déning Maryam salebeting ngemban dhawuh saking Gusti Allah. Saking kalih sisih wau, kita dipun ènetaken bilih Gusti badhé maringi ganjaran sih-rahmat dhateng kita ing bab punapa kémawon ingkang kita betahaken, supados kasagedaken nglampahi punapa kémawon ingkang dipun parengaken Gusti kalampahan ing gesang kita. Kita mbetahaken berkahipun Gusti ing salebeting gesang ingkang mboten saged katemtokaken punika. Ing salebeting berkahipun Gusti punika kita kedah mlampah sapecak mbaka sapecak, dinten gantos dinten, minggu gantos minggu, wulan gantos wulan ing salebeting berkahipun Gusti awit berkahipun Gusti punika sumbering kakiyatan kita. Amin.

[MH/TK]

KHOTBAH**Pambaptisan Gusti Yésus***Minggu, 7 Januari 2024*

Waosan 1: Kejadian 1:1-15
 Tanggapan: Masmur 29
 Waosan 2: Para Rasul 19:1-7
 Injil: Markus 1:4-11

Baptisanipun
Gusti Pratandha
Pangajeng-ajeng

**KOTBAH JANGKEP****“Baptisanipun Gusti Pratandha Pangajeng-ajeng”**

Pasamuwan ingkang kinasih, miturut Kalender Liturgi, dinten punika inggih Minggu Pambaptisan Gusti Yésus, ewadéné kalawingi tanggal 6 Januari inggih Pahargyan Epifani. Kénging punapa kita mahargya dinten Pambaptisanipun Gusti Yésus? Baptisanipun Gusti Yésus ingkang kaladosaken déning Yohanes Sang Pambaptis ngemu suraos ingkang wigati sanget gegayutan kaliyan pakaryanipun Allah anggènipun milujengaken manungsa. Sekawan Injil (Matéus, Markus, Lukas, Yohanes) sami nyerat lelampahan punika. Bab punika nedahaken kadospundi wigatinipun lelampahan kasebat. Ing wekdal punika kita badhé sinau lan ngraosaken kanthi mirungga bab paseksinipun Injil Markus ingkang sinerat ing Markus 1: 4-11.

Ing wiwitaning Injilipun, Markus nyebataken wonten priyayi tiga ingkang pinunjul wonten ing pakaryan kawilujengan ing Gusti Allah. Priyayi tetiga kasebat inggih punika Yésaya (ayat 2) Yohanes Sang Pambaptis (ayat 14) lan Yésus (ayat 9). Saestu narik kawigatosan sanget menawi nggatosaken saking asma-asma wau. Yésaya wonten ing basa Ibrani *Yəša‘yāhū* tegesipun “Gusti Allah iku juruslamet”. Yohanes wonten ing basa Yunani *Ιωάννης* - Ioannes, “Gusti iku mahamirah”. Yésus wonten ing basa Yunani *Iēsoûs* ingkang asalipun saking basa Ibrani *Yēhōshuaʿ*, Yosua utawi basa Aram *Yēšhûāʿ*, ingkang tegesipun

“Gusti juruwilujeng.” Kanthi nyebataken priyagung tetiga punika, Markus badhé nedahaken wontenipun kalajengan ing antawising pakaryan kawilujengan ingkang katindakaken déning Allah ing Prajanjian Lami lan Prajanjian Anyar.

Yohanes Sang Pambaptis katelah minangka tiyang ingkang kaweca déning nabi Yésaya dados utusan ingkang nyawisaken margi kagem Sang Juruwilujeng. Markus nedahaken bilih Yohanes Sang Pambaptis tumemen anggènipun nindakaken timbalanipun. Katrangan ingkang nyebataken bilih Yohanes Sang Pambaptis nedha walang lan madu alas nedahaken ugi kadospundi piyambakipun nglampahi gesang kanthi nedha tetedhan ingkang winates. Piyambakipun mboten sami kaliyan tiyang kathah ingkang ketaman kadonyan. Piyambakipun ngundhangaken timbalan pitobat lan pangapuntening dosa. Kathah tiyang ingkang sowan, sami ngakeni dosa lan kabaptis dening piyambakipun ing lèpèn Yardèn (ayat 5). Baptisan ingkang katindakaken déning Yohanes punika baptisan pamratobat.

Baptisan pamratobat kaeneraken kanggé para tiyang ingkang nandhang dosa ingkang purun ngrumaosi lan keduwung awit dosanipun. Dados, baptisan pamratobat punika temtu kémawon mboten trep katindakaken tumrap ingkang mboten nandhang dosa, inggih punika Gusti Yésus Kristus, Sang Mesih. Yohanes Sang Pambaptis ngaturi paseksi dhumateng Sang Mesih ingkang badhé rawuh nungka piyambakipun. Yohanes nyebataken bilih, “*Sawisé aku bakal rawuh kang panguwaosé ngluwihi aku...*” (ayat 7). Ingkang langkung kawasa badhé rawuh sanès Yohanes Sang Pambaptis lan manungsa ingkang sami sowan dhumateng Panjenenganipun. Nanging Panjenenganipun ingkang ngrawuhi manungsa. Panjenenganipun kawasa paring pangapuntening dosa lan maringaken Roh Suci kanggé tiyang pitados. Awit saking punika Yohanes nglengganani bilih piyambakipun rumaos mboten pantes sanadyan namung nguculi ageming trumpahipun Sang Juruwilujeng.

Punapa ingkang kawartosaken déning Yohanes Sang Pambaptis punika katetepan déning Gusti Yésus saking Nazarèt, “Nalika samana Gusti Yésus rawuh saka ing kutha Nasarèt ...” (ayat 9). Gatosna tembung “rawuh” ing ayat punika Juru Wilu-

jeng rawuh, Panjenenganipun tedhak, Panjenenganipun nyelak, Panjenenganipun manggihi manungsa dosa. Sejatnipun, pancèn sanès manungsa ingkang sowan dhumateng Allah, awit manungsa mboten kuwawi sowan marek dhumateng Allah. Kosok wangsulipun Gusti Allah ingkang karsa ngrawuhi manungsa dosa kanthi panguwaos lan katresnani-Pun.

Wonten ing sariranipun Gusti Yésus saking Nazarèt, Gusti Allah mboten namung ngrawuhi manungsa dosa nanging Panjenenganipun inggih ngasoraken sarira supados kabaptis déning Sang Yohanes. Tegesipun, Gusti Yésus ingkang jumeneng Kristus nyawisaken sarira kanggé nanggél dosanipun manungsa. Rasul Paulus mratélakaken, *“kang sanadyan ngagem sipating Allah, ewadéné anggoné sajajar karo Gusti Allah iku ora kaanggep bab kang kudu dikekahi, nanging malah wus nyuwungaké sarirané piyambak, lan ngagem sipating abdi, sarta wus dadi padha karo manungsa. Apamanèh ing sajroné wujud manungsa iku Panjenengané wus ngasoraké sarirané lan sumuyud nganti séda ana ing kayu salib.”* (Filipi 2: 6-8). Gusti Yésus Kristus manggul momotaning dosanipun manungsa lan nyèlèhaken wonten ing pundhaki-Pun piyambak. Panjenenganipun mikul dosanipun manungsa, supados manungsa nggadahi gesang ingkang kebak pangajeng-ajeng.

Markus neksèni bilih nalika Gusti Yésus mentas saking toya lèpèn, Roh pindha peksi dara nedhaki Panjenenganipun lan kapiyèng suwanten saking swarga: “Sira iku Putra kang Suintresnani, kang dadi kaparenging panggalihingSun.” (ayat 11). Gatosna bilih Roh Suci tumedhak lan suwanten saking swarga kapiyèng nalika Gusti Yésus miyos saking toya lèpèn, tegesipun sasampunipun Gusti Yésus kabaptis. Punika negesaken, pambaptisan Gusti Yésus déning Yohanes Sang Pambaptis minangka pérangan saking rancangan, karsa lan panggalhipun Allah piyambak. Salajengipun, lelampahan tumedhkipun Roh Suci lan suwanten saking swarga nandhesaken kalenggahan ingkang mirungga kabandhingaken kaliyan nabi Yésaya lan Yohanes Sang Pambaptis. Para nabi kautus minangka pawartos kawilujengan, ananging Gusti Yésus Kristus punika saèstu dados wujuding kawilujengan piyambak.

Para sadhèrèk ingkang kinasih, lelampahan pambaptisanipun Gusti Yésus punika dados tandha lan tetanggèlan bilih Gusti Allah kepranan milujengaken manungsa dosa. Awit saking punika pambaptisan Gusti Yésus ndhatengaken pangajeng-ajeng tumrap saben tiyang ingkang purun pitados dhumateng Panjenenganipun. Pambaptisanipun Gusti Yésus minangka tandha wontenipun dinten-dinten mangajeng ingkang kebak pangajeng-ajeng

Pambaptisanipun Gusti Yésus inggih mulangaken dhateng saben tiyang ingkang sampun kabaptis wonten ing asma Dalem Gusti Yésus inggih ing asmanipun Allah Sang Rama, Sang Putra, lan Sang Roh Suci) supados:

- a) Tansaha sinau andhap asor. Mboten rumaos gesangipun ingkang paling leres lan suci. Awit sejatinipun Sang Kristus ingkang nyucèkaken kita. Sanès kita ingkang nggadhahi kekiyatan lan nyowani Gusti, ananging Gusti ingkang kepranan ngrawuhi kita lan nanggèl dosa kita. Gusti piyambak ingkang kepranan mardikakaken kita saking dosa temahan kita ndarbèni dinten-dinten mangajeng ingkang kebak pangajeng-ajeng.
- b) Sumangga kita sami nglenggahaken Sang Kristus minangka tetuladhan kanggé nglampahi gesang ingkang mranani ing ngarsanipun Gusti Allah. Saben tiyang ingkang sampun kabaptis wonten ing séda lan wungunipun Gusti Yésus wajib gesang kadosdéné Gusti Yésus ingkang gesang. Punapa kita kuwawi nindakaken? Kanthi kakiyatan piyambak temtu mboten saged. Ananging den-enget, Roh Suci ingkang sampun kaparingaken dhateng kita, badhé nyagedaken lan njangkepi kita. Amin.

[ERY/TK]

BAHAN TATA PANGIBADAH

*Minangka satunggaling bakalan, punapa ingkang
kacawisaken ing buku punika prelu dipun olah
malih jumbuh kaliyan kawontenanipun
pasamuwan piyambak-piyambak*

BAHAN LITURGI**Minggu Advèn I***Minggu, 3 Désèmber 2023*

Katerangan:

PS.: Pelados Sabda

PL: Panuntun Liturgi

M1,2: Majelis 1,2

U: Umat

L: Lektor

**Nyrantos ing
Salebeting
Pangajeng-ajeng lan
Sumarahing Manah**

**PACAWISAN**

- Organis/pianis ngungelaken pepujèn ingkang saged mbekta swasana lumebet ing pangibadah
- Pasamuwan sami ening sawatawis, cecawis lumebet ing pangibadah
- Pamaosing wartos pasamuwan.

TIMBALAN PANGIBADAH*(Umat Jumeneng)*

PL: *(PL nyumed Lilin Advèn 1 warni ungu, kalajengaken maos timbalan pangibadah)*

Pasamuwan ingkang dipuntresnani lan nresnani Gusti Yésus Kristus, satunggal lilin ingkang kasumed punika mratandhani bilih kita sami lumebet ing Minggu Advèn ingkang kapisan. Wekdal Advèn inggih punika wekdalipun kita sadaya sami katimbangan kanggé mratobat, sinarengan nyrantos rawuhipun Gusti ing salebeting pangajeng-ajeng lan sumarahing manah. Awit saking punika sumangga kita purwakani sarana memuji saking kidung pasamuwan Jawi: KPJ 17:1-3

KPJ 17:1-3 “Mugi Rawuha dhuh Gusti”

1. Mugi rawuha, dhuh Gusti, Mugi rawuha dhuh Gusti
Mugi rawuha , dhuh Gusti, mugi rawuh, dhuh Gusti
2. Kula nyawiji, dhuh Gusti, kula nyawiji dhuh Gusti
Kula nyawiji dhuh Gusti, kula sami nyawiji
3. Kula memuja, dhuh Gusti, kula memuja dhuh Gusti
Kula memuja dhuh Gusti, kula sami memuja

VOTUM

PS: Pangibadah Minggu Advèn ingkang kapisan punika kalampahan awit saking pitulunganipun Allah, ingkang sampun nitahaken langit, bumi dalah saisinipun, lan ingkang setya tuhu netepi sadaya prajANJI kawilujenganipun ingkang sampun winedhar.

U: **(mujèkaken Amin, Amin, Amin)**

SALAM

PS: Sih rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita, lan saking Gusti kita Yésus Kristus mugi wontena ing panjenengan sadaya.

U: **lan wontena ing panjenengan ugi**

ATUR PAMBUKA

(Umat Pinarak Lenggah)

PL: Kita sadaya sami ngrumaosi bilih pagesangan wonten ing bumi punika nembé kirang saé. Bencana alam, tumindak kasar lan mblasar kalampahan ing pundi-pudi panggènan. Nanging sumangga sami kita seksèni bilih Putranipun Manungsa badhé énggal rawuh. Sami kapapagna rawhipun sarana rerengganing kasucèn. Sumangga kita sami memuji Gusti kanthi repèning kidung KPJ. 222:1-3

U: **(mujèkaken KPJ. 222: 1-3)**

KPJ 222:1-3 “Dumeling Kapyarsa”

1. Dumeling kapyarsa, sabawa sung warti
Supados sami sadhiya, rawuhnya Njeng Gusti
Reff.
Gusti paringa manah kang suci
Kénging kanggé ngurmati, rawuhnya Njeng Gusti

2. Kabingahan amba, saèstu nglangkungi
Jalaran rawuhing Gusti, jagad dèn resiko
Reff.: ...
3. Kasucèning manah, karesikaning tyas
Dédé saking lebet amba, kajawi mung sih-Nya
Reff.: ...

PANGAKENING DOSA

PL: Wekdal Advèn, mujudaken wekdalipun kita sadaya sami katimbangan mulad sarira. Awit saking punika, sumangga sami kita aturaken raos panalangsa sarta patobat kita sacara pribadi saé wonten ing ngarsanipun Gusti Allah punapadéné sesami. Sumangga kita sami ndedonga sacara pribadi: *(sami ndedonga sacara pribadi lan katutup déning PL)*

U: **(mujèkaken kidung KPJ 53: 1,2)**

KPJ 53:1,2 “Kapyarsi Gusti Nimbali”

1. Kapyarsi Gusti nimbali, Hé wong kamomotan
Mareka lan mbukak ati nampi pangluwaran
Kula ngayom maring Gusti, dyan ayem sejati
Awit tansah binerkahan, sinung karaharjan
2. Kapyarsi Gusti nimbali, Wong ngelak mareka
Ngombé banyu panguripan kang saka ing swarga
Kula ngungsi maring Gusti, sinungan Roh Suci
Nuntun mrih mursid yekti, tresna mring sesami

PAWARTOS SIH RAHMAT

(Umat Jumeneng)

PS: Awit saking katresnanipun ingkang mboten winates, Panjenenganipun karsa nampèni panalangsa lan pamratobat ingkang kaunjukaken kanthi tulusing manah déning saben tiyang. Pramila ingkang Maha Asih karsa paring pangapunten, lan nuntun tiyang-tiyang ingkang pikantuk pangapunten kalawau, lumebet ing gesang anyar kapratandhan déning gesang ingkang kebak pamuji sokur. Pangandikanipun Gusti: “Sabab kowé wus padha tinuku lan wus kabayar lunas; Mulané padha ngluhurna Gusti Allah srana badanmu” (1 Kor. 6:20)

U: **(mujèkaken kidung KPJ 226: 1-3)**

KPJ 226:1-3 “Hosiana Gustiku”

1. Hosiana Gustiku, rawuh saking ngaluhur
Hosiana Gustiku, rawuh saking ngaluhur
Pra manungsa sajagad, dèn paringi sih rahmat
Gedhé cilik ywa kliwatan, payo muji Pangéran
2. Hosiana Gustiku, rawuh saking ngaluhur
Hosiana Gustiku rawuh saking ngaluhur
Pra manungsa sadonya, samya amanembrama
Samangkya sajagad bingah, wit katresnaning Allah
3. Hosiana Gustiku, rawuh saking ngaluhur
Hosiana Gustiku, rawuh saking ngaluhur
Pra manungsa sabumi samya atur pamuji
Samangkya samya ngabekti, maring Sang Kristus
Gusti

PELADOSAN SABDA (*Umat Pinarak lenggah*)

PS: (Donga Epiklésé)

Waosan Wiwitan

L1: Waosan wiwitan kapendhet saking **Yésaya 64:1-9**
Makaten Sabdanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk Gusti**

Mazmur Tanggapan

L2: Sumangga kita tanggapi Sabdanipun Gusti saking **Yésaya 64:1-9 kalawau sarana maos Mazmur 80:1-7,17-19**
sacara imbal-imbalan

Waosan kaping kalih

L3: Waosan kaping kalih kapendhet saking **1 Korintus 1:3-9**
Makaten Sabdanipun Gusti

U: **Puji sokur konjuk Gusti**

Pamaosing kitab Injil

PS: Pamaosing kitab Injil kapendhet saking **Markus 13:24-37**

Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus, ingkang rahayu inggih punika tiyang-tiyang ingkang mirengaken Sabdanipun Gusti lan ugi sami dipuntetepi ing gesang padintenanipun. **MARANATHA.**

U: (*mujèkaken pepujèn MARANATHA miturut **KPJ. 475***)

Khotbah:

“Nyrantos ing Salebeting Pangajeng-ajeng lan Sumarahing Manah”

Wekdal Ening

Pangaken Pitados Rasuli (*Umat Jumeneng*)

M1: Sesarengan kaliyan sadaya umatipun Allah ing sakukubaning jaman, sumangga kita sami ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli ingkang makaten:

U: (*Sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli*)

Pandongga Syafaat (*Umat Pinarak Lenggah*)

PS: (Ngunjukaken pandonga syafaat)

ATUR PISUNGSUNG

M2: Sumangga kanthi lilaning manah, kita sami ngaturaken pisungsung kita kanthi kadhasaran pangandikanipun Gusti wonten ing kitab 1 Babad 29: 17 “Kawula sumerep, dhuh Allah kawula, bilih Paduka punika ndadar manah saha rena dhateng manah ingkang éklas, milanipun kawula inggih ngunjukaken punika sadaya kanthi manasuka saha kalayan legawaning manah; déné ing samangké umat paduka ingkang wonten ing mriki kawula tingali sami ngunjukaken pisungsung manasuka kalayan senenging manah”.

U: **(mujèkaken KPJ 185: 1-3)**

KPJ 185:1-3 “Sumarah Mring Allah”

1. Sumarah mring Allah, jiwa raga rineksa
astanya tansah begja, yèn rinoban sisah
manah datan lesah, sinung kakiyatan
sing Pangéran, sinung kakiyatan sing Pangéran
2. Sumarah mring Allah jiwa raga
mbangun turut Gusti trusing ati
yèn ginodha dosa, binujuk duraka
kekah sarta setya ing pracaya 2x
3. Sumarah mring Allah jiwa raga
rinoban ing berkah ayem nyata
Yèn nyanggi momotan dalasan panandhang
Mesthi dèn luwari déning Gusti 2x

Pandonga Pisungsung

(Jumeneng)

M2: (Nuntun pandonga pisungsung lan pungkasaning pangibadah katutup kanthi Donga Rama Kawula)

Kidung Pangutusan

U: **(mujèkaken KPJ 189: 1-3)**

KPJ 189:1-3 “Gusti Allah Pangayom Kita”

1. Gusti Allah pangayom setya,
tansah ngrimati umatnya
lir pangon rumeksa méndanya
mula arum ngandikanya, ora bakal Aku téga
tan bakal nilar mring sira
2. Mula kita mosik ing ati, aku bakal ora wedi
awit Gusti kang Mahasetya,
datan téga nilar kita, manungsa bisané apa
katandhing Allah Makwasa
3. Payo para saguning titah,
padha ngabekti mring Allah
datan sira bakal kangélan, Gusti paring katentreman
Pangéran tan bakal cidra, rumeksa ing salamanya

PANGUTUSAN

PS: Nyrantosa rawuhipun Gusti sarana tetep nindakaken pandamel saé kagem Gusti lan sesami. Kalampahana lampah gesang ingkang kebak raos puji sokur lan sami setya tuhua nindakaken sadaya timbalanipun. Samangké tampènana berkahipun Gusti:

“Pangéran Yéhuwah mugè maringana berkah dhateng panjenengan (kita), lan ngayomana panjenengan (kita); Pangéran Yéhuwah mugè nyunarna cahyaning wedananipun dhateng panjenengan (kita) lan maringana sih rahmat; Pangéran Yéhuwah mugè karsaa nungkulaken wedananipun dhateng panjenengan (kita) lan maringana tentrem rahayu”.

U: **(mujèkaken KPJ 450:1-2)**

KPJ 450:1-2 “Sumangga Makarya”

1. Sumangga makarya para utusan setya
ngundhangaken kabar adya,
sih rahmat saking swarga
mrih tyang kang peteng manahnya
dadya padhang lejara
sumangga samekta tansah makarya
2. Sumangga makarya dipun kapara cukat
mbabarken tresna sanyata
mrih tyang dosa mratobat
pangghah ngadhepi bebaya
Gusti nganthi slaminya
Sumangga samekta tansah makarya

[SBH/YTD]



LITURGI**Minggu Adven II***Minggu, 10 Désèmber 2023*

Katerangan:

PS: Pelados Sabda
 M: Anggota Majelis
 U: Umat
 PL: Pelados Liturgi
 L: Lektor

**Panjenenganipun
 Rawuh Awit Sih-
 Katresnanipun**

**Pacawisan Pangibadah**

- *Pasamuwan nyinaoni pepujèn anyar*
- *Pawartos Lésan*
- *Lilin Advèn kaping kalih kasumed*
- *Wekdal ening*
- *Pasamuwan Jumeneng*

U: (Mujèkaken KPJ 80:1 karepekaken kaping kalih)
 KPJ 80:1 “Krana Allah Tresna”
 Krana Allah tresna mring jagad, sarta nggènira angasihi
 Iku kongsi masrahaké ingkang Putra ontang-anting
 Supaya sakèhing jalma kang pracaya lan ngugemi
 Ywa kongsi nemu karusakan, nanging langgeng gesangira

Kapujèkaken kaping kalih**Timbalan Pangibadah**

PL: Ana swara kang nguwuh-uwuh: "Nyawisna margi kagem
 Sang Yéhuwah ana ing pasamunan, nglencengna dalan
 gedhé kagem Allah!

**U: Saben kledhokan kudu kaurugana, tuwin saben
 gunung lan tengger kawaratakna;**

PL: Tanah kang ana tengger-tenggeré kadadèkna tanah
 warata; sarta tanah kang mendhak mandhukul kadadèkna
 papan kang lempar.

Sesarengan:

Kamulyaning Sang Yéhuwah bakal kalairaké, tuwin umat manungsa kabèh bakal padha ndeleng iku bebarengan; Pangéran Yéhuwah piyambak nyata-nyata wus ngandika mangkono!” (*Yésaya 40:5*)

Arak-arakan**U: (Mujèkaken Kidung KPJ. 231:1-3)**

KPJ 231:1-3 “Kados Pundi Dhuh Gusti”

1. Kados pundi dhuh Gusti nggèn kula sung urmat
methukken klayan puji mring Ratuning jagad?
mugi Gusti madhang lanteran Roh Suci
salam kula ndadosna kepareng Paduka
2. Saking dhampar kang mulya lan kluhuran swarga
Gusti tedhak ing donya nunggil lan pra jalma
Tumut nandhang sangsara, ngrembat kasisahan
Ngrukunken tiyang dosa dhumateng Pangéran
3. Punapa kang njalari dhuh Ratu kang Mulya
Paduka rawuh mriki karsa nandhang papa?
Inggih piwlas Paduka saha palimirma
Lan katresnan Paduka dhateng tiyang dosa

Votum lan Salam

PS: Pitulungan kita punika namung saking Allah Sang Rama ingkang sampun nitahaken langit lan bumi dalah saisinipun, saha ingkang mboten naté nilaraken pakaryaning astanipun.

U: Mujèkaken “Amin” [3x]

PS: Sih Rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama tuwin saking Gusti kita Yésus Kristus wontena ing panjenengan sadaya

U: Wontena ing panjenengan ugi.

Umat pinarak lenggah

Atur Pambuka

PL: Allah kagungan dhasar anggènipun tedhak dhateng jagad lumantar Sang Kristus. Injil Yohanes 3:16 ngandika: “Awitdéné Gusti Allah anggoné ngasihi marang jagad iku nganti masrahaké kang Putra ontang anting, supaya saben wong kang pracaya marang Panjenengané aja nganti nemu karusakan, nanging nduwènan urip langgeng.” Dados cetha, bilih pawadan anggènipun Allah tedhak dhateng jagad punika inggih awit sih-katresnanipun ingkang ageng, supados manungsa mboten sami manggih karisakan.

Jejering khotbah ing salebeting Wekdal Advèn minggu kaping kalih punika: “**Panjenenganipun Rawuh Awit Sih-Katresnanipun**”. Mugi-mugi katresnan saèstu andhatengaken berkah ingkang migunani tumrap gesang kita sadaya, kados ungeling tetembungan mutiara: “Dipuntresnani sacara temen-temen badhé andhatengaken kekiyatan. Nresnani kanthi temen-temen badhé andhatengaken kakendelan”

U: **(mujèkaken kidung KPJ. 243: 1,2,4)**

KPJ 243: 1,2,4 “Sabumi Padha Suraka”

1. Sabumi padha suraka, ing ngarsané Kang Makwasa Bektia marang Yéhuwah kalayan ati kang bungah
2. Sumurup yèn Yéhuwah, margané salir tumitah Kita dadi kagungané, lir ménda nèng pangreksané
4. Pengéran Kang Mahamulya, tresnané mring kang ngabekti tan kendhat ing salaminya, tumurun wrata sabumi

Pandong Pangakening Dosa

PL: Andum pangajeng-ajeng ing salebeting katresnan mujudaken bukti bilih kita sadaya saèstu nresnani Gusti lan sesami. Sanadyan makaten, asring kita mboten nindakaken jejibahan punika. Kita sadaya asring namung nelasaken wekdal kanggé kaperluan kita piyambak-piyambak, nglirowakaken pagesanganipun sesami ing kiwa tengen kita. Awit saking punika, sumangga kanthi

tulus lan andhap asoring manah, kita sami sowan ing ngarsanipun Allah kanthi nyuwun pangapunten tumrap sadaya dosa-dosa kita.

PL: *Pasamuwan kaaturan wekdal kanggé ngaturaken pandonga pangakening dosa sacara pribadi*

PL: Dhuh Rama, Paduka punika Allah ingkang maha mirsa; Sanadyan kawula sami badhé nutupi sadaya dosa lan panerak kawula, mesthi badhé tansah kapirsan déning Paduka. Mugi Paduka kersaa paring pangaksama dhateng dosa-dosa kawula punika. Kawula asring mlampah piyambakan nebih saking Paduka, lan sami nampik nindakaken dhawuh timbalan Paduka. Mugi Paduka karsa ngapunteni kawula sadaya, awit Paduka punika Allah ingkang Maha Asih, nadyan kawula sami mboten asih dhumateng Paduka. Kawula malah asring mengker saking ngayunan Paduka. Wonten ing asmanipun Sang Kristus kawula ndedonga lan nyenyuwun. Amin.

U: **(Mujèkaken kidung KPJ 59: 1,2)**

KPJ 59:1-2 “Pinujia Tansah Allah Mamirah”

1. Pinujia tansah Allah Mamirah
 kang gung tresnanira mring salir titah
 Tyang dosa duraka sinung apura
 Tinebus sing pati temah basuki
 Reff.:
 Luhurna, mulyakna Gusti Sang Pamarta
 Luhurna mulyakna Pangruwating dosa
 Pasrah maring Allah srana pracaya
 Margining waluya tentrem raharja
2. Pinuji slaminya Allah Matresna
 Kang ngegungken sabar mring tyang kang nasar
 Nuntun mring pitobat srana sih rahmat,
 Mrih tyang mursid yekti sinung Roh Suci
 Reff.: ...

Pawartos Sih Rahmat

Umat Jumeneng

PL: Tumrap kita sadaya ingkang sami nalangsani dosa wonten ing ngarsanipun Allah ingkang kebak katresnan,

kawartosan pawartos sih rahmat kados ingkang pinanggih wonten ing kitab nabi Yésaya 49:15-16 “Apa wong wadon bisa lali marang bayiné, nganti ora tresna marang wohing wetengané? Sanadyan iku lali marang anaké, nanging Ingsun ora bakal kesupèn marang sira.”

U: (mujèkaken KPJ. 88: 1, 3)

KPJ 88:1-3 “Osiking Manah Kawula”

1. Osiking manah kawula, tan kénging kaéndhakna kadereng asung pamuji wit sih tresna Paduka Gusti tedhak saking swarga, dhateng jagad kang nistha, ngrembat dosaning pra jalmi nguwalken saking pati
3. Sih Paduka dhateng kula, sanget kawula pundhi Salib Paduka ndadosna bingah kula lestari Saiba begja kawula, darbé Juru basuki Kalangkung panuwun kula wah asmanya pinuji

Sabdanipun Gusti Winedhar

Pandongga epiklésé

Waosan ingkang sepisan

L: Waosan ingkang kapisan kapendhet saking kitab nabi Yésaya 40: 1-11

(sasampunipun maos) Makaten Sabdanipun Gusti!

U: Puji Sokur konjuk Allah!

Mazmur Tanggapan

L: Sumangga kita tanggapi waosan Sabda kalawau sarana maos imbal-imbalan Mazmur 85:2-3, 9-14

Waosan kaping kalih

L: Waosan ingkang kaping kalih kapendhet saking serat 2 Petrus 3:8-15

(sasampunipun maos) Makaten Sabdanipun Gusti!

U: Puji Sokur konjuk Allah!

Waosan Injil

PS: Punika Injilipun Gusti Yésus Kristus miturut Markus 1:1-8 (maos Injil ...)

Makaten Injilpun Gusti Yésus Kristus! Rahayu tiyang ingkang sami mirengaken Sabdanipun Allah saha dipun tetepi ing gesang padintenan! MARANATHA!

U: **mujèkaken Maranatha! 3x**

Khotbah:

“Panjenenganipun Rawuh Awit Sih-Katresnanipun”

Wekdal ening

Pisungsung Pepujèn: (menawi wonten)

Pengaken Pitados Rasuli

PL: Sumangga kita sesarengan sami ngucapaken pangaken kapitadosan rasuli ingkang makaten: Kawula pitados ...

Atur Pisungsung

PL: Wonten satunggaling tuladha saking pasamuwan ing Makédonia: “Sadulur-sadulur, aku padha awèh weruh marang kowé bab sih-rahmat kang kaparingaké marang pasamuwan-pasamuwan ing tanah Makédonia. Awit sajroning tanpa pacoban kang abot, kang awujud kasangsaran mawarna-warna, kabungahané ngluwihi, lan sanadyan padha miskin banget, éwasamono nglubèraké kasugihaning kamurahané. Sabab aku nyumurupi yèn wong iku wus padha wèwèh manut kakuwatané, malah ngluwihi kakuwatané. (2 Kor. 8:1-3)

PL: Sesarengan sami ngaturaken pisungsung, sumangga kita sami memuji saking kidung: KPJ. 167: 1,2,3

U: **(Mujèkaken KPJ 167:1-3)**

KPJ 167:1-3 “Kula Tansah Ngraosken Bingah”

1. Kula tansah ngraosken bingah,
wit sih kamirahaning Allah
ngganjar wilujeng dhateng kula
lantaran kurbaning Sang Putra

- mila kula saos pisungsung
 tandha sokur mring Allah Maagung
 wit yektiné gesang kula,
 namung krana lubèring sih rahmatnya
2. Kula tansah manggih kabegjan
 wit karoban ing kamirahan
 Saliring kabetahan kula, kacekapan ing wancinira
 Mila kula saos pisungsung,
 tandha sokur mring Allah Maagung
 wit yektiné gesang kula
 namung krana lubèring sih rahmmatnya
3. Kula sinungan kasarasan
 Krana sihmirmaning Pangéran
 Temahan saged nambut kardi
 Margining pikantuk rejeki mila kula saos pisungsung
 Tandha sokur mring Allah Maagung
 Wit yektiné gesang kula
 Namung krana lubèring sih rahmatnya

Umat Jumeneng

PL: Nuntun pandonga atur pisungsung

PANGUTUSAN

U: (Mujèkaken KPJ. 169: 1,3)

KPJ 169:1,3 “Lamun Kawula”

1. Lamun kawula dhuh Rama, darbé atur panyuwun
 Mugi kula nggih sageda, nrimah sakarsanipun
 Lir pandonganipun Gusti, Ywa pikajeng kawula
 Mung karsèng Rama pribadya
 kang tansah binabarna
2. Mung katresnaning Pangéran,
 dados tuing panglipur,
 mila sisah karibedan aturna kang Maluhur
 lir pandonganipun Gusti, Ywa pikajeng kawula
 mung karsèng Rama pribadya,
 kang tansah binabarna.

Pangutusan

PS: Mengkera kanthi kebak kabingahan sarana ngèngeti sabdanipun Gusti, bilih Panjenenganipun tansah makarya ing pagesangan panjenengan. Lampahana gesang panjenengan kanthi kebak raos puji sokur lan tansah samia setya nindakaken timbalanipun.

PS: Eterna manah panjenengan dhumateng Allah

U: Kawula sami nggeneraken manah kawula dhumateng Allah

PS: Sami madega dados seksinipun Sang Kristus

U: Puji sokur konjuk ing Allah

PS: Pinujia Gusti

U: Samangké ngantos ing salaminya

Berkah

PS: Pangéran Yéhuwah mugi maringana berkah dhateng panjenengan, lan ngayomana panjenengan; Pangéran Yéhuwah mugi nyunarna cahyaning wedananipun dhateng panjenengan lan maringana sih rahmat; Pangéran Yéhuwah mugi karsaa nungkulaken wedananipun dhateng panjenengan lan maringana tentrem rahayu”.

U: Mujèkaken NKB 225- Maranatha 5x-Amin3x

- *Pasrah Kitab Suci sasampunipun mandhap mimbar*
- *Arak-arakan medal*
- *Wekdal Ening*

[SBH/YTD]

LITURGI**Minggu Advèn III***Minggu 17 Désèmber 2023*

Katrangan:

PS: Pamedhar Sabda
 P/D: Pinisepuh/Dhiaken
 U: Umat
 L: Liturgos
 Lk : Lèktor

**Reresik Manah
 Nambut
 Pangajeng-ajeng**

**PACAWISAN**

- Juru musik ngumandhangaken lelagon ingkang mbekta pasamuwan ngraosaken ibadah ingkang badhé katindakaken.
- Pasamuwan kasuwun lerem sawetawis, lumebet ing wekdal ening/ndedonga pacawisan pribadi.
- Pawartos Pasamuwan kawaosaken.

TIMBALAN NGIBADAH*(Pasamuwan Jumeneng)*

- L: Lumebet ing Minggu Advèn kaping tiga, mugi kabingahan kita saya lubèr. Ing pananggalan liturgi, Minggu punika kasebat Minggu Gaudate, ingkang tegesipun Ming-gu sukarena. Dinten punika kita nyumet lilin Advèn ingkang kaping tiga, ingkang mralambangaken kabingahan awit saking rawuhipun Sang Kristus saya caket.
- U: **Kawula tampèni pangajeng-ajeng ing salebeting Gusti kanthi kebak kabingahan!**
- L: Sanadyan gesang ing salebeting geguletaning manah saha tarunging gesang,
- U: **sanès pasambat ingkang nyrambahi gesang kawula!**

L: Amargi kita nggadhahi pangajeng-ajeng nambut Sang Imanuèl ingkang badhé rawuh.

KIDUNG ARAK-ARAKANIPUN PELADOS PANGIBADAH

(Pasamuwan Jumeneng)

U: **(ngidungaken KPJ 242:1,3)**
para paladosing pangibadah lumebet dhateng papan pangibadah

KPJ 242. RAWUHA SANG IMANUÈL

Do=G 2/4

1) Rawuha Sang Imanuèl ngluwari umat Israèl, dènnya nandhang kasangsaran; ngantu-antu pitulungan.

Reff.:

Gya suraka! Hé, Israèl!

Pethukna Sang Imanuèl.

3) Sang Surya kang nembé prapta, linipura umatira. singkirna peteng nglimputi sarta wayanganing pati.

Reff.: ...

VOTUM

(Pasamuwan Jumeneng)

PS: Ibadah Minggu Advèn kaping tiga punika lumampah awit saking "Pitulungan kita punika wonten ing Asmanipun Gusti ingkang nitahaken langit kaliyan bumi sarta ingkang tansah setya ngrimati sadaya titah, kanthi pangajeng-ajeng dhateng pamulihan ing sih-rahmatipun Allah. Amin.

U: **(ngidungaken Amin, Amin, Amin)**

SALAM

(Pasamuwan Jumeneng)

PS: Sih rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita, saha saking Gusti Yésus Kristus nunggila ing panjenengan sadaya.

U: **Nunggila ing panjenengan ugi.**

ATUR BEBUKA*(Pasamuwan Lenggah)*

L: Lumebet ing Minggu Advèn kaping tiga punika, mugi pangajeng-ajeng sangsaya terwaca mbabar kabingahan amargi kabar kabingahan menggahing taun pangluwaran dalah taun sih-rahmating Sang Yéhuwah ingkang ngrek-sa tiyang-tiyang ingkang sami remuk manahipun sampun rawuh. Dinten punika, kita badhé ngraos-raosaken bab punika wonten ing soroting sabdanipun Gusti kanthi irah-irahan: “Reresik Manah Nambut Pangajeng-ajeng” kados ingkang dipun ngandikakaken Gusti. Sumangga kita tampèni rawuhipun sih rahmat saking Gusti Allah.

U: **(ngidungaken KPJ 242:2 “Rawuha Sang Imanuèl”)**
 KPJ 242. RAWUHA SANG IMANUÈL

Do=G 2/4

2) Rawuha trubus Isai ngesorken dosa lan pati.
 Umat kang nandhang sangsara luwara saking cintraka.

Reff.:

Gya surak a! Hé, Israèl!
 Pethukna Sang Imanuèl.

PANGAKEN DOSA*(Pasamuwan Lenggah)*

L: Sumangga kita ndedonga

“Dhuh Allah ingkang kebak ing Sih, kawula nampèni Sih-rahmat Paduka wonten ing Sang Imanuèl. Ananging kawula ngakeni karingkahan saha kacupetan ing nalar-budi kawula. Wonten ing geguletaning gesang, kawula asring kécalan pangajeng-ajeng kawula dhumateng Paduka. Kawula langkung asring ngendelaken pikiran saha pikajeng kawula piyambak ngantos kawula dhumawah ing kalepatan lan dosa. Samangké kawula ngakeni kalepatan lan dosa wonten ing pandonga pribadi kawula piyambak-piyambak.”

(Umat dipun cawisi wekdal ndedonga pribadi ing salebeting batos, ngakeni dosanipun)

“Punika kawula ingkang nandhang dosa, mugi karsaa nglebur dosa kawula, kadosdéné kawula ugi sumadhiya ngapunteni tetiyang ingkang kalepatan dhateng kawula. Dhuh Gusti, kasembadanana kawula séba ing ngarsa Paduka. Karsaa ngapunteni kawula ingkang kebak dosa. Amin.”

U: (ngidungaken KPJ 44:1,3)

KPJ 44:1,3 “AKU WONG KANG DOSA”

Do=D 3/4

1) Aku wong kang dosa, ngungsi maring Gusti,
temahan dèn sucèkna, srana rahé kang suci.

Reff.:

Sang Kristus Gusti, Penebus yekti.

Nadyan dosaku agung, nging Gusti wus nglebur

3) Nggèn kula nyenyuwun kang dados landhesan
dédé labet kawula, nggih namung sih Paduka.

Reff.: ...

PAWARTOS SIH RAHMAT (Pasamuwan Jumeneng)

PS: Kanggé kita ingkang ngrumaosi dosanipun saha prajangi sumadhiya gesang ing margining Gusti, mila tampènana kanthi raos sokur janjinipun Gusti ingkang pinanggih ing Yésaya 61:11,

“Sabab kayadéné bumi anggoné metokaké tetuwuhan, lan kaya kebon kang nukulaké winih kang kasebar, iya mangkono iku anggoné Pangéran Allah bakal nuwuhaké kabeneran lan pepujian ana ing ngarepé sakèhing bangsa.”

U: Puji sokur konjuk ing Allah

SALAM KATENTREMAN (Pasamuwan Jumeneng)

PS: Salam katentreman! Gusti Allah ngrawuhi kita lan maringi tentrem-rahayu. Sumangga kita gesang ing salebeting tentrem-rahayu peparangipun Gusti, ingkang nyantosakaken iman kita nampèni pangajeng-ajeng. Pramila rahayua kita sadaya!

U: (ngidungaken KPJ 78:1,3)

KPJ 78:1,3 “IBA BEGJAKU”

Do=D 9/8

- 1) Iba begjaku lamun yakin Yésus duwèkku ing salamanya;
aku tebusan kagungané, anyar uripku krana rahé.

Reff.:

Aku memuji klayan rena,
nggunggung asmané salamanya
Aku memuji klayan rena,
nggunggung asmané salamanya

- 3) Dak aturaké jiwa-raga, marang Gustiku atiku lega,
klayan anganti sarawuhé, matemah antuk sih-
rahmaté.

Reff.: ...

*(Nalika umat mujèkaken Refrèin KPJ 78 pada 3,
Lèktor mapanaken dhiri)*

PALADOSAN SABDA

(Pasamuwan Lenggah)

PS: (nDedonga nyuwun tedhkipun Roh Suci)

Waosan Kapisan

Lk: Waosan kapisan saking Yésaya 61:1-4, 8-11
Makaten Sabdanipun Gusti.

U: Puji sokur konjuk ing Allah!

Masmur Tanggapan

Lk: Sumangga kita tanggapi Sabdanipun Gusti kanthi
midhangetaken pamaosing Jabur Masmur 126 (saged
kawaos sesautan).

Waosan Kaping kalih

Lk: Waosan kaping kalih saking 1 Tésalonika 5:16-24
Makaten Sabdanipun Gusti.

U: Puji sokur konjuk ing Allah!

Pamaosing Injil

(Pasamuwan Jumeneng)

PS: Pamaosing Injil saking Yohanes 1:6-8, 19-28

Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus. Ingkang rahayu inggih punika tiyang-tiyang ingkang mirengaken tuwin ngèstokaken Sabdanipun Gusti ing gesang padintenan. Maranata.

U: (ngidungaken Maranata 3x)

Khotbah

Wekdal Ening

PANGAKENING PITADOS *(Pasamuwan Jumeneng)*

P/D1: Ing patunggilaning umatipun Allah ing sauruting wekdal tuwin papan, sumangga kita télakaken imaning baptisan kita kanthi ngikraraken Pangaken Pitados Rasuli.

U: (Sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli)

PANDONGA SYAFAAT *(Pasamuwan Lenggah)*

PS: (Ngonjukaken pandonga syafaat)

PISUNGSUNG *(Pasamuwan Lenggah)*

P/D2: Sumangga kita ngucap sokur dhumateng Gusti lumantar gesang kita tuwin ngaturaken pisungsung kagem Kaluhuranipun Gusti kanthi dipun talesi Sabdanipun Gusti saking Jabur Masmur 30:4 ingkang makaten, “Padha ngidungna masmur kagem Sang Yéhuwah, he para wong kang dikasihi, sarta padha nyaosna pamuji sokur marang asmané kang suci!”

Sumangga kita ngaturaken pisungsung minangka lambanging pisungsung dhiri dhumateng Gusti Allah.

U: (Ngidungaken KPJ 162:1,3)

KPJ 162:1,3 “KATUR NGARSA PADUKA, GUSTI”

Do=Bes 3/4

- 1) Katur ngarsa Paduka, Gusti sawetahing gesang kula.
Jiwa lan raga kula mugi aso nèng asta Paduka.
Manah kula tansah lipura, sumaos mring Kang Maha
kwasa.
- 3) Katresnan Paduka, Gusti wonten ing Yésus kawedhar.
Kula pasrah kang trusing ati, sumarah kalayan lejar.
Kula sèstu rumaos begja linubèran rahmat Paduka.
Amin.

Pandonga Pisungsung

(Pasaamuwan Jumeneng)

P/D2: (Nuntun pandonga pisungsung, dipun pungkasi kanthi
Donga Rama Kawula)

PANGUTUSAN

(Pasamuwan Jumeneng)

Kidung Pangutusan

U: (Ngidungaken KPJ 339:1,2)

KPJ 339:1,2 “IBA DÈNNYA MBINGAHAKEN”

Do=Bes 4/4

- 1) Iba dènnya mbingahaken, yèn ing sajagad wrata,
kaadilan dèn agungken, binabar anèng donya.
Reff.:
Srana sih katresnan tulus, lah jagad dados Pirdus.
Sagung tumitah rinimat, rinoban ing sih rahmat.
- 2) Iba dènnya nengsemaken, yèn manungsa sabumi
marsudi tentrem - rahajeng, mbabarken sihing Gusti.
Reff.: ...

Pratélaning Pangutusan

(Pasamuwan Jumeneng)

PS: Iba dènnya nengsemaken, yèn manungsa sabumi
marsudi tentrem - rahajeng, mbabarken sihing Gusti.
Sumangga kita lajengkaken gesang kita wonten ing
kabinngahan nambut pangajeng-ajeng.

**U: Kawula ngengeraken manah kawula dhumateng
Gusti.**

PS: Dadosa seksinipun Sang Kristus.

U: Kawula sumadhiya dados Seksinipun Sang Kristus.

PS: Pinujia Allah Rama, Putra lan Roh Suci.

U: Samangké ngantos salami-laminipun.

BERKAH

(Pasamuwan Jumeneng)

PS: Mugi Allah ingkang kagungan tentrem-rahayu punika, nucèkaken panjenengan (kita) ing kasampurnanipun lan mugi roh, jiwa lan badan panjenengan (kita) kareksa kanthi tanpa cacad nalika rawuhipun Yésus Kristus, Gusti kita. Amin.

U: (Ngidungaken Maranatha 5x, Amin 3x)

[WD-DEN]

BAHAN LITURGI**Minggu Advèn IV***Minggu, 24 Désèmber 2023*

Katerangan:

PS: Pamedhar Sabda
 P/D: Pinisepuh/Dhiaken
 Lit: Liturgos
 U: Umat
 Lèk: Lèktor

**Ngantos-antos
 Wontening
 Pambangun-
 turut
 ☸**

Cathetan:

Waosan 1, Masmur tanggapan, lan Waosan 2 lèksionari dipuntunggilaken wonten ing liturgi. Sasampunipun épiklése waosan Injil kawaos.

PACAWISAN

- Juru musik ngumandhangaken lelagon ingkang mbekta pasamuwan ngraosaken ibadah ingkang badhé katindakaken.
- Pasamuwan kasuwun lerem sawetawis, lumebet ing wekdal ening/ndedonga pacawisan pribadi.
- Pawartos Pasamuwan kawaosaken.
- Panyumeting Lilin Advèn

TIMBALAN NGIBADAH*(Pasamuwan Lenggah)*

Lit: Pasamuwan ingkang dipuntresnani Gusti, kita lumebet ing ibadah Minggu Advèn kaping sekawan. Kanthi bingah-bingah sumangga sesarengan kaliyan Maria memuji-muji Gusti awit Gusti Allah ingkang dados Juruwilujengipun.

"Nyawaku ngluhuraké Pangéran,

U: lan aku bungah marga saka Allah, \Juruslametku.

Lit: Sabab Panjenengané wus ngudanèni asoring abdiné.

U: Lah wiwit saiki \sakèhing wong turun-temurun\ bakal ngarani aku rahayu,

- Lit: jalaran Kang Mahakwasa wus nindakaké pakaryan-pakaryan kang pinunjul marang aku,
U: sarta suci asmané.
 Lit: Rahmaté turun-tumurun tumrap wong kang wedi asih marang Panjenengané.
U: Panjenengané ngatingalaké pangwaosé\ kalawan pakaryaning astané \lan mbuyaraké wong \kang gumunggung atiné.
 Lit: Panjenengané nglèngsèraké wong-wong kang kwasa saka ing kalenggahané,
U: lan ngluhuraké wong-wong kang asor.
 Lit: Panjenengané nglubèraké samubarang kang becik marang wong kang kaluwèn,
U: lan nundhung wong kang sugih \kanthi nglaha.
 Lit: Panjenengané nulungi Israèl, abdiné,
U: awit ènget marang rahmaté,
 Lit: kaya kang wus kaprasetyakaké marang leluhur kita,
U: marang Abraham lan tedhak-turuné, \ing salawas-lawasé.
 Lit: Kanthi jumeneng, kita ngulukaken pepujèn saking KPJ 237: 1 - 4 “Nyawaku Muji Allah”.

KIDUNG ARAK-ARAKANIPUN PALADOS

PANGIBADAH

(Pasamuwan Jumeneng)

KPJ 237. NYAWAKU MUJI ALLAH

Do=Bes 4/4

- 1) Nyawaku muji Allah, sukmaku bungah-bungah.
 wit saka peparingé Allah marang abdiné.
 Déné karsa ngudanèni asoring kawulanya,
 nganti saliring bangsa ngarani aku rahayu.
- 2) Aku sinungan berkah saka astaning Allah
 déné suci asmané, lan gedhé mukjijaté,
 kawelasané dhumawuh mring kang padha ngéringi,
 wis mesthi dèn berkahi tumeka turun-tumurun.

--- Para palados pangibadah lumebet dhateng papan pangibadah ---

- 3) Astané Allah kita nindakaké pangwasa,
mbuyarké wong digung, pra wisésa dèn lungsur,
ngluhurké para asor, wong ngelih dèn erobi
salir amal kang becik, wong sugih tinundhung legèh.
- 4) Allah wus murinani Israèl, dimèn ngèngeti
marang kawelasané mring Abram satedhaké.
Allah netepi prajanjani marang leluhur kita,
langgeng ing salamanya, asmané pinuji-puji.

VOTUM*(Pasamuwan Jumeneng)*

PS: Kita lumebet ing Ibadah Minggu Advèn kaping sekawan
punika kanthi pangaken:
Pitulungan kita punika pinangkanipun saking Gusti Allah
ing kang nitahaken langit, bumi, dalah saisinipun, saha
setya netepi janjining karahayon ing kang sampun
kaprasetyakaken.

U: *(ngidungaken **Amin, Amin, Amin**)*

SALAM*(Pasamuwan Jumeneng)*

PS: Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita,
miwah saking Gusti Yésus Kristus nunggila ing
panjenengan sadaya.

U: **Nunggila ing panjenengan ugi.**

ATUR BEBUKA*(Pasamuwan Lenggah)*

*(Lèktor nyawisaken dhiri ing papan kanggé maos Kitab Suci,
cecawis maos **waosan I**)*

Lit: Ngantos-antos sanès prakawis ing kang mbingahaken
kanggé dipun lampahi. Ngantos-antos mapanaken
satunggaling tiyang ing salebeting kaapesan, tanpa
mangertos punapa ing kang dipun antos-antos badhé
mawujud utawi namung pangantos-antos ing kang tanpa
wonten wekasanipun. Ing mangsa Advèn kita saweg
mlampah ing salebeting pangantos-antos menggahing
janjinipun Allah. Kadosdéné umatipun Allah ngantos-
antos janjinipun Allah dhumateng Sang Prabu Dawud
ing kang makaten suraosipun ...

Lèk: (*maos 2 Para Raja 7:1-11, 16 dipun pungkasi ...*)

Makaten Sabdanipun Gusti!

U: Puji sokur konjuk ing Allah!

Lit: Sumangga kita ngulukaken pepujèn saking KPJ 231:1, 2
“Kadospundi, Dhuh Gusti”.

KPJ 231. KADOSPUNDI, DHUH GUSTI

Do=Bes 4/4

- 1) Kadospundi, dhuh Gusti, nggèn kula sung urmat,
methukken klayan puji mring Ratuning jagad
Mugi Gusti madhang lanteran Roh Suci
Salam kula ndadosna kepareng Paduka.
- 2) Saking dhampar kang mulya lan kluhuran swarga
Gusti tedhak ing donya nunggil lan pra-jalma,
tumulut nandhang sangsara, ngrembat kasisahan,
ngrukunken tiyang dosa dhumateng Pangéran.

PANGAKEN DOSA

(*Pasamuwan Lenggah*)

Lit: Wonten ing Kidung Pasamuwan Jawi 231 pada sapisan kalawau wonten tetembungan: “Mugi Gusti madhang lanteran Roh Suci”. Punapa tetembungan ingkang makaten punika tansah kita gegesang ing gesang padintenan kita? Utawi, punapa malah wonten ing salebeting pangantos-antos methukaken rawuhipun Gusti, kita asring ngaturaken pangresula saha pamaiben dhateng pangrèhipun Gusti Allah? Sumangga kita ngakeni dosa kita sacara pribadi, lan mangké kapungkasan kanthi pandonga déning Pamedhar Sabda (*Pengkhobah*).

(*Umat kaaturan wekdal ngonjukaken pangaken dosa
sacara pribadi*)

PS: (*Ngonjukaken pandonga pangakening*)

Lit: Sumangga kita lairaken pangakening dosa kita kanthi ngidungaken KPJ 45:1-4 “Anèng Ngarsané Gusti”.

U: (*Ngidungaken KPJ 45:1-4*)

KPJ 45. ANÈNG NGARSANÉ GUSTI

Do=D 4/4

- 1) Anèng ngarsané Gusti, binuka isining kalbu.
Sanyata najis uripku, anèng ngarsané Gusti.
- 2) Anèng ngarsané Gusti, tansah tetéla luputku.
Mung kebak lamis uripku, anèng ngarsané Gusti.
- 3) Anèng ngarsané Gusti, rumangsa ringkih lan semplah.
Reribed lan nyawa lungkrah, anèng ngarsané Gusti.
- 4) Anéng ngarsané Gusti, rinasakna gunging sihnya.
Wah lubèring katresnannya, anèng ngarsané Gusti.

PAWARTOS SIH RAHMAT *(Pasamuwan Jumeneng)*

PS: Samangké, tampènana peparing karahayon tuwin pangapuntening dosa. Serat Roma 16:25-27 ngandika makaten:

“Kagem Panjenengané, kang kwasa nyantosakaké kowé kabèh, -- manut Injil kang dakwartakaké, sarta pawarta bab Yésus Kristus, cocog karo kawiyaké wewadi kang sumimpen pirang-pirang abad lawasé, nanging kang saiki wis kababar, sarta wis kawartakaké déning kitab-kitabé para nabi, manut dhawuhé Allah kang langgeng marang sakèhing bangsa, kanggo nuntun marang ing pambangunan-turuting pracaya – kagem Allah, iya mung Panjenengané piyambak kang kebak kawicaksanan, awit saka Yésus Kristus: sakèhing kamulyan langgeng ing salawas-lawasé! Amin.”

Makaten Pawartosing Sih-rahmat saking Gusti!

U: **Puji sokur konjuk ing Allah!**

PS: Gusti sampun ngrukunaken kita kaliyan Panjenenganipun, mila sampun samesthinipun kita sami gesang ing salebeting guyub rukun. Bedhaminipun Gusti nunggila ing panjenengan sadaya!

U: **Nunggila ing panjenengan ugi!**

(Umat samidéne ngaturaken salam katentreman)

U: **(Ngidungaken KPJ 89:1, 3 “Puji Konjuk Allah”)**

KPJ 89. PUJI KONJUK ALLAH

Do=F 4/4

- 1) Puji konjuk Allah Kang Mahamirah;
ing rintén dalah ratri tansah ngganjar berkah;
tyang mursid dalah mursal tan badhé ketriwal
- 3) Puji sarta sokur mring Kang Maluhur;
dé ngganjar berkah adi mring tyang kang ngabekti,
winuwuhan sih-rahmat pangrimat tan kendhat.

PALADOSAN SABDA

(Pasamuwan Lenggah)

--- (*Lèktor nyawisaken dhiri ing papan kanggé maos Kitab Suci, Pamedhar Sabda ngonjukaken pandonga épiklése*) ---

Pamaosing Injil

Lèk: Tilingna Injilipun Gusti Yésus Kristus manut **Lukas 1:26-38**, makaten ...

PS: Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus, ingkang rahayu inggih punika tiyang-tiyang ingkang mirengaken Sabdanipun Gusti saha ingkang ngèstokaken. **Maranatha.**

U: (**Ngidungaken Maranatha**)

KHOTBAH

WEKDAL ENING

PANGAKEN PITADOS

(Pasamuwan Jumeneng)

P/D1: Sesarengan kaliyan umatipun Allah ing sauruting wekdal, sumangga kita ikraraken saha kita santosakaken malih punapa ingkang kita imani kanthi sesarengan nguca-paken Pangaken Pitados Rasuli.

U: (**Sesarengan nguca-paken Pangaken Pitados Rasuli**)

PANDONGA SYAFAAT

(Pasamuwan Lenggah)

PS: (*Ngonjukaken pandonga syafaat, dipun pungkasi kanthi ngidungaken KPJ 152*)

KPJ 152 “RAMA KAWULA KANG WONTEN ING SWARGA”

Do=D 2/4 lan 4/4

Rama kawula kang wonten swarga,
 ingkang Asma kasucèkna.
 Kraton Paduka rawuh,
 karsa Paduka klampah
 ing bumi kadya anèng swarga.
 Ing dinten sapunika
 sinunga cekap rejeki;
 kula kaapuntenna,
 kadya kula ugi ngapunteni tyang kalepatan;
 sampun nandukken kula dhateng panggodha,
 kalepasna kula saking piawon,
 jer Gusti kang kagungan lan wisésa
 sarta kamulyannya ngantos slami-laminya.
 Amin, amin.

PISUNGSUNG

(Pasamuwan Lenggah)

P/D2: Pasamuwan ingkang kinasih, samangké dumugi wekdalipun kita ngaturaken pisungsung minangka pangucap sokur kita awit saking kasaénanipun Gusti. Nalesi pangucap sokur kita, sumangga kita pirengaken Sabdanipun Gusti Allah manut Jabur Masmur 54:8 ingkang makaten suraosipun,

“Kawula badhé nyaosi kurban kanthi éklasing manah, dhuh Yéhuwah, kawula badhé memuji asma Paduka, amargi asma Paduka punika saé.”

U: (Ngidungaken KPJ 154:1, 2 “Adrenging Tyas Kula”)

KPJ 154. ADRENGING TYAS KULA

Do=F 4/4

- 1) Adrenging tyas kula, ngaturken panuwun, Gusti.
 Paduka ngasihi, kula kagungan ta.
 Reff.:
 Mung punika Gusti, pisungsung kula
 sawetahing gesang, jiwa lan raga,
 wit kula tan darbé bandha kang pengaji

kang langkung prayogi, sinaos Gusti.
 Mung punika Gusti, panyuwun kula,
 mugi katampia atur kawula,
 mrih gesang kawula kagama Paduka
 pirantos sapala.

- 2) Saiba éndahing sih-tresna Paduka, Gusti;
 kula kagunganta, Paduka rimati.

Reff.:

Mung punika Gusti, pisungsung kula
 sawetahing gesang, jiwa lan raga,
 wit kula tan darbé bandha kang pengaji
 kang langkung prayogi, sinaos Gusti.
 Mung punika Gusti, panyuwun kula,
 mugi katampia atur kawula,
 mrih gesang kawula kagama Paduka
 pirantos sapala.

Pandongang Pisungsung *(Pasamuwan Jumeneng)*

P/D2: *(Nuntun pandonga pisungsung, kalajengaken donga
 pungkasaning pangibadah)*

Kanthi tetep jumeneng, sumangga kita kidungaken
 kidunging pangutusan saking KPJ 65:1, 2 “Aku Tan
 Ngreti Mengkoné”.

KIDUNGING PANGUTUSAN *(Pasamuwan Jumeneng)*

U: (Ngidungaken KPJ 65:1,2)

KPJ 65: 1,2 “AKU TAN NGRETI MENGKONÉ”

D0=A 4/4

- 1) Aku tan ngreti mengkoné, mung saderma lumaku.
 Dudu surya kang dakantu, jer iku bakal sirna.
 Mengkoné aku tan kwatir, wit Gusti wus prasetya.
 Lakuku kinanthi Yésus, mula tentrem uripku.
 Reff.:
 Bab akèh aku tan ngerti, kang bakal dakalami,
 nging aku yakin sayekti, tansah kinanthi Gusti.

- 2) Sangsaya cetha lakuku, pindha sukma sumengka.
 Kepara ènthèng sangganku, kadya méga lir slaka.
 Suryané padhang sampurna, tanpa tangis ngrubéda;
 wasana kluwungé prapta ardi ngantos akasa.
 Reff.:
 Bab akèh aku tan ngerti, kang bakal dakalami,
 nging aku yakin sayekti, tansah kinanthi Gusti.

PANGUTUSAN LAN BERKAH (*Pasamuwan Jumeneng*)

PS: Enerna manah panjenengan kanthi sawetahing pambangun-turut dhumateng Gusti.

U: **Kawula ngeneraken manah kawula \ing salebeting pambangun-turut \dhumateng Gusti!**

PS: Dadosa seksinipun Sang Kristus ingkang setya ngantos-antos katetepaning Janjinipun Gusti!

U: **Puji sokur konjuk ing Allah!**

PS: Wonten ing tumindak dalah pocapan panjenengan, pinujia Sang Rama, lan Putra, lan Roh Suci.

U: **Samangké dumugi ing salami-laminipun!**

PS: Pangéran Yéhuwah mugè maringana berkah dhateng panjenengan (kita), lan ngayomana panjenengan;
 Pangéran Yéhuwah mugè nyunaraken cahyaning wedanipun dhumateng panjenengan (kita), lan maringana sihrahmat;

Pangéran Yéhuwah mugè karsaa nungkulaken wedanipun dhumateng panjenengan (kita), lan maringana tentrem rahayu.

Amin.

U: (*Ngidungaken Haléluya 5x Amin 3x*)

[YAN-DEN]



BAHAN LITURGI
Dalu Ndungkap Natal
Minggu, 24 Désèmber 2023
(sonten)

Katrangan:

PS: Palados Sabda

Prdt: Pradâtå

U: Umat

Lkt: Lèktor

Mulyakaken Gusti
Allah ingkang
Preduli dhateng
Manungså



PACAWISAN

- Pemusik/pianis ngungelaken lagu-lagu ingkang nuntun pasamuwan ngraos-raosaken pangibadah ingkang badhé kaladosaken.
- Umat lumebet ing wekdal ening minangka pacawisan badhé ngibadah.
- Bèl/loncèng kaungelaken lajeng lilin kasumet.

TIMBALAN NGIBADAH

(Umat Jumeneng)

Prdt: Umat kagunganipun Gusti, 4 Minggu Advèn sampun kitå pengkeraken sesarengan kanthi manékå warni kedadosan. Dalu punikå, sadåyå umat ing jagad kanthi punåpå won-tenipun sami mapag rawuhipun Sang Juru Wilujeng ingkang tuhu tresnå rawuh nyelaki sadåyå titahipun. Sumånggå kitå mulyakaken rawuhipun kanthi ngrepèkaken KPJ 239:1-2:

U: (ngrepèkaken KPJ 239)

KPJ 239 “PINUJI TANSAH”

- 1) Pinuji tansah Allah Måmirah
 kang asih mirmå maring manungså,
 nladhani kitå welas asih irå
 mring tiyang kang ringkih nandhang sangsårå.
 -tanpå interlude-

- 2) Pinuji-puji Gusti Måsuci
 paring aksåmå dosaning jalmå,

nladhani kita dimèn olah-tresnå
ambek-påråmartå dhemen ngapurå.

VOTUM

PS: Kitå lumebet ing pangibadah dalu ndungkap Natal punikå
kanthi pangaken bilih:

U: **“Pitulungan kitå punikå, | pinangkanipun saking
Sang Yéhuwah, | ingkang nitahaken langit lan
bumi.”**

SALAM

PS: “Sih-rahmat lan tentrem-rahayu saking Gusti Allah, Råmå
kitå, lan saking Gusti Yésus Kristus, wontenå ing pårå
sadhèrèk sadåyå.”¹

U: **(aklamasi) AMIN, AMIN, AMIN.**

PAMBUKÅ

(Umat Lenggah)

Prdt: Pangibadah wekdal samangké kalampahan kanthi atetales
irah-irahan **“Mulyakaken Gusti Allah ingkang Preduli
dhumateng Manungså.”** Waosan kapisan kapethik saking
Yésaya 9:2-7, ingkang katanggapan kanthi Jabur Masmur
96. Waosan kalih kapethik saking **Titus 2:11-14**. Déné
waosan Injil kapethik saking **Lukas 2:1-14**.

U: **(ngrepèkaken KPJ 214)**

KPJ 214 “ANÈNG PAMAKANAN”

- 1) Anèng pamakanan, iku dunungnyå;
ginedhong ing kain, sèstu prasåjå.
Lelintang ing langit padhang nelahi,
dé Yésus Gustiku saré kepati.
-tanpå interlude-
- 2) Råjå-kåyå nywårå, kang nendrå wungu,
nadyan piniyårå nging tan ngreridhu.
Samangkyå atiku sèstu rahayu,
wit Gusti, mitraku nentremken kalbu.
-interlude ~ modulasi-

¹ I Korintus 1:3

- 3) Dhuh Yésus, Sang Putrá, mugi Paduká,
 lestantun ing kulá kanthi sih-tresná.
 Pára umat sámyá binerkahána,
 tinuntun nggènírá lumebèng swárga.

PANGAKEN DOSÁ

PS: Umat kagunganipun Gusti, sami nilingná paréntahipun Gusti! “Kowé pàdhá Dakwènèhi pepakon anyar, iyá iku supáyá kowé pàdhá tresná-tinresnanána; dikáyá anggonKu wus tresná marang kowé, kowé iyá pàdhá tresná-tinresnanána ugá. Kanthi mangkono saben wong bakal pàdhá weruh, yèn kowé pàdhá dadi siswa-Ku, yáiku manáwa kowé pàdhá tresná-tinresnan” (Yohanes 13:34-35).

Prdt: Gusti Yésus rawuh mbabar kaanyaran tumrap tatanan pagesangan kitá. Anggènipun rawuh nyápá aruh manungsá mboten winates tumrap golongan tertemtu, nanging kanggé sadáyá titah yasanipun. Panjenenganipun ngarsakaken supados katresnan sumebar lan mangaribawani sabumi lumantar anak-anak kitá. Sumanggá kita mangun kawontenan manah ingkang ening lan kitá mawas dhiri; kanthi suká pitakèn ing manah kitá: Punápá katresnanipun Gusti ingkang ngrawuhi sadáyá titahipun ugi ndadosaken manah kitá gumrégah tumandang makaryá lelados?

U: (*ngrepèkaken KPJ 217:1-2*)

KPJ 217 “DALU SANTI”

- 1) Dalu santi, abyor cahyèng kartiká;
 dalu suci miyosing Pamartá.
 Jagad ráyá kang risak wit duráká
 dèn pulihkèn pindhá Pirdus mulyá.
 Prá manungsá kang sangsára wit dosá,
 linuwaran mrih tentrem raharjá.

Reff.:

Swawi sujud saos bekti mring Gusti.
 Dalu santi, Panebus wus manjalmá;
 dalu suci, dalu, dalu santi.

-tanpá interlude-

- 2) Dalu santi, lintang panjer sung cahyá;

dalu suci, rawuhing Sang Putrá.
 Bayi suci rinenggá kaapesan,
 karsá mbikak korining kaswargan;
 angrukunken Allah klayan manungsa,
 wah sung gesang sejati, sampurná.
 Reff.:
 Swawi sujud saos bekti mring Gusti.
 Dalu santi, Panebus wus manjalmá;
 dalu suci, dalu, dalu santi.

PAWARTOS SIH-RAHMAT *(Umat Jumeneng)*

PS: Kanthi rawuhipun Sang Mesih, sih-rahmat kababar lan
 tentrem-rahayu makuwon ing sadâyá titah. Punâpá malih
 kitá ingkang kanthi keduwung nggetuni karingkihan sâhá
 dosá kitá. Pangandikanipun Gusti makaten: “Amargá áná
 Bayi kang wus miyos kanggo kitá, áná Putrá kang wus
 kaparingaké marang kita, lambanging papréntahan áná ing
 pamidhangané, lan asmané sinebut: Penaséhat Élok, Gusti
 Allah kang prakosá, Rámá kang Langgeng, Ratuning
 Katentreman” (Yésaya 9:5).

Sumangga kita pratélakaken pangucap sokur kita awit sih-nugrahanipun Gusti.

U: Puji sokur konjuk Gusti.

U: (ngrepèkaken KPJ 217:3)

KPJ 217:3 “DALU SANTI”

- 3) Dalu santi, putrá tedhak nèng donyá;
 dalu suci, mláékat sung pujá.
 Kang Mamulyá karsá ngesorken srirá,
 ngrembat dosá mrih jagad slametá.
 Dayaning pati mangkyá ingasorken,
 prá manungsá sinung gesang langgeng.
 Swawi sujud saos bekti mring Gusti.
 Dalu santi, Panebus wus manjalmá;
 dalu suci, dalu, dalu santi.

PALADOSAN PANGANDIKA

(Umat Lenggah)

PS: (Dongá badhé nampèni Sabdâ)

Waosan Kapisan

Lkt: Waosan kapisan kapethik saking **Yésaya 9:2-7**.

Makaten pangandikanipun Gusti

U: Puji sokur konjuk Gusti.

Masmur Tanggapan

Lkt: Sumanggå kita tanggapi kanthi **Jabur Masmur 96**, kitå waos gentosan.

Waosan Kalih

Lkt: Waosan kalih kapethik saking **Titus 2:11-14**.

Makaten pangandikanipun Gusti

U: Puji sokur konjuk Gusti.

Pamaosing Injil

PS: Pamaosing Injil, kapethik saking **Lukas 2:1-14**.

Makaten reroncèning Sabdanipun Gusti, “Ingkang rahayu inggih punikå ingkang sami mirengaken Pangandikanipun Allah lan dipun gatosaken.” HALÉLUYA.

U: (ngrepèkaken HALÉLUYA)

Khotbah**Wekdal Ening****Pangaken Pitados**

(Umat Jumeneng)

Prdt: Sesarengan umat ingkang mulyakaken kapredulianipun Gusti Allah tumrap manungså; inggih patunggilan ing sauruting wekdal lan sadhéngah panggènan ingkang tinangsul katresnaning Gusti, sumanggå kitå ucapaken Pangaken Pitados Rasuli...

U: (Sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli)

Dongå Syafaat

(Umat Lenggah)

PS: (Nglantaraken pandongå syafaat)

PISUNGSUNG

Prdt: Sumanggå kitå mratélakaken pangucap sokur kitå awit saking pangrimatipun Gusti awujud pisungsung ingkang katåtå déning pradataning pasamuwan tumrap paladosan konjuk Gusti Allah lan sesami ing jagad punikå. Jabur Masmur 54:8 ngatag kitå makaten, “Kawulå badhé nyaosi kurban kanthi éklasing manah, dhuh Yéhuwah, kawulå badhé memuji asmå Padukå, amargi asmå Padukå punikå saé.”

U: (ngrepèkaken KPJ 169)

KPJ 169 “LAMUN KAWULÅ”

- 1) Lamun kawulå, dhuh Råmå, darbé atur panyuwun, mugu kulå nggih sagedå nrimah sakarsanipun.
Lir pandonganipun Gusti, "Ywå pikajeng kawulå, mung karsèng Råmå pribadyå kang tansah binabarnå."

-interlude-

- 2) Sagung peparingé Allah saèstu munpangati; milå kulå tansah nrimah, sarta kanthi pamuji.
Lir pandonganipun Gusti, "Ywå pikajeng kawulå, mung karsèng Råmå pribadyå kang tansah binabarnå."

-interlude ~ modulasi-

- 3) Mung katresnaning Pangéran dados tukung panglipur; milå sisah, karibedan, aturnå Kang Maluhur.
Lir pandonganipun Gusti, "Ywå pikajeng kawulå, mung karsèng Råma pribadya kang tansah binabarna."

Dongå Pisungsung

(Umat Jumeneng)

Prdt: (Nuntun dongå pisungsung, pungkasaning pangabektèn, lan Dongå Råmå Kawulå)

Kidung Pangutusan

U: (Ngrepèkaken KPJ 221)

KPJ 221 “DUK BUMI KINEMULAN RATRI”

- 1) Duk bumi kinemulan ratri, prå pangèn nèng årå-årå,
kalawan setyå tuhu sami anjagi panthaning méndå.
Dyan amireng mlåékat muji,
ngumandhang anèng akåså;
prå pangèn sami dinawuhan nglari Putrå Kaswargan.
-tanpå interlude-
- 2) Praptèng Bètléhem, dyan kumlepyur
tempuk cahyå tiga sami;
sajugå king lintang ing luhur,
kadwinyå saking Sang Bayi
Pyr! Tempuk cahyå kang katiga;
cahyeng mripat kang asukå.
Dyan prå pangèn tumungkul sami
sujud manembah Gusti
-interlude ~ modulasi-
- 3) Maria dahat bingah ing driyå
nampi gunging kanugrahan;
klayan Yusuf anèng sisihnyå,
ngusap mring Bayi kaswargan.
Prå pangèn masrahken méndanyå
mring pangreksaning mlåékat,
tan téga nilar Sang Pamartå,
milå tansah sung urmat.

PANGUTUSAN

- PS: Gusti Yésus rawuh ngwujudaken kapredulianipun Gusti Allah dhumateng manungså. Awit saking punikå, sumång-gå sami mbabarna kapredulianipun Gusti Allah dhumateng jagad ingkang rinenggå ing manékå warni kawontenan. Samangké, enernå manah panjenengan dhumateng Gusti lan sangsâyå mbabarnå katresnan panjenengan tumrap sesami.
- U: **Kawulå ngeneraken manah dhumateng Gusti, | lan sumadiyå mbabarken katresnan tumrap sesami.**

PS: Nindaknå kanthi tumemen, timbalan panjenengan minangkå juru wartå karahayon saha pangrimating kapitadosan.

U: **Puji sokur konjuk Gusti.**

PS: Lumantar gesang punåpådéné paladosan panjenengan, pinujiå Allah Råmå, Putrå, lan Roh Suci.

U: **Samangké énggå salaminipun.**

BERKAH

PS: Sami nerasanå lampah gesang panjenengan winengku ing tentrem rahayu. Sami nindaknå paréntah lan mbabarnå kapredulianipun Gusti Allah tumrap sadâyå titah. Gusti mugi njangkepi panjenengan kanthi berkahipun: “Sang Yéhuwah maringi berkah dhateng panjenengan lan ngayomi panjenengan. Sang Yéhuwah nyunarken cahyaning wadanipun dhateng panjenengan lan maringi sih-rahmat. Sang Yéhuwah nungkulaken wadanipun dhateng panjenengan lan maringi panjenengan tentrem rahayu.”² Amin.

U: **(Ngrepèkaken KPJ 221)**

KPJ 221 “DUK BUMI KINEMULAN RATRI”

- 3) Dhuh Sang Bayi saking ngaluhur,
rawuh nandhang påpå nisthå.
Gusti mugi nuntun kawulå angambah margi Padukå.
Lah Padukå ngastå wiséså,
anglungsur pårå pangwåså.
Nadyan agung tresnaning Gusti,
donyå datan nampèni.

[NsN/ UC SL]

² Wilangan 6:24-26

TĀTĀ PANGIBADAH NATAL

Senèn, 25 Désèmber 2023

Katrangan:

Pmp: Pemimpin

Prdt: Pradātā

Umt: Umat

Lkt: Lèktor

**Gusti Allah Rawuh
Mbabar Karahayon**



KATRANGAN

1. Tātā pangibadah punikā prelu dipun tātā saprayoginipun kajumbuhaken kaliyan kabetahan ugi padatan ing pasamuwan ngriki, sumrambah wargā pasamuwan dadosā saking laré énggā adi yuswā (*intergenerasi*).
2. Pmp punikā pemimpin utawi juru khotbah.
3. Prdt punikā pradātā.
4. Lkt punikā Lèktor (ingkang maos kitāb Suci). Prayogi sanget parā parāgā Lèktor wiwit saking laré Sekolah Minggu, nèm-nèman, saha yuswā adi.
5. Lilin cacah sekawan (lilin warni ungu lan *pink*) saha lilin Kristus (warni pethak) sampun kasumet sadèrèngipun pangibadah kawiwitan. Lilin pangibadah ingkang nandhani pangibadah kawiwitan kasumet nalikā lumebet ing pérangan PACAWISAN.
6. Ing pérangan TIMBALAN PANGIBADAH, parā parāgā nyebataken nāmā gréjanipun piyambak-piyambak ing ceceg-ceceg ingkang kacawisaken.
7. Saben “*gloria*” kedah dipun surakaken lan “*gloria in excelsis Deo*” dipun kidungaken, umat kaaturan ngungelaken alat musik utawi barang ingkang ungelipun kumrincing kadostā tamborin, *chimes*/loncèng, *triangle*, krincingan, bèl, kunci

kanggé bèngkèl, lan gelas ingkang kathuthuk nganggé séndhok.

8. Arak-arakaning pàrà paràgà pangibadah (lan pradåtå) lumebet punåpådéné medal kajumbuhaken kaliyan padatan ing pasamuwan ngriki.
9. Pamaosing Lukas 2:8-20 saged katindaaken kanthi drama lan pàrà laré kadhapuk dados paràgà. Pasamuwan ing ngriki kaaturan mranåtå piyambak murih pamaosing Injil langkung “gayeng” sàhå mbiyantu wargå mawas ugi “ngraosaken” kawontenan kados papan ingkang kawaos.
10. Kasumanggakaken nemtokaken piyambak penyemarak pangibadah kadostå paduan suara, kelompok vokal, solois, lan sapanunggalanipun kapapanaken ing tåtå pangibadah manut padatan gréjå ngriki.

PACAWISAN

PRDT: NYUMET LILIN PANGIBADAH.

PAMAOSING WARTÅ GRÉJÅ.

NGATAG UMAT LUMEBET ING WEKDAL ENING.

* LONCÈNG GRÉJÅ KAUNGELAKEN

(Umat saged jumeneng)

TIMBALAN NGIBADAH

[Umat nanggapi kanthi “*GLORIA HALÉLUYA*” sinarengan ungeling alat musik utawi barang ingkang ngedalaken suwanten kumrincing utawi saged ngangkat astå kalih]

Prdt: Pàrà sadhèrèk warganing pasamuwan GKJ ... (Cathetan: Kasebataken nāmå gréjanipun), sami nilingnå wartå kabingahan:

Gusti Allah ngrawuhi umatipun.

Sang Bayi Suci inggih Gusti Yésus miyos ing Bèthlèhèm, sumaré ing pamakanan.

Umt: GLORIA! HALÉLUYA!

Prdt: Pàrà pangèn sowan suwitå Panjenenganipun.

Umt: GLORIA! HALÉLUYA!

Prdt: Pàrà málåékat ngulukaken pujèn konjuk Panjenengani-
pun.

Umt: GLORIA! HALÉLUYA!

Prdt: Lintang abyor nyunaraken kamulyanipun.

Umt: GLORIA! HALÉLUYA!

Prdt: Pàrà pandhitå saking Wétan ngaturaken pisungsungi-
pun.

Umt: GLORIA! HALÉLUYA!

Prdt: Sumånggå, kanthi sukå bingahing manah, kitå manem-
bah saha memuji Sang Bayi Yésus, Juru Wilujeng ingkang
kaantu-antu déning jagad.

Umt: GLORIA! HALÉLUYA!

Prdt: Sumånggå, kitå pisungsungaken dhiri kitå sawetahipun
konjuk Sang Bayi Yésus, Gusti kitå.

Umt: GLORIA! HALÉLUYA!

Prdt: Pàrà sadhèrèk warganing pasamuwan GKJ ... (*kasebata-
ken nãmå gréjanipun*), sumånggå kitå manunggil lan
mratélakaken kabingahan!

Umt: (Ngrepèkaken KPJ 233 “KÅNCÅ AGIYAKÅ”)

KPJ 233 “KÅNCÅ AGIYAKÅ”

- 1) Kåncå agiyakå! Ing kandhang Bèthlèhèm
karawuhan Rohing Pangéran.
Sang Bayi miyos pinaringken kitå.
Lah payo mrånå sujud, lah payo mrånå sujud
ngabekti maring Gusti, Pamartå.
-tanpå interlude-
- 2) Pamartaning jagad, Putrå kang tumurun
sumèlèh anèng pamakanan.
Yèku wujudnyå prasetyaning Allah.
Lah payo mrånå sujud,
lah payo mrånå sujud
ngabekti maring Gusti, Pamartå.

-interlude-

- 3) Sang Ratuning Jagad dahat kinurmatan,
rawuhé mbabar sih-kawelasan
marang manungså kang samnyaå pracayaå.
Lah payo mrånå sujud, lah payo mrånå sujud
ngabekti maring Gusti, Pamartå.

-modulasi-

- 4) Panebus sejati kang rawuh ing bumi
mrih manungså sinung basuki.
Nulyå sowanå sarwi sumuyudå.
Lah payo mrånå sujud, lah payo mrånå sujud
ngabekti maring Gusti, Pamartå.

Syair: *Adeste fideles/O Come All Ye Faithful*, John Francis Wade 1751, terj.
Yamuger/Pan. Lit. K.A.J. 1980

Lagu: John Francis Wade 1751

BE 56, NR 39

VOTUM LAN SALAM

PS: “Pitulungan kitå punikå wonten ing asmanipun Sang
Yéhuwah, ingkang nitahaken langit kaliyan bumi.”

Umt: AMIN.

Pmp: Tentrem rahayuning Sang Kristus nunggilå ing kitå
sadayaå.

UMT: SAMANGKÉ NGANTOS SALAMININPUN.

PS: Pinujiå Gusti Allah ing swargå, ingkang Måhå Luhur.

UMT: LAN TENTREM RAHAYU | WONTENÅ ING PATUNGGILA-
NIPUN UMAT | INKGANG MRANANI GALIHIPUN.

(Umat Lenggah)

INTROITUS

Prdt: Pasamuwan ingkang kinasih, sugeng/wilujeng Natal!
Wiyosing Sang Bayi Suci, dados pratåndhå bilih Yésus
Kristus netepi pamecanipun pårå nabi, ingkang ugi ateges
bilih Gusti Allah ngrawuhi umatipun lan maringi sih-
nugråhå ngluwari jagad saking pamengkuning doså.
Wiyosan nDalem Gusti Yésus mujudaken sih-katresna-
nipun Gusti Allah tumrap sadayaå titah ingkang sami

ngajeng-ajeng karahayon sàhå katentreman. Awit saking punikå, sumånggå kitå nampi rawuhipun Gusti Allah ingkang winengku ing katresnan punikå kanthi pamuji sokur, surak mawurahan, lan pisungsunging gesang kitå. Sumånggå Putri Sion, umating Allah, sami memuji, lan surak-surakå mapag Sang Ratuning Katentreman, Yésus Kristus, Gusti kitå!

Umt: (Ngrepèkaken KPJ 238 “PÀRÅ JALMI, GIRANGÅ”)

KPJ 238 “PÀRÅ JALMI, GIRANGÅ”

- 1) Pàrå jalmi, girangå, mujiå, pramuditå
Ratunirå wus praptå jumeneng Ratu salam.
pàrå jalmi, girangå, mujiå, pramuditå.
-tanpå interlude-
- 2) Kaluhurnå kang Putrå, kekasihing kang Råmå,
mbangun karatonirå, jumeneng Ratu Mulyå.
Para jalmi, girangå, mujiå, pramudita.
-interlude-
- 3) Kamulyaknå Pamartå, kang rawuh ing præ umat,
Pambirating durågå, jumeneng Juruslamet.
Pàrå jalmi, girangå, mujiå, pramuditå.

NYUWUN SIH-PIWELASIPUN GUSTI ALLAH

Prdt: Sang Kristus, Sang Pepadhanging Jagad, sampun rawuh saprelu miyak pepeteng saking manah kitå. Wonten ing pepajaripun Gusti, sumangga kitå sami naliti manah sàhå nyuwun sih-piwelasipun Gusti ngapunteni doså panerak kitå.

[Ening. Umat ngonjukaken pandongå]

Prdt: Sumånggå kitå ndedongå.
Gusti Yésus, Putra Ontang-antinging Allah Råmå,
Padukå miyos ing jagad punikå mengku sih-rahmat lan kaleresan.

Karsåå Padukå ngapunteni manungså ingkang mboten kasil mahargya sårå nampi rawuh Padukå kanthi gumolonging manah, satemah jagad taksih rinenggå kekerasan sartå duråå.

Gusti, mugi melasi kawulå.

Umt: GUSTI, MUGI MELASI KAWULÅ.

Prdt: Sang Kristus, Juru Wilujenging jagad, Padukå miyos ing kawontenan pårå cintåå. Ibu Maria lan bapak Yusuf nyumèlèhaken Padukå ing pamakanan.

Karsåå Padukå ngapunteni sikep srakah lan namung nengenaken dhiri kawulå, sartå kawulå dèrèng saged nresnani kanthi gumolonging manah, kados katresnan Padukå ingkang kababar tumrap kawulå lan ugi sadåyå titah Padukå.

Gusti, mugi melasi kawulå.

Umt: GUSTI, MUGI MELASI KAWULÅ.

Prdt: Gusti Yésus Kristus, Padukå Sang Sabdå ingkang manjalmå, Padukå miyos ing jagad punikå murih mbabar sih-katresnan saha tentrem rahayuning Allah Sang Råmå. Kasaåå Padukå nyunari manah kawulå lan manah sabèn tiyang kanthi cahyaning katresnan sårå karahayon Padukå, satemah jagad ingkang kasrepen ing bebener sami nampèni angeting katresnan Padukå, jagad ingkang kebak ing kekerasan sagedå ngraosaken tentrem-rahayu.

Gusti, mugi melasi kawulå.

Umt: GUSTI, MUGI MELASI KAWULÅ.

(Ngrepèkaken KPJ 231 “KADOSPUNDI, DHUH GUSTI”)

KPJ 231 “KADOSPUNDI, DHUH GUSTI”

- 1) Kadospundi, dhuh Gusti, nggèn kula sung urmat, methukken klayan puji mring Ratuning jagad?
Mugi Gusti madhangi lantaran Roh Suci.

Salam kulå ndadosnå kepareng Padukå.

-tanpå interlude-

- 2) Saking dhampar kang mulyå lan kluhuran swargå,
Gusti tedhak ing donya nunggil lan præ-jalmå,
tumut nandhang sangsårå, ngrembat kasisahan,
ngrukunken tiyang doså dhumateng Pangéran.

-interlude-

- 3) Punåpå kang njalari, dhuh Ratu kang mulya,
Padukå rawuh mriki, karså nandhang papà?
Inggihi piwlas Padukå sårå palimirmå,
lan katresnan Padukå dhateng tiyang doså.

(Umat saged jumeneng)

PAWARTOS SIH-RAHMAT

PS: Tumrap kitå ingkang adreng nyuwun sih-piwelasipun Gusti Allah lan tumemen mratobat, manggå kitå tampèni wartå kabingahan: “Pinujiå Pangéran, Allahé Israél, sabab wis nuwèni umaté lan paring pangluwaran. Panjenengané nukulaké sunguning karahayon kanggo kita ånå ing tedhaké Sang Prabu Dawud, abdiné. Ing dinå iki wis miyos Juru-slametmu, yåiku Sang Kristus, kang jumeneng Gusti, ånå ing kuthané Dawud” (Lukas 1:68-69; 2:11).

Makaten sih-rahmatipun Gusti.

Umt: PUJI SOKUR KONJUK GUSTI.

(Ngrepèkaken KPJ 237 “IBÅ ÉNDAH CAHYÈNG RATRI”)

KPJ 227 “IBÅ ÉNDAH CAHYÈNG RATRI”

- 1) Ibå éndah cahyèng ratri kang nyunari jagad rat;
duk pradutå swargå prapti
ngundhangaken sih-rahmat.
Raharjå, præjalmå kang sinungan kawaluyan,
lantaran Sang Pamartå, lantaran Sang Pamartå.
- 2) Puji konjuk Hyang Maluhur
kang melasi mring jalmå;

nglepataken saking ukum, mitulungi raharjå.
 Prå jalmå sayogyå ndhèrèk muji Hyang Masuci,
 langgeng ing salaminyå, langgeng ing salaminyå.

TENTREM RAHAYU

PS: Ratuning Katentreman ingkang miyos ing Bèthlèhèm
 mratélakaken tentrem-rahayuning Allah Råmå tumrap
 jagad. Sumånggå, kitå ugi nedahaken tentrem-rahayu-
 ning Gusti Allah dhumateng pårå sadhèrèk kitå.

(Ngatag umat sami déné tangkep astå/ salaman kinanthènan
 repèning kidung KPJ 227 “Tentrem Rahayu” rambah
 kaping 2)

KPJ 227 “TENTREM RAHAYU”

- 1) Tentrem raharjå sing Gusti kitå,
 tumrah mring kitå;
 tentrem raharjå sing Gusti kitå,
 tumrah mring kitå.

(Umat lenggah)

PALADOSAN PANGANDIKA

- Dongå Badhé Nampèni Pangandikå

PS: Dhuh Gusti Allah ingkang Måhå Kawåså,
 pårå pangèn sami ngrepèkaken kidung pamuji konjuk
 Padukå
 awit kedadosan ingkang dipun pireng lan dipun tingali
 ing Bèthlèhèm kados ingkang kawartosaken lan kapujèk-
 aken déning pårå målåékat.
 Mugi Sang Roh Suci manjing ing dhiri kawulå,
 satemah nuntun anggèn kawulå badhé mireng lan
 nemahi kedadosan ngéramaken såhå mbingahaken awit
 Sabdå ingkang gesang. Kawulå badhé nampèni Sabdå
 ingkang sinerat ing telenging manah kawulå.
 Wonten ing asmanipun Gusti Yésus.

Umt: AMIN.

▪ Pamaosing Kitab Suci

Lkt: (Maos **Yésaya 62:6-12**)

Makaten Sabdanipun Gusti.

Umt: PUJI SOKUR KONJUK GUSTI.

Masmur (Jabur Masmur 97, kawaos kanthi litani/ sesautan lan ing selå-selaning maos Jabur karepèkna KPJ 215 “ANÈNG SALUMAHING BUMI”)

Umt: (Ngrepèkaken KPJ 215 “ANÈNG SALUMAHING BUMI.” Nalika repèning cakepan “*gloria in èxcèlsis Déo*” umat saged ngunèkaken alat musik utawi barang ingkang ngedalaken suwanten kumrincing).

KPJ 215 “ANÈNG SALUMAHING BUMI”

- 1) Anèng salumahing bumi sru ngumandhang pamuji.
Anèng ngaré miwah ardi, kidunging bâlå swargi,
Gloria in èxcèlsis Déo! Gloria in èxcèlsis Déo!

Lkt: Pangéran Yéhuwah iku Råjå, salumahing bumi karebèn surak-surak,

Umt: PULO-PULO KAREBÈN AKÈH | KANG PÅDHÅ SUKÅRENA!

Lkt: Panjenengané kubengan ing mégå lan pepeteng,

Umt: KAADILAN LAN ANGGER-ANGGER | KANG DADI TETALESING DHAMPARÉ.

Lkt: Geni lumaku ana ing ngarsané,

Umt: LAN NGGESENGAKÉ SATRUNÉ | ING SAKIWÅ-TENGÉNÉ.


Lkt: Kilaté pådå madhangi jagad,

Umt: BUMI NDELENG | TEMA GUMETER.


Lkt: Gunung-gunung pådå ajèr prasasat malam ånå ing ngarsaning Sang Yéhuwah,

Umt: ÅNÅ ING NGARSANÉ | GUSTINÉ SALUMAHING BUMI.

(Ngrepèkaken pérangan refrein KPJ 215 “ANÈNG SALUMAHING BUMI”)



- Lkt: Langit martakaké kaadilané,
 Umt: LAN SAKÈHING BĀNGSĀ | PĀDHĀ NYAWANG KALUHURANÉ.
- Lkt: Sarupaning wong kang ngabekti marang reca bakal pādha nandhang wirang, wong kang pādha gumunggung margā sāka brahālā-brahālā;
 Umt: SAKÈHING ALLAH | PĀDHĀ SUJUD NYEMBAH | MARANG PANJENENGANÉ.
- Lkt: Sion mireng wartosipun, temah bingah,
 Umt: SĀRTĀ PĀRĀ PUTRINIPUN YÉHUDA | SAMI SURAK-SURAK, | MARGI SAKING PAUKUMAN PADUKĀ, | DHUH YÉHUWAH.
- Lkt: Awit Padukā punikā, dhuh Yéhuwah, ingkang Māhāluhur, ingkang mengku salumahing bumi,
 Umt: PADUKĀ LINUHURAKEN SANGET | NGLANGKUNGI SAKATHAHIPUN ALLAH.
- (Ngrepèkaken pérangan refrein KPJ 215 “ANÈNG SALUMAHING BUMI”)



Lkt: Hé wong kang pàdhå tresnå marang Sang Yéhuwah
pàdhå sengitå marang piålå!

Umt: PANJENENGANÉ KANG NGREKSÅ NYAWANÉ PÅRÅ
WONG KANG KINASIHAN, | BAKAL NGLUWARI WONG-
WONG IKU | SÅKÅ ING TANGANÉ PÅRÅ WONG DURÅKÅ.

Lkt: Pepadhang wus sumunar tumrap pårå wong mursid,

Umt: LAN KABUNGAHAN | TUMRAP PÅRÅ WONG KANG BURUS
ATINÉ.

Lkt: Hé pårå wong mursid, pàdhå bungah-bungahå margå
såkå Pangéran Yéhuwah,

Umt: LAN NGREPÈKNÅ KIDUNG PAMUJI SOKUR | KAGEM
ASMANÉ KANG SUCI.

(Ngrepèkaken KPJ 215 “ANÈNG SALUMAHING BUMI”)

KPJ 215 “ANÈNG SALUMAHING BUMI”

- 2) Prå pangon ing årå-årå, memuji manembråmå,
kagem Råjå kang wus praptå,
ngumandhang sukårenå.

Gloria in excelsis Déo! Gloria in excelsis Déo!

-tanpå interlude-

- 3) Wus miyos Juru-basuki, yèku isining puji,
pangunggung kalayan urmat,
mring Gusti Ratu jagad,

Gloria in excelsis Déo! Gloria in excelsis Déo!

Lkt: (Maos **Titus 3:4-7**)

Makaten Sabdanipun Gusti.

Umt: PUJI SOKUR KONJUK GUSTI.

(Ngrepèkaken KPJ 215 “ANÈNG SALUMAHING BUMI.”

Nalikå repèning cakepan “*gloria in excelsis Déo*” umat
saged ngunèkaken alat musik utawi barang ingkang
ngedalaken suwanten kumrincing).

KPJ 215 “ANÈNG SALUMAHING BUMI”

4. Payo kitå samyå muji sareng lan bålå swargi,
srånå kidunging pamuji, kanthi tulusing ati,
Gloria in èxcèlsis Déo! Gloria in èxcèlsis Déo!

Lkt: (Maos **Lukas 2:8-20**)

PS: “Ingkang rahayu inggih punika ingkang mirengaken
Pangandikanipun Gusti lan dipun gatosaken.” Gloria,
Haléluya!

Umt: (Ngrepèkaken pérangan refrein KPJ 215 “ANÈNG
SALUMAHING BUMI”)

5 . 6 5 4 3 | 4 . 5 4 3 2 | 3 . 4 3 2 1 | 2 . 2 5 . ' |
Glo - - - - - ri - a

1 2 3 4 | 3 . 2 . ' | 5 . 6 5 4 3 | 4 . 5 4 3 2 |
in ex-cel-sis De - o! Glo - - - - -

3 . 4 3 2 1 | 2 . 2 5 . ' | 1 2 3 4 | 3 . 2 . | 1 . . . ||
- - - - - ri - a in ex-cel-sis De - o!

- Khotbah
- Wekdal Ening

PANGAKEN PITADOS RASULI (*Umat saged jumeneng*)

Pangatag ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli déning pradåtå.

DONGÅ SYAFAAT

(*Umat lenggah*)

(INGKANG KAJIBAH NGLANTARAKEN NDONGÅ SYAFAAT SAKING
PRADÁTÅ, PEMIMPIN, LAN WAKIL LARÉ ÉNGGÅ ADIYUSWÅ)

Prdt: Gusti Allah Sang Råmå, kawulå ngucap sokur awit saking
rawuh Padukå tumrap kawulå makaten ugi titah Paduka
sanèsipun, lumantar Gusti Yésus Putrå Padukå Gusti lan
Juru Wilujeng kawulå. Kawulå sukårenå awit Padukå
neguhaken malih sih-nugråhå Padukå inggih punika
pangajeng-ajeng bab gesang ingkang kasunaran katres-
nan Padukå tumrap jagad, ing satengahing kawontenan
jagad ingkang winengku déning pepeteng. Kanthi raos
sokur rinenggå bingah, kawulå aturaken pandongå
kawulå konjuk Padukå.

Laré: Dhuh Allah, Gusti Yésus sampun miyos wonten ing wujud Manungså Sajati. Kaénggalná (kaanyarnå) Gréjå Padukå minångkå Sariranipun Sang Kristus, satemah Gréjå Padukå kuwagang nyunaraken kamulyanipun Sang Kristus, Sang Imanuèl, tumrap jagad. Kawulå nyuwun:

Umt: KARSÅÅ NYEMBADANI DONGÅ KAWULÅ.

Remaja : Pårå pangèn sampun nampi wartå kabingahan rawhipun Sang Mesih ing jagad punikå. Kawulå ngucap sokur awit tiyang-tiyang punikå gitå-gitå martosaken Injil, satemah kawulå ugi kathah tiyang sanèsipun saged tepang dhateng Gusti Yésus. Roh Suci karsaa ngiyatnå kapitadosanipun tiyang-tiyang punikå lan nuntun lampah gesang padintenanipun. Karsåå Padukå paring sih-rahmat anggèn kawulå tinimbangan mbagé nugarhå Padukå lumantar pitembungan punåpådéné pratingkah padintenan kawulå. Kawulå nyuwun:

Umt: KARSÅÅ NYEMBADANI DONGÅ KAWULÅ.

Pemuda: Bapak Yusuf lan ibu Maria mboten pikantuk papan panginepan ingkang murwat ing Bèthlèhèm. Karsåå ngayomi sårå maringi kacekapan tumrap tiyang-tiyang ingkang mboten gadhah griya kanggé ngayom ugi mboten gadhah sarånå kanggé nglaje-ngaken gesang saprayoginipun. Kaberegå manah kawulå supados purun ngrimati lan sami déné nulungi. Kawulå nyuwun:

Umt: KARSÅÅ NYEMBADANI DONGÅ KAWULÅ.

Ibu: Kadosdéné pawèstri sanèsipun, Ibu Maria nemahi panandhang anggènipun badhé babaran Sang Bayi Yésus. Padukå sampun miji satunggaling pawèstri tak-sih anèm ugi prasåjå minångkå mitrå Padukå murih rahayuning titah Padukå. Karsåå Padukå paring kakiya-tan tumrap pårå pawèstri ingkang nembé ngandhut lan ugi ingkang badhé babaran. Karsåå nunggil sartå ngayomi pårå pawèstri ingkang nggarbini tanpå sémah

ugi ingkang kedah piyambakan ngopèni anakipun.
Kawulå nyuwun:

Umt: KARSÅÅ NYEMBADANI DONGÅ KAWULÅ.

Bapak: Pårå målåékat ngrepèkaken kidung “tentrem rahayu wonten ing bumi” nalikå wiyosipun Putrå Padukå. Kaparingånå kasagedan ugi pambudi tumrap tiyang-tiyang ingkang nyambut damel mbélani kababaring bedhamèn makaten ugi karaharjan tumrap tiyang kathah. Kawulå ndedongå tumrap pårå pemimpining negari kawulå: Présidhèn Joko Widodo, Wakil Présidhèn Ma’ruf Amin, pårå wakiling rakyat ing MPR-DPR, pårå mentri, pårå gubernur, pårå bupati, lan tiyang-tiyang sanès ingkang kajibah nindakaken tåtå pamarintahan ing negari punikå. Karsåå nuntun pårå pemimpin anggènipun nindakakan jejibahanipun murih ngudi gegadhanganing bångså lan negari kawulå inggih punikå masyarakat ingkang adil lan raharjå ing bumi Indonesia ngriki. Kawulå ugi ndedongå tumrap pamarintah ugi sadåyå rakyat Indonesia ingkang cecawis badhé nindakaken PEMILU ing tahun 2024 mangké. Karsåå Padukå nyawisaken tiyang-tiyang ingkang pantes kanggé mimpin bångså Indonesia kanthi manah ingkang jujur, andhap asor, taberi, wasis, lan wicaksånå. Kasagednå kawulå tumut tumandang damel murih memayu hayuning bawånå sumrambah wonten ing sadåyå titah Padukå. Kawulå nyuwun:

Umt: KARSÅÅ NYEMBADANI DONGÅ KAWULÅ.

Adi Yuswå : Nalikå pårå pandhitå saking Wétan pitakèn bab wiyosan nDalem Gusti Yésus Sang Mesih, råjå Herodhès winengku ing kanepson satemah paring paréntah laré-laré alit kedah kaperjåyå. Bayi Yésus ugi kedah ngungsi sesarengan Ibu Maria lan Bapak Yusuf nuju tanah Mesir. Karsåå Padukå ngayomi pårå laré ing sajagad punikå lan karsåå Padukå mitulungi murih pårå laré saged pikantuk ngèlmu kawasisan saprayoginipun, nemahi mångså tumuwuh ingkang mbingahaken, lan ndarbèni

kalodhangan dados diwâsâ wicaksânâ. Padukâ karsââ mberkahi pârâ sadhèrèk ingkang sami ngungsi satemah pikantuk papan palereban ingkang jenjem sartâ raharjâ gesangipun winengku ing tentrem-rahayu. Kawulâ nyuwun:

Umt: KARSÂÂ NYEMBADANI DONGÂ KAWULÂ.

Prdt: Gusti Yésus Kristus, Padukâ rawuh ing jagad punikâ mbabar cahyâ ingkang nyunari pepeteng lan maringi pangajeng-ajeng ingkang mulihaken. Keparengâ kawulâ ndedongâ tumrap pârâ kadang kawulâ ingkang kapéngin pulih saras badanipun:... (kasebataken asmâ-asma ingkang gerah utawi yuswâ adi).

Kawulâ ugi ngèneti pârâ kadang kawulâ ingkang ngriyadinaken Natal tanpâ tinengganen déning ingkang dipun tresnani. Kawulâ ndedongâ tumrap ingkang sami mikul salib momotaning gesang ingkang awrat. Kapu-lihnâ lan kaparingânâ kakiyatan karosan. Rawuh Padukâ tumrap pârâ kadang punikâ mugi nuwuhaken pangajeng-ajeng punâpâdéné dâya gesang. Kawulâ nyuwun:

Umt: KARSÂÂ NYEMBADANI DONGÂ KAWULÂ.

Prdt: Pârâ pandhitâ saking Wétan sami sowan ngabyantârâ brayat Suci ing Bèthlèhèm lan sami nyembah Gusti Yésus. Binerkahânâ brayat kawulâ. Tentrem-rahayu Padukâ mengku brayat kawulâ sâhâ ndayani anggèn kawulâ sami déné nresnani, ngapunteni, lan sangkul sinangkul ing bot répot. Kanthi makaten sunaring Sang Imanuèl abyor saking lan lumantar brayat kawulâ. Lan samangké dhuh Gusti, karsââ Padukâ myarsakaken pandongâ pribadi/brayat kawulâ.

[Umat ngonjukaken dongâ pribadi lan pandongâ kanggé brayatipun]

PS: Dhuh Allah ingkang Mâhâ Tresnâ, Padukâ karsââ nampi sembah bekti lan pandongâ kawulâ, ingkang kawulâ suwun konjuk Padukâ wonten ing patunggilanipun Ibu

Maria, Bapak Yusuf, lan pàrã suci lumantar pantaraning Yésus Kristus inggih Sang Sabdã ingkang sampun manjalmã, Gusti lan Juru Wilujeng kawulã.

Umt: AMIN.

PISUNGSUNG

Prdt: Pasamuwan ingkang binerkahan, sumanggã kitã mraté-lakaken raos sokur konjuk Gusti awit wartã kabingahan tumrap sadâyã bångsã, inggih punikã Juru Wilujenging jagad sampun miyos. “Padha saosã pamuji sokur marang Pangéran Yéhuwah, awitdéné Panjenengané iku saé! Ujer sih-kadarmané iku langgeng ing salawas-lawasé. Iki dinã kang katitahaké déning Pangéran Yéhuwah, ayo pãdhã bungah-bungah lan sukãrenã” (Jabur Masmur 118:1, 24).

Umt: (Ngrepèkaken KPJ 230 “KABINGAHAN KANG SEJATI”)

KPJ 230 “KABINGAHAN KANG SEJATI”

- 1) Kabingahan kang sejati sumrambah sabumi.
Ratu Adil sampun praptã, sinung gesang mulyã,
sinung gesang mulyã, sinung, sinung gesang mulyã.
-tanpã interlude-
- 2) Kaslametan wit sih-rahmat sinrahken mring jagad
Sang Pamartã wus manjalmã
ngrempat sagung dosã: ngrempat sagung dosã,
ngrempat, ngrempat sagung dosa.
-tanpã interlude-
- 3) Karaharjan kang sanyatã pinaringken jalmã.
Kristus praptã olah-tresnã, tentrem kang pinanggyã,
tentrem kang pinanggyã,
tentrem, tentrem kang pinanggyã.
-interlude – modulasi-
- 4) Wartã adi kang satuhu saking Kang Makwãsa.
Kristus Gusti mbikak swargi, begjã tyang pracâyã,
begjã tyang pracâyã, begjã, begjã tyang pracâyã.

(Umat saged jumeneng)

Dongå Pisungsung - Dongå Råmå Kawulå

(Dongå kapimpin déning pradåtå)

PANGUTUSAN

PS: Sesarengan pårå målåékat, sumånggå kitå ngrepèkaken kidung kasukan tumrap jagad: Dinten punikå sampun miyos Juru Wilujenging jagad.

Umt: KAWULÅ SUMADHIYÅ.

PS: Sesarengan pårå pangèn, sumånggå kitå mapag kanthi sukåbingah wiyosan nDalem Sang Bayi Suci.

Umt: KAWULÅ SUMADHIYÅ.

PS: Sesarengan Ibu Maria lan Bapak Yusuf, sumånggå kitå nyawisaken dhiri dados mitraning Allah mbagèkaken pangajeng-ajeng, mbabar katresnan, lan mratélakaken tentrem-rahayuning Natal.

Umt: KAWULÅ SUMADHIYÅ.

PS: Pinujiå Gusti Allah ing swargå ingkang måhå luhur.

UMT: LAN TENTREM RAHAYU | WONTENÅ ING TIYANG |
 INGKANG MRANANI GALIHIPUN GUSTI ALLAH.
 (Ngrepèkaken KPJ 228 “ING BÈTHLÉHÈM KANG TAN AJI.” Nalikå pérangan refrein karepèkaken, umat saged ngunèkaken alat musik utawi barang ingkang ungelipun kemrincing; katåtå satemah ungelipun saged pas saben *ketuk*.)

KPJ 228 “ING BÈTHLÉHÈM KANG TAN AJI”

- 1) Ing Bèthlèhèm kang tan aji wus miyos Sang Bayi.
 Kang kadyå wus kawecå anèng Kitab Suci.

Refrein: Surakå, ya surakå! Kanthi sukårenå,
 "Sang Pamartå wus manjalmå
 nunggil klayan kitå!"
 -tanpå interlude-

- 2) Bayi påpå kang kawecå agung pangwasanyå;
 mbirat salir sangsårå wah pangrèhing doså. Refrein:
 -tanpå interlude-

- 3) Bayi suci kang ginusti tumedhak sing swargå;
ambabar asih-tresnå, yogyå tinulådhå. Refrein:
-interlude – modulasi-
- 4) Bayi adyå wah sampurnå tumedhak mring jagad,
nedya sung karaharjan, wit gunging sih-rahmat.
Refrein:

BERKAH

PS: “Pangéran Yéhuwah mberkahi panjenengan (kita) lan ngayomi panjenengan (kita). Pangéran Yéhuwah nyunaraken cahyaning wadananipun dhateng panjenengan (kita) lan maringi sih-rahmat. Pangéran Yéhuwah nungkulaken wadananipun dhumateng panjenengan (kita) lan maringi tentrem-rahayu.”

Umt: (Ngrepèkaken pérangan refrein KPJ 215 “ANÈNG SALUMAHING BUMI” rambah kaping 2)

5 . 6 5 4 3 | 4 . 5 4 3 2 | 3 . 4 3 2 1 | 2 . 2 5 .'|
Glo - - - - - ri - a

1 2 3 4 | 3 . 2 .'| 5 . 6 5 4 3 | 4 . 5 4 3 2 |
in ex-cel-sis De - o! Glo - - - - -

3 . 4 3 2 1 | 2 . 2 5 .'| 1 2 3 4 | 3 . 2 .| 1 . . . ||
- - - - - ri - a in ex-cel-sis De - o!

[EPW/ UC SL]

TATA PANGABÊKTI
Minggu Sepisan
Sasampunipun Natal
Minggu, 31 Désèmber 2023

Katrangan:

PL: Pemimpin Liturgi

PS: Palados Sabda

Psw: Pasamuwan

Prdt: Pradata

NYAWANG
PANGAJENG-
AJENG BAB
INTERGENERASI
 ❧❧❧

PACAWISAN

- *Organis/pianis* ngungêlakên *instrumentalia*, ndhèrék-akên pasamuwan ngraosakên timbalaning pangabêktèn.
- Wêkdal tidhêm minangka pacawisan.
- Pamaosing pawartos pasamuwan, kalajengaken ungêling *loncèng/bèl* tandha pangibadah kawiwitan (utawi manut pakulinan ingkang sampun lumampah)

TIMBALAN NGABÊKTI (pasamuwan jumeneng)

PL: Pasamuwan ingkang tinrêsnanan déning Gusti.
 Sang Kristus sampun miyos kanggé jagad. Wiyosanipun njalari kabingahan lan nyêgêrakên jiwa ingkang lungkrah. Sumangga ngluhurakên Asmanipun Gusti, Haléluya! Sesarêngan kita papag rawuhipun Sang Kristus ingkang sampun miyos tumrap jagad punika.

PEPUJÈN ARAK-ARAKANING PARAGA PANGIBADAH

KPJ 225: 1 – 3 “HALÉLUYA! YÉSUS KRISTUS”

- 1) Haléluya! Yésus Kristus ngrawuhi manungsa.
 Padhangng kamulyanipun kawuryan nèng donya.
- 2) Haléluya! Rawuhipun awit welasipun
 mring para umat sadarum, amrih gesangipun.
- 3) Haléluya! Yésus Kristus dados Juru Slamet,
 Panutan kang setya tuhu tuwin Ratu Langgeng.

VOTUM

PS: Pangibadah punika kalampah awit pitulunganipun Gusti Allah ingkang nitahakên langit, bumi, lan saisinipun, sarta ingkang setya nêtêpi prasêtyan kawilujênganipun.

Psw: **(ngidung) Amin, Amin, Amin**

SALAM

PS: Sihrahmat lan tentrem rahayu saking Gusti Allah, Rama kita, lan saking Gusti Yésus Kristus nunggila ing panjenengan sedaya.

Psw: **Nunggil lan nyaliranana panjenengan ugi.**

CÊCALANING PANGIBADAH *(Pasamuwan lenggah)*

PL: Pasamuwan ingkang kinasih. Ing satengahing gesang, mesthi wonten kanyatan ingkang angèl, kepara ribêt. Raos nglokro lan wadhèh kalamangsanipun nyarèngi anggèn kita ngadhêpi sawêrnining prakawis. Ananging, Wiyosanipun Gusti Yésus nuwuhakên lêganing manah, amargi kita kasagêdakên malih nyawang pangajêng-ajêng. Pangibadah dintên punika katuntun mawi irah-irahan “Nyawang Pangajen-ajeng Bab Intergenerasi”. Taksih wonten pangajêng-ajêng tumrap jagad ingkang ringkih lan winatês, kanthi miyosipun juruwilujeng ing dalu ingkang pêtêng.

NGIDUNG SESARENGAN

KPJ 244: 1, 3 “SAJRONING PÊPÊTÊNG”

- 1) Sajroning pepeteng ing donya,
sumunar cahya minulya
amadhang bangsa sajagad;
sadya nampi sihrahmat.
Rawuhé nyingkirken pepeteng;
sirna wayangan ing pati.
Bumi nampani gesang langgeng,
krana pepadhang nelahi.

- 3) Samangké kita sukarena
wonten ing ngarsa Paduka,
wit prasetya ingkang kinangsi
wus babar wonten ing bumi.
Payo sujud mring Kang Maluhur,
ngaturken pamuji sokur,
karana agunging panènan
kagem bujana kaswargan.

MAWAS DHIRI

PL: Para Sêdhèrèk ingkang kinasih. Dinten punika kita badhé sinau maknaning Wiyosanipun Gusti Yésus tumrap gesang padintènan kita. Menawi Panjenenganipun punika juru-wilujeng, kénging punapa taksih wonten raos mangu-mangu ngantos dumugi sakpunika? Kénging punapa raos sumelang taksih nguwaosi gesang kita? Kamangka èstunipun pahargyan Natal paring raos lega ing gesang kita. Sumangga kita tidhêm sawetawis, nyuraos bab punika. Sumangga kita ndedonga, ngakêni kalêpatan lan dosa ing ngarsanipun Gusti.

*(paring wêwêngan sawetawis kanggé umat ndedonga
sacara pribadi, ngakêni dosa lan kalepatanipun).*

Dhuh Gusti, kawula ngakêni bilih pangangen-angen, pitembungan lan tumindak kawula asring kirang ngrao-sakên rawuh Paduka. Kawula taksih asring kirang pitados menggah panganthi Paduka, ingkang ndadosaken kawula ugi mboten kasil mratélakakên rawuh Paduka. Kawula asring mboten ngéjawantahakên pakaryan Paduka ing gesang kawula. Kepara kawula ugi asring tumindak lêpat lan dosa.

Mugi Paduka karsaa ngapuntêni kawula.

Asring raos mbotên trimah njalari kawula sêmplah, amargi nglirowakakên rawuh Paduka. Kersaa Paduka paring piwêlas tumrap kawula, dhuh Gusti.

Karsaa mêlasi kawula, dhuh Gusti. Apuntênana kawula. Mugi Paduka mucal kawula, murih raos-pangraos kawula sangsaya landhêp nampi panganthi Paduka lumantar sawêrnining lelampahan lan pepanggihan kawula kaliyan sesami. Kanthi mekaten kawula tansah sagêd nggadhahi pangajêng-ajêng lan lêjaring manah. Ing Asmanipun Gusti Yésus Kristus, kawula ndedonga. Amin.

KIDUNG PANELANGSA

KPJ 231: 1, 2 “KADOSPUNDI, DHUH GUSTI”

- 1) Kadospundi, dhuh Gusti, nggèn kula sung urmat, methukken klayan puji mring Ratuning jagad?
Mugi Gusti madhang lan lantaran Roh Suci.
Salam kula ndadosna kepareng Paduka.
- 2) Saking dhampar kang mulya lan kluhuran swarga,
Gusti tedhak ing donya nunggil lan pra-jalma,
tumut nandhang sangsara, ngrembat kasisahan,
ngrukunken tiyang dosa dhumatheng Pangéran.

PAWARTOS SIHRAHMAT

(Pasamuwan Jumeneng)

PL: Punika kababaring pawartosing sihrahmat tumrap kita, kados ingkang sinêrat ing Kitab **Yésaya 61:11**, ingkang mekaten: *Sabab kayadéné bumi anggoné metokaké têtuwuhan, lan kaya kêbon kang nukulaké winih kang kasebar, iya mangkono iku anggoné Pangéran Allah bakal nuwuhaké kabênêran lan pêpujèn ana ing ngarêpé sakèhing bangsa. Amin.*

Mekaten pawartos sihrahmat saking Gusti.

Psw : **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

PL: Sih-katêntremaning Sang Kristus tumraha ing panjenengan.

Psw : **Sih-katêntremaning Sang Kristus tumraha ing panje-nengan ugi.**

KIDUNG KASANGGEMAN

KPJ 192: 1, 2 “ISINING KABAR KABINGAHAN”

- 1) Isining kabar kabingahan
winangsitken déning Pangéran,
dadya srana paring piwulang
margining kautaman.
Rèff.:
Dimèn tyang pitados tansah arumantos
mbangun turut Gusti, nresnani sesami
- 2) Tyang lepat winelehken samya
déning sabdaning Kang Makwasa
tyang dosa kang samya mratobat
anampèni sih-rahmat.
Rèff.: ...

*(nalika kekidungan dumugi “Reff.” ing pada kalih, Lektor
mapanaken dhiri ing mimbar alit)*

PALADOSAN PANGANDIKA *(Pasamuwan lenggah)*

PS: (Pandonga pacawisan paladosaning Sabda)

Waosan Kapisan

L: Waosan kapisan kawaos manut **Yésaya 61:10-62:3**
Mekaten Pangandikanipun Gusti.

Psw: **Puji sokur konjuk Gusti Allah.**

Mazmur Tanggapan

L: Sumangga kita sanggemi waosan kapisan kanthi maos
Jabur Masmur 148 sacara sesautan.

Waosan Kaping Kalih

L: Waosan kaping kalih kawaos manut Serat **Galatia 4:4-7**
Mekaten Pangandikanipun Gusti.

Psw: **Puji sokur konjuk Gusti Allah.**

(Pasamuwan jumeneng lan ngidung KPJ 205:1,3)

KPJ 205: 1, 3 SABDÈNG ALLAH MAKARTI

1) Sabdèng Allah makarti wradin salumah bumi.

Kita kang tinimbangan tampi kawilujengan.

3) Sabdèng Allah Kang Suci lestari nguwaosi.

ngantos jagad kang peteng nampi pepadhang langgeng.

Waosan Injil

(*Pasamuwan taksih jumeneng*)

PS: Pamaosing Injil kadhasaraken saking **Lukas 2:22-40**.
Mekaten pamaosing Injil. Rahayu saben tiyang ingkang
mirengakên Pangandikanipun Gusti lan kaèstokakên.
Haléluya!

Psw: (**ngidung**) **HALÉLUYA 3X**.

KHOTBAH

(*Pasamuwan lenggah*)

WEKDAL TIDHEM (*tanpa – mboten prelu – wonten swanten*)

PENGAKEN PITADOS

(*Pasamuwan jumeneng*)

Prdt: Sesarêngan kaliyan pasamuwanipun Gusti ing wêkdal
kepêngkêr, samangké, lan mangajeng, sumangga kita
ngêngeti prasêtyaning baptisan kita kanthi nglisanakên
Sahadat Kalih Wêlas, makatên....

Psw: Kawula pitados (lsj....)

DONGA SYAFAAT

(*Pasamuwan lenggah*)

(PS ndongakaken wosing pandonga syafaat)

PALADOSAN PISUNGSUNG

Prdt: Sampun samêsthinipun kita ngaturaken raos sokur ing
ngarsaning Allah kanthi misungsungakên ingkang paling
aji kagêm kamulyaning Allah. Pangandikanipun Gusti ing
Kitab Jabur Masmur 148:13, nélakaken: “Kabèh iku
karèbèn padha mêmuji marang asmaning Yéhuwah, awit
mung Asmané kang luhur, kamulyané ngungkuli bumi
lan langit. Amin.”

Sumangga kita sami nélakakên raos sokur lumantar caos
pisungsung katur Gusti.

KIDUNG PISUNGSUNG KPJ 171:1-4

KPJ 171:1-4 “MANGGA SAOS PISUNGSUNG”

- 1) Mangga saos pisungsung mring Allah
Maagung krana gunging sihrahmat kang luber tan kendhat
- 2) Misungsung kanthi loma cihnaning panuwun,
de gesang tansah begja wit Allah kang nuntun.
- 3) Bandha, arta pethingan kang katur mring Gusti,
bludaging kabingahan wit berkah tan sepi.
- 4) Saos pisungsung kathah cacahya tan timbang,
lan gung berkahing Allah tan kenging winilang.

Prdt: (nuntun pandonga pisungsung lan pungkasing pangibadah – pasamuwan jumeneng)

PANGATAG PANGUTUSAN

PS: Para sedhèrèk ingkang kinasihan ing Gusti. Sinaosa rêribêt ngrêridhu ing gêsang kita, sumangga tansah mitadosi bilih Panjenenganipun tansah nganthi lan ngrimati gesang kita wiwit sakawit dumugi gesangipun têdhak-turun kita. Malah ugi sesarêngan kaliyan gumêlaring jagad, sumangga kita mujudakên Pakaryanipun Allah.

NGIDUNG SESARENGAN

KPJ 373:1 – 3 “APA KOWÉ BISA NGÉTUNG”

- 1) Apa kowé bisa ngétung lintang kang nèng angkasa?
Mangkono uga mring mendhung dalah sakèhing méga?
Kabèh iku nut pangrèhé Pangéran kang nitahaké,
ora ana siji baé kang uwal king astané.
- 2) Apa kowé wruh cacahé lemud - lemud ing njaba?
Apa kowé wruh wernané iwak jroning sagara?
Kabèh iku saben dina dèningoni Hyang Makwasa;
ora ana siji baé kang kliwatan takeré.

- 3) Apa kowé weruh bocah kang atresna mring Gusti?
 Saben dina mesthi tansah tumenga saos bekti.
 Marang bocah kang ngibadah saben dina muji Allah,
 Gusti mesthi datan kendhat amaringi sih-rahmat!

PENGUTUSAN LAN BERKAH

- PS: Cikhèn sabèn kita tansaha nyuraos bab Gusti Allah
 ingkang tansah nyarèngi lan njagi lampah kita. Pramila
 samia ngênêrna manah dhumatêng Gusti.
- Psw: Manah kawula ngênêr dhateng Gusti.
- PS: Dadosa sêksinipun Sang Kristus!
- Psw: Puji sokur konjuk Gusti Allah!
- PS: Tansah pinujia Asmanipun Gusti!
- Psw: Wiwit sakawit, samangké, lan langgêng salaminipun.
- PS: Mengkêra kanthi têntrem rahayu, lan tampènana
 bêrkahipun Gusti: Sihrahmat lan tentrem rahayu saking
 Gusti Allah Sang Rama kita, lan Gusti Yésus Kristus,
 miwah patunggilanipun Sang Roh Suci nunggil ing
 panjenengan (kita) sedaya salami-laminipun. Amin.

Pasamuwan ngidung: Haléluya Amin

(WD – MGK)

LITURGI**Dalu nDungkap
Pungkasaning Warsa***Minggu, 31 Désèmbêr 2023*

Katrangan:

PL: Pemimpin Liturgi

PS: Palados Sabda

Psw: Pasamuwan

Prdt: Pradata

**SANG PADHANG
ADÊG-ADÊGING
GÊSANG****PACAWISAN**

- *Organis/pianis ngungêlakên instrumentalia,*
ndhèrekakên pasamuwan ngraosakên timbalaning pangabêktèn.
- Wêkdal tidhêm minangka pacawisan.
- Pamaosing pawartos pawamuwan, kalajengaken ungêling *loncèng/bèl* tandha pangibadah kawiwitan (utawi manut pakulinan ingkang sampun lumampah)

TIMBALAN NGABÊKTI*(Pasamuwan Jumeneng)*

Prdt: Pasamuwan ingkang kinasihan déning Gusti, ing salêbêting raos sokur wonten ing pungkasaning warsa 2023 punika, sumangga kita lumêbêt ing pangibadah kanthi kayakinan bilih Gusti Allah Sang Padhang tansah ngirid ing gesang kita wontening prasetyanipun ingkang tanpa winatês. Sumangga sesarengan kita ngluhuraken Asmanipun kanthi kekidungan saking **KPKA 90:1-3**

Pasraha

- 1) Bungaha susaha Gusti dak puji,
kang mranata gesang kula,
kula rinimat kalayan katresnan,
mila kula pasrah pangrèhnya,
Rèff.:
pasraha, pasraha,
ing sapangrèhing Hyang Makwasa.

- 2) Sapinten awrating momotan kula,
rencana godha myang susah,
yèn kula énggal mulad Sang Pamarta,
manah kula ènthèng lan bingah. Rèff.: ...
- 3) Sanadyan kula kasinungan drajat,
kaluhuran miwah pangkat,
namung kula tan prayogi gumunggung,
nging tumungkul mring Hyang Maagung. Rèff.: ...

VOTUM

PS: Sumangga kita sêngkêr pangibadah punika kanthi pengakên: pitulungan kita pinangkanipun saking Yéhuwah ingkang nitahakên langit, bumi, lan saisinipun, sarta ingkang prasetya nêtêpi janji kawilujènganipun.

Psw: **(NGIDUNG) Amin, Amin, Amin.**

SALAM

PS: Sihrahmat lan tentrem rahayu saking Gusti Allah, Rama kita, lan Gusti Yésus Kristus nunggil ing panjenengan.

Psw: **Mugi nunggil lan ngagema panjenengan ugi.**

CÊCALANING PANGIBADAH *(Pasamuwan lenggah)*

Prdt: Sang Padhang tansah ngirid ing gesang ingkang kita lampahi, éwasêmantên punapa anggèn kita gesang punika ugi rinêgêm ing pêpadhanging Gusti? Mangga nolèh sawêtawis, njingglèngi lampahing gesang ingkang sampun kawuri. Sinaosa gesang kita tansah linimputan ing pêpêtêng, pranyata Sang Padhang tansah nyarèngi lampah kita.

Psw: **(ngidung) KPJ 395: 1,2 SAWATARA AKU NOLEH**

- 1) Sawatara aku nolèh marang dalan kang dakliwati,
sihé Gusti kang dak tanpa kanthi éraming ati.
Sanadyan akèh alangan wah kandhang lelimengan,
nanging Gusti karsa nuntun. Mulané aku ngungun,
wit asta ning Allah ngreksa, temah rumangsa begja
- 2) Ora merga aku becik, tanganku tinuntun astanya;
ora jalaran sampurna, aku tansah rineksa.

Aku tansah kaéraman, wit tansah binerkahan.
 Kadiparan nggonku nampa sih tresnané Kang Kwasa?
 Daklakoni, dakedumken marang umat sadoya.

MAWAS DHIRI

PS: Wêkdal punika, sesarêngan kaliyan Juru Masmur, kados ingkang cinêtha ing Kitab Jabur Masmur 51: 5-7, kita mosik ing batos mekaten: Amargi kawula ngrumaosi panêrak kawula, saha dosa kawula tansah wonten ing ngajêng kawula. Kawula damêl dosa dhumatêng Paduka, inggih namung dhumateng Paduka piyambak anggèn kawula sampun damel dosa punika, sarta nglampahi ingkang Paduka galih awon, supados têtêlaa bilih pancasan Paduka punika adil, saha patrap anggèn Paduka ngadili punika rêsik. Pancèn saèstu, anggèn kawula kalairakên punika nandhang duraka, sarta biyung kawula ngandhut kawula ing salêbêting dosa. Amin. Sumangga kita ngunjukaken pandonga pengakêning dosa secara pribadi. *(PS mungkasi pandonga pengakening dosa secara ringkês).*

Psw: **(ngidung) KPJ 70: 1, 2 AMUNG GODHONG**

- 1) Amung godhong, lah ta adhuh, Gusti nganti muwun, dene ngupados wohira, katemenan miwah tresna, nanging kang pinanggya amung godhong amung godhong
- 2) Amung godhong, adhuh laé, datan ana wohé. Saiba ta bilainya, yèn kadhawahan supata. awit kang kadarbya amung godhong, amung godhong

PAWARTOS SIHRAHMAT *(Pasamuwan Jumeneng)*

PS: Pangandikanipun Gusti ing Kitab Yésaya 60: 17b, 19-20, nélakakên mêkatên "... Ingsun bakal maringi tèntrêm-rahayu lan kaadilan kang bakal ngayomi lan nata uripira. Srêngéngé ora bakal dadi kang awèh pêpadhang manèh ing wayah awan tumrap sira lan cahyaning rêmbulan ora bakal awèh pepadhang manèh ing wayah bêngi, nanging

Pangéran Yéhuwah bakal dadi pepadhang langgeng tumrap sira, sarta Gusti Allahira bakal dadi kaluhuranira. Sira bakal kadunungan srêngéngé kang ora tau surup lan rembulan kang ora angslup, amarga Pangéran Yéhuwah bakal dadi pepadhang kang langgeng tumrap sira, tuwin dinâ-dinâné anggonirâ nandhang susah bakal diuwisi. Amin.” Mekaten pawartos sihrahmat saking Gusti.

Psw: **Puji sokur konjuk Gusti Allah.**

PS: Tentrem rahayu tumrah ing kita.

Psw: **(sami jawat asta lan ngidung saking KPJ 198:1,3)**
 KPJ 198:1,3 “LAMPAHINGGESANG PUNIKI”

- 1) Lampahing gesang puniki tan kalising pepalang,
 nanging astanipun Gusti nuntun maring pepadhang.
 Kadya langit kalimputan mendhung kandel lan mega,
 ing sasirnanira tamtu padhang njingglang sanyata
 Reff.:
 Bibar jawah mijil kluwung, mengku janji prasetya;
 sasisihing sisah ngantya kluwunging sih Njeng Gusti.
- 3) Aywa mangu miwah kwatir, nadyan peteng marginya,
 dipun mantep ing pracaya, setya ing janjinira.
 Gusti Ingkang Mahatresna, yéku tukung pitulung;
 nadyan sisah kumawasa, Gusti tansah anjangkung.
 Refr.: ...

PALADOSAN SABDA

(Pasamuwan lenggah)

PS: (nuntun pandonga pacawisan)

Waosan Kapisan

L1: Waosan kapisan kawaos manut **I Para Raja 3: 5-14**
 Makaten pangandikanipun Gusti.

Psw: **Puji sokur konjuk Gusti Allah.**

Mazmur Tanggapan

L2: Sumangga nyanggêmi waosan kapisan kanthi maos
Jabur Masmur 147: 12-20 secara sesautan.

Waosan Injil

PS: Pamaosing Injil kadhasarakên saking **Yohanes 8:12-19**
Makaten pamaosing Injil. Rahayu saben tiyang ingkang
mirengakên lan ngèstokakên ing gêsangipun. Halleluya.

Psw: **(ngidung) HALÉLUYA, HALÉLUYA, HALÉLUYA**

Khotbah**WEKDAL TIDHEM****PANGAKEN PITADOS** *(Pasamuwan jumeneng)*

Prdt: Sesarêngan kaliyan pasamuwanipun Allah ing pundia
papan lan wêwêngan, sumangga nganyarakakên lan
ngantêbaken iman – kapitadosan kita, kanthi
nglisanakên Sahadat Kalih Welas, mekaten....

Psw: **Kawula pitados....**

Pandonga Syafaat *(Pasamuwan lenggah)*

PS: (nuntun pandonga syafaat)

PISUNGSUNG

Prdt: Caos sokur ingkang badhé kaaturakên srana pisungsung
ing salêbêting pangibadah punika linandhêsan déning
Pangandikanipun Gusti ingkang kacêtha ing Kitab Jabur
Masmur 118:1, 27a, ingkang makaten dhawuhipun:
*Padha saosa pamuji sokur marang Pangéran Yéhuwah,
awitdéné Panjenengané iku saé! ujêr sih-kadarmané iku
langgeng ing salawas-lawasé. Pangéran Yéhuwah iku
Gusti Allah, Panjenengané paring pepadhang marang
kita. Amin.*

Psw: **(ngidung sacekapipun KPJ 170:1-4)**

KPJ 170:1-4 “LUBERING BERKAH”

1) Lubèring berkah sing Gusti, yèku prajANJI suci;
urip mulya anèng swarga, pinaringken Sang Putra.

Reff.:

Berkahing Gusti, iku dak anti-anti,
sayogya tansah tinampi klayan tulusing ati.

- 2) Lubèring berkah sing Gusti, dadya seger uripku
saka gunung miwah lembah, lir grojogan keprungu
Refr.: ...
- 3) Lubèring berkah sing Gusti, iku kang daksesuwn
Aparinga lubèr agung maring umat sadarum!
Refr.: ...
- 4) Lubèring berkah sing Gusti, iku kang kita anti;
atiku tansah binuka, diénggal kaparingna!
Refr.: ...

Pandonga Pisungsung lan mungkasi pangibadah

*(Pasamuwan jumeneng; salah satunggaling anggotaning
Pradata nuntun pandonga pisungsung lan kapungkasan
kaliyan Pandonga Rama Kawula)*

Kidung Pangutusan: KPKA 167: 1, 2 Panuntuning Gusti

- 1) Allah Rama ngreksa ngrimati kula
kabegjan kraharjan kang pinanggya
lamun nyanggi momotan lan sangsara
tinunggil mrih tan ngantos semplah,
Refr.:
Kula pasrah lan sumarah mring Gusti
panuntunnya wus mesthi prayogi
ing wusananya kula dugèng swarga
satuhu ngrasuk gesang sampurna.
- 2) Yésus Gusti nebus kula tyang dosa,
wah ngiyatken kula gesang suci,
manggul salib wit ndhèrèk Sang Pamarta,
neksèni margining basuki.
Refr.: ...

PENGUTUSAN lan BERKAH

PS: Sami wangsula kanthi ngèngeti Pangandikanipun Gusti,
bilih Sang Padhang pancèn èstu gêsang, lan badhé
nglèstantunaken pangiridipun ing gesang panjenengan
(kita) sedaya. Kalampahana gesang panjenengan (kita)

kanthi raos sokur lan setya nggêsangi pêpadhangipun.
Gusti ngrêksa gesang panjenengan kanthi berkahipun....
Pangéran Yéhuwah mberkahi lan ngayomana kowé
(kita). Pangéran Yéhuwah nyunaraké cahyaning
wadanané marang kowé (kita) lan maringana sih-rahmat.
Pangéran Yéhuwah nungkulake wadanane marang kowé
(kita) lan maringi tentrem rahayu. Amin

Psw: (ngidung kaliyan gandhengan asta; ambal kaping kalih)
https://www.youtube.com/watch?v=Ss_F82utDbM
Sampun wancinipun kita sami pepisahan
Mangga nyenyuwun dhateng ingkang Mahakuwasa
Mugi nggèn kita pasedhèrèkan linanggenga
Kanthi rahmatipun Gusti Allah linanggenga

[WIT – MGK]

BAHAN TATA PANGIBADAH Warsa Anyar

Senin, 1 Januari 2024

Katerangan:

PS: Palados Sabda

Prdt: Pradata

U: Umat

L: Lektor

Jumangkah Ing Salebeting Berkahipun Gusti

☪☪☪

PACAWISAN:

- Organis ngungelaken lelagon ingkang mbekta pasamuwan ngraosaken pangibadah ingkang badhé katindakaken
- Wekdal ening pacawisan pribadi
- Pamaosing pawartos pasamuwan.

TIMBALAM IBADAH

M1: Pasamuwan ingkang kinasih, sumangga kita ngunjukakaken panuwun konjuk Gusti awit kita sapunika sampun napak ing dinten wiwitan ing taun 2024. Kanti kebak panuwun lan kabingahan sumangga kita lumebet ing pangibadah punika kanthi memuji sesarengan ngrepèkaken kidung KPJ 12a:1-3:

KPJ 12a “Kula Sami Kekempalan”

- 1) Kula sami kekempalan, memuji dhateng Allah,
Kang Mahaasih Mahawlas mring sakehing tumitah.

(para palados pangibadah lumebet dhateng papan pangibadah)

- 2) Agung kanugrahanipun dhumateng para umat.
Agung palimirmanipun mring tiyang kang mratobat.

VOTUM

PS: Pitulungan kita wonten ing asmanipun Gusti ingkang nitahaken langit lan bumi. Amin

U: **(Ngidungaken: Amin, Amin, Amin)**

SALAM

PS: Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Gusti Allah Rama kita, lan saking Gusti kita Yésus Kristus wontena ing panjenengan sadaya

U: **Sapunika lan ing salaminipun**

ATUR PAMBUKA

(Pasamuwan lenggah)

M2: Lah punika dinten ingkang dipun titahaken Gusti, warsa anyar ingkang ginelar ing ngarsanipun Gusti. Sumangga kita tampèni kanthi berkahi-Pun.

U: **(ngidungaken KPJ 9:1-2)**

KPJ 9:1-2 “Hé, Sarupaning Pra Umat”

- 1) Hé, sarupaning pramat, padha mujia mring Allah.
Hé, sakèhing para bangsa, asmané padha luhurna.
- 2) Wit sih-kadarmané Allah, luwih gedhé tumrap kita,
langgeng kasetyané Allah, mila pinuji-pujia.

PANGAKENING DOSA

PS: Inggih makaten pepakèn saking Gusti wonten ing Kitab Pangentasan 20:4-17

Para sadhèrèk, kita nglenggana bilih kita ringkih lan asring nerak paugeranipun Gusti. Awit saking punika sumangga kita ngakeni kalepatan lan dosa kita lumantar kekidungan KPJ 61:1-2.

KPJ 61:1-2 “Saestu Keduwung”

- 1) Saèstu keduwung kula, déné kirang setya.
Kadhawuhan kinèn tresna dhateng Allah wah sesami,
nging tan ana bukti. Aduh Gusti, nyuwun suci.
- 2) Saèstu keduwung kula, dé gesang mung nglaha.
Kèlu pangwasaning dosa, mung nguja sengseming driya,
lampah tan prayogi. Adhuh Gusti, nyuwun suci.

PAWARTOS SIH-RAHMAT

(Pasamuwan jumenng)

PS: Minangka abdinipun Sang Kristus, kula mratélakaken bilih pangapuntening dosa katindakaken wonten ing asmanipun Allah Rama, Putra lan Roh Suci.

Pawartos sih-rahmat dinten punika kapendhet saking Serat Rum 6:17-18 ingkang makaten, “Nanging sokur marang Gusti Allah! Ing mauné kowé iku dadi baturé si dosa, nanging ing saiki kanthi gumolonging atimu kowé wus padha mituhu marang piwulang kang kaluntakaké marang kowé. Kowé wis padha kaluwaran saka ing dosa lan dadi abdin ing kabeneran.”

Makaten pawartos sih-rahmat saking Gusti

U: Puji sokur konjuk Gusti

U: **(Ngidungaken KPJ 162:1-3)**

KPJ 162:1-3 “Katur Ngarsa Paduka, Gusti”

- 1) Katur ngarsa Paduka,
Gusti sawetahing gesang kula.
Jiwa lan raga kula mugi, aso nèng asta Paduka.
Manah kula tansah lipura,
sumaos mring Kang Maha kwasa. Amin
- 2) Srana Gusti kawula Yésus, Paduka paring Panebus.
Tresna miwah suka-pirena,
Paduka srahken mring kula.
Lamun tiyang purun ngakeni,
Paduka tansah dipun lari.
- 3) Katresnanta Paduka,
Gusti wonten ing Yésus kawedhar.
Kula pasrah kang trusing ati, sumarah kalayan lejar.
Kula sèstu rumaos begja linubèran rahmat Paduka.

PALADOSAN SABDA

(pasamuwan lenggah)

PS: (Pandonga Epiklése)

Waosan Kapisan

L1: Waosan kapisan kawaos saking **Wilangan 6:22-27**
Makaten sabdanipun Gusti!

U: **Puji sokur konjuk Gusti!**

Mazmur Tanggapan

L2: Sumangga kita nanggapi pangandikanipun Gusti wau
kanthi maos sesautan **Mazmur 8**

Waosan Kaping Kalih

L3: Waosan kaping kalih kawaos saking serat **Galatia 4:4-7**
Makaten sabdanipun Gusti!

U: **Puji sokur konjuk Gusti!**

Waosan Injil

PS: Pamaosing Injil, saking **Lukas 2:15-21**
Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus, ingkang rahayu
inggih punika ingkang purun mirengaken pangandika-
nipun Gusti lan dipun èstokaken. **HALELUYA!**

U: **(ngidungaken: Haleluya)**

Khotbah**Wekdal ening****Pangaken Pitados** (*Pasamuwan jumeneng*)

M3: Sesarengan kaliyan umatipun Gusti ing sauruting wekdal
lan papan, sumangga kita mratélakaken lan kita
nyantosakaken malih punapa ingkang kita pitados sarana
ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli.

U: **(Sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados
Rasuli)**

Pandonga Syafaat (*Pasamuwan lenggah*)

PS: (Ngunjukaken pandonga syafaat utawi katuntun déning
warga pasamuwan sepuh lan laré lajeng kapungkasan
déning PS)

PISUNGSUNG

M4: Sumangga kita nélakaken panuwun sokur lumantar
pisungsung kanthi ngèngeti pangandikanipun Gusti ing
1 Babad 29:13-14, ...

U: **(Ngidungaken: KPJ 171:1-3)
KPJ 171:1-3 “Mangga Saos Pisungsung”**

1) Mangga saos pisungsung mring Allah

Maagung krana gunging sihrahmat kang luber tan kendhat

- 2) Misungsung kanthi loma cihnaning panuwun,
de gesang tansah begja wit Allah kang nuntun.
- 3) Bandha, arta pethingan kang katur mring Gusti,
bludaging kabingahan wit berkah tan sepi.

Pandonga Pisungsung

(Pasamuwan jumeneng)

M4: (Mimpin pandonga pisungsung lan pungkasaning pangibadah)

Kidung Pangutusan

U: **(Ngidungaken KPJ 446:1-3)**

KPJ 446:1-3 “Nalika Ngambah Margi Kang Sepi”

- 1) Nalika ngambah margi kang sepi,
giris uwas manah kula.
Sampun nilar kawula dhuh Gusti,
mugi tansah angamping-ampingi.
Refr.:
Mlampah pyambak datan kedugi
Gusti mugi anganthi
Mrih gesang maédahi sesami
wah mulyakaken asmané Gusti
- 2) Kawula kesandhung ngantos dhawah,
karana karaos sayah
Gya kula rangkul salibé Gusti,
wit sihnya kula manggih basuki. Refr.: ...
- 3) Lamun thatit kilat sesamberan,
peteng ndhedhet lelimengan.
Manah kula kekes tan kantenan,
nanging Gusti paring pitulungan. Refr.: ...

PANGUTUSAN

PS: Sami mengkera ing salebeting kabingahan tumapak ing taun 2024 punika kanthi berkahipun Gusti

BERKAH

PS: “Pangéran Yéhuwah maringi berkah panjenengan (kita), lan ngayomi panjenengan (kita); Pangéran Yéhuwah nyunaraken cahyaning wedananipun dhateng panjenengan (kita) lan maringi sih-rahmat; Pangéran Yéhuwah nungkulaken wedananipun dhateng panjenengan (kita), lan maringi tentrem-rahayu.”

U: (Ngidungaken KPJ 436:1)

KPJ 436:1 “Gusti Nuntun Lampah Kula”

- 1) Gusti nuntun lampah kula,
saklangkung nggèn kula begja
Celak miwah tebih ugi,
kula tansah dipun kanthi
Nggih Gusti kang nganthi kula,
astanya pyambak kang ngreksa
Mila kula manut Gusti,
Juru wilujeng sejati.

[MH/TK]



BAHAN TATA PANGIBADAH
Minggu Pambaptisan Gusti Yésus
Minggu, 7 Januari 2024

Katerangan:

PS: Palados Sabda

Prdt: Pradata

U: Umat

L: Léktor

Baptisanipun
Gusti Yésus
Pratandha
Pangajeng-ajeng
 ☸☸☸

PACAWISAN:

- Organis ngungelaken lelagon ingkang mbekta swasana pasamuwan ngraosaken pangibadah
- Pasamuwan lumbet ing wekdal ening
- Pamaosing pawartos pasamuwan

TIMBALAN IBADAH *(Jemaat Berdiri)*

M: Para sadhèrèk, dinten punika kita mahargya lelampahan Baptisanipun Gusti Yésus. Baptisanipun Gusti dados tandha katresnanipun Allah dhateng manungsa dosa. Baptisanipun Gusti Yésus maringi pangajeng-ajeng dhateng tiyang dosa kanggé nampèni sih-rahmat pangapuntening dosa lan kawilujengan. Sumangga kita lumebet ing pangibadah punika kanthi memuji ngrepèkaken KPJ 14:1-2.

KPJ 14:1-2 “Kula Samya Tetunggilan”

- 1) Kula samya tetunggilan, ngabekti mring Pangéran, wit sinungan kacekapan wah bagas kasarasan
 Refr.:
 Kula tansah nggunggung Gusti lan ajrih asih yekti, wit ing ayom ing sihira sèstu tentrem raharja.

(Para palados lumebet ing papan pangibadah)

- 2) Kula rinoban ing begja rintén-dalu tan kendhat, ing lelampahan prasaja dalah srana mukjijat. Refr.: ...

VOTUM

PS: Pitulungan kita punika wonten ing asmanipun Allah ingkang nitahaken langit lan bumi, ingkang angedhaton ing kamulyaning swarga lan rawuh wonten ing jagad punika.

U: **(Ngidungaken: Amin, Amin, Amin)**

SALAM

PS: Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Gusti Allah Rama kita, lan Gusti kita Yésus Kristus wontena ing para sadhèrèk sadaya.

U: **Wonten ing panjenengan ugi**

ATUR PAMBUKA (*Jemaat Duduk*)

M: Kanthi andhap asor lan nampèni baptisan, Gusti Yésus memulang dhateng kita maknaning gesang ingkang ndadosaken kepranan ing ngarsanipun Allah. Gusti nimbali kita supados kita gesang kadosdéné Gusti Yésus ingkang gesang.

U: **(Ngidungaken KPJ 176:1-3)**

KPJ 176:1-3 “Padha Saosa Sokur”

- 1) Padha saosa puji sokur marang Allah Kang Mahaluhur; wulang bab asmané suci, den gelarna anèng bumi. Pangwasané disuwurna, anèng tengahé pra bangsa.
- 2) Padha saosana pamuji klawan masmur lan kidung suci. mukjijaté caritakna marang sakèhing manungsa. Padha luhurna asmanya klawan panabuhing gangsa.
- 3) Abungaha wong kang ngupaya pangayunané Kang Makwasa, padha anitik-niitika, mungguh kwasané Pangéran. Ngupayaa wedanané, élinga mring mukjijaté.

PANGAKENING DOSA

Prdt: Gusti ngersakaken umati-Pun gesang wonten ing katresnan kadosdéné ingkang sinerat, “Iki pepakon-Ku marang kowé: Padha tresna-tinresnanana.” (Yohanes 15:17). Kasunyatanipun kita asring mboten gesang kanthi

tresna-tinresnan amargi nengenaken dhateng gesang kita
piyambak, punapadéné sikeping manah ingkang kaken.
Awit saking punika, sumangga kita pratélakaken raos
keduwung awit dosa-dosa kita wonten ing ngarsanipun
Gusti.

U: **(Ngidungaken: KPJ 53:1-2)**

KPJ 53:1-2 “Kapyarsi Gusti Nimbali”

- 1) Kapyarsi Gusti nimbali, "Hé, wong kamomotan,
mareka lan mbukak ati nampi pangluwaran!"
Kula ngayom maring Gusti, dyan ayem sejati,
awit tansah binerkahan, sinung karaharjan.
- 2) Kapyarsi Gusti nimbali, "Wong ngelak, mareka,
ngombé banyu panguripan kang saka ing swarga'
Kula ngungsi maring Gusti, sinunga Roh Suci.
tinuntun mrih mursid yekti, tresna mring sesami.

PAWARTOS SIH-RAHMAT (*Pasamuwan jumeneng*)

PS: Gusti Allah ingkang sugih sih-rahmat karsa ngapunteni
lan ngiyataken umat kanggé nglajengaken gesang, kados
ingkang kapangandikakaken ing Yérémia 31: 3, “Sang
Yehuwa ngatingali aku saka ing kadohan, pangandikane:
Ingsun ngasihi sira klawan katresnan kang langgeng,
mulané Ingsun nglestarèkaké sih-susetyaning-Sun
marang sira.”

Makaten pawartos sih rahmat saking Gusti!

U: **Puji sokur konjuk Gusti**

U: **(Ngidungaken: KPJ 435:1-3)**

KPJ 435:1-3 “Gustimu Kepareng Mundhut”

- 1) Gustimu kepareng mundhut papan anèng atimu
Resik ana dimèn patut, Gusti karsa lumebu!
Refr.:
Rungokna pangandikanya, aja padha semaya!
Nyawisna papan mring Gusti anèng sajroning ati!
- 2) Tan liya, kersané Gusti mitulungi wong dosa;
kang wus karsa mbukak ati dadya padalemannya.
Refr.: ...

- 3) Rahayu tyang kang samekta saos papan mring Gusti;
antuk padhanging wardaya kang tedhak saking
swargi. Refr.: ...

PALADOSAN SABDA *(Pasamuwan lenggah)*

PS: (Mimpin Pandonga Epiklese)

Pamaosing Kitab Suci

L1: Waosan kapisan kawaos saking Purwaning dumadi 1:1-5
Makaten sabdanipun Gusti

U: **Puji sokur kunjuk Gusti**

L2: (Maos **Mazmur 29** sacara sesautan)

L3: Waosan kaping kalih kawaos saking: **Lelakoné Para
Rasul 19:1-7**

Makaten sabdanipun Gusti

U: **Puji sokur kunjuk Gusti**

PS: Pamaosing Injil saking **Markus 1:4-11**

Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus, ingkang rahayu
inggih punika ingkang mirengaken pangandikanipun
Gusti lan ngéstockaken ing gesang padintenan.
HALELUYA

U: **(Ngidungaken: HALÉLUYA)**

Khotbah

Wekdal ening

PANGAKEN PITADOS

(Kapimpin déning Prdt)

(Pasamuwan jumeneng)

PANDONGA SYAFAAT

(kapimpin déning PS)

(Pasamuwan lenggah)

PISUNGSUNG

Prdt: Para sadhèrèk, sumangga kita ngaturaken panuwun kita lumantar pisungsung, ingkang tinalesan pangandika ing 2 Korinta 8: 9, “Marga kowé wus padha sumurup marang sih-rahmaté Gusti kita Yésus Kristus, yaiku manawa Panjenengané, kang amarga saka kowé dadi mlarat, sanadyan Panjenengané iku sugih, supaya kowé dadia sugih marga kamlaratané.”

U: **(Ngidungaken: KPJ 183: 1, 2)**

KPJ 183 SAOSNA BADANMU

- 1) Saosna badanmu minangka korban kang urip lan suci konjuk mring Pangéran; yèku pangibadahmu tulus satuhu, wit kersaning Allah anèng uripmu.
- 2) Aywa madha rupa kalayan jagad. Salina budimu karana sih-rahmat, murih bisa nitèni karsèng Makwasa; salir kang prayoga miwah sampurna.

Pandonga pisungsung *(Pasamuwan jumeneng)*

Prdt: (Mimpin pandonga pisungsung lan pungkasaning pangibadah)

PANGUTUSAN

PS: Eterna manah panjenengan dhumateng Gusti

U: **Kawula ngeneraken manah kawula dhumateng Gusti**

PS: “Kowé wus padha nampani Gusti Kristus Yésus, Gusti kita, mulané uripmu tetepa ana ing Panjenengané,

U: **Kawula badhé tansah gesang wonten ing Panjenenganipun.**

U: **(Ngidungaken KPJ 439:1-2)**

KPJ 439:1-2 “Ing Jagad Kang Peteng”

- 1) Ing jagad kang peteng krana dosa kathah tyang kang nggresula Karana panandhang, samya nggresah miwah semplah ing manah.

Refr.:

Sumangga, Gusti, ngagem kawula,
mrih ngengetna para kanca
sengkut makarya nglawan godha,
dadosa berkah tumrap tyang kathah

- 2) Angundhangna sih rahmaté Gusti
kanthi setya nglampahi;
margining luwar saking sangsara,
temah samya raharja. Refr.: ...

BERKAH

PS: Sami nampènana berkahipun Gusti:
“Pangéran Yéhuwah maringi berkah panjenengan (kita),
lan ngayomi panjenengan (kita); Pangéran Yéhuwah
nyunaraken cahyaning wedananipun dhateng
panjenengan (kita) lan maringi sih-rahmat; Pangéran
Yéhuwah nungkulaken wedananipun dhateng
panjenengan (kita), lan maringi tentrem-rahayu.”

U: (Ngidungaken: Haléluya 5x, Amin 3x)

[ERY/TK]



BAHAN

PANYURAOS KITAB SUCI

*Minangka satunggaling bakalan, punapa ingkang
kacawisaken ing buku punika prelu dipun olah
malih jumbuh kaliyan kawontenanipun
pasamuwan piyambak-piyambak*

**BAHAN Panyuraos Kitab Suci
Intergenerasional 1**

Yésaya 64:1-9

**Ngadhuh Lan
Ngajeng-Ajeng**



Ancas:

1. Pasamuwan nampèni Mangsa Advèn minangka sarana kanggé ngresepni mangsa rumanti rawuhipun Sang Kristus ingkang ngasta pangajeng-ajeng.
2. Pasamuwan nglampahi gesang ing salebeting pamratobat (pangadhuh) lan pangajeng-ajeng dhumateng Gusti Allah.

DHASARING GAGASAN

Kidung tanggapan, “Maranatha” utawi “Énggala rawuh dhuh Gusti”, kapiyèng malih lumantar tata pangibadah kita. Kidung punika mratandhani bilih kita lumebet ing mangsa Advèn. Temtu kémawon kidung punika sanès namung dhapur *variasi* saking Minggu-minggu Limrah ingkang padhatanipun ngidungaken kidung tanggapan “Haléluya”. Kanthi nguwuh, “Énggala rawuh dhuh Gusti”, pasamuwan gadhah pangajeng-ajeng bilih Gusti Allah badhé rawuh malih lan punika minangka pangajeng-ajeng. Pangajeng-ajeng punika kadya tiyang rondha ingkang ngajeng-ajeng énggal jumedhulipun wayah énjing. Ugi kadya laré ingkang nganti-anti wangsulipun tiyang sepuh kondur ing griya sasampunipun sawetawis dangu pepisahan. Pangajeng-ajeng ugi kados déné tiyang ingkang ngraosaken gesangipun kebak kalepatan lan dosa lajeng énggal pinaringan pangapunten. Nrumaosi iba petengipun gesang punika menawi mboten wonten pangapunten kanggé piyambakipun, badhé ndadosaken tiyang punika ngadhuh, kebak ing pangajeng-ajeng. Pangadhuh lan pangajeng-ajeng punika isining panguwuh-uwuhipun bangsa Israèl dhumateng Gusti Allah (Yésaya 64:1-9). Patrapipun bangsa Israèl ingkang kados mekaten punika dados enering umat kagunganipun Gusti ing jaman samangké ing salebeting

ngresep i mangsa Advèn. Umat ing ngriki inggih sedaya tiyang kalebet para laré, remaja, pemuda, para diwasa lan adiyuswa. Pramila lumatar Panyuraosing Kitab Suci *intergenerasional* punika, umat kaajab nampèni mangsa Advèn minangka sarana kanggé ngresep i mangsa rumanti rawuhipun Sang Kristus, ingkang ngasta pangajeng-ajeng. Salajengipun umat saged nglampahi gesangipun ing salebeting pamratobat (pangadhuh) lan pangajeng-ajeng dhumateng Gusti Allah.

Purwaka

Panyuraos Kitab Suci kawiwitan kanthi ngidungaken “Maranatha, Amin”, kakidungna mboten namung kaping sepisan. Pangarsa saged miwiti langkung rumiyin ngidung kidung punika. Contho kidung punika saged kapethik ing *link*: <https://www.youtube.com/watch?v=KI9r4vOZ9xw>).

Maranatha, Amin

do=f 3 ketuk MM ± 70

$\overline{\text{F}}$ $\overline{\text{C7/E}}$ $\overline{\text{F/A}}$ $\overline{\text{Bb}}$ $\overline{\text{C}}$
 5̣ . 5̣ | 3 1 1 . 1 | 4 2 3 . 4 | 5 . 1 4_3 | 2 .
Ma - ra - na - tha, Ma - ra - na - tha, Ma - ra - na - tha, A - min.

$\overline{\text{D7}}$ $\overline{\text{Gm}}$ $\overline{\text{C}}$ $\overline{\text{F/A Dm}}$ $\overline{\text{F7/C}}$ $\overline{\text{Bb}}$ $\overline{\text{Gm}}$ $\overline{\text{C}}$ $\overline{\text{F}}$
 2 . 3 | 4 2 3 . 4 | 5 3 1 . 3 | 3_2 4 7 | 1 . ||
Ma - ra - na - tha, Ma - ra - na - tha, Ma - ra - na - tha, A - min.

Lagu: Juswantori Ichwan 2021

 Heidi Kabul

Sasampunipun pasamuwan ngidungaken kidung punika rambah kaping 2-3, pasamuwan kaajak mirembag:

1. Ing tata pangibadah kita, kidung “Maranatha, Amin”, dipun kidungaken ing wekdal punapa?
2. Nalika ngidung “Maranatha, Amin”, punapa ingkang panjenengan raosaken? Punapa maknanipun kanggé Panjenengan?

Sasampunipun mirembag pitakènan angka 1 lan 2, pangarsa saged ngandharaken maknaning kidung “Maranatha” kados ingkang sinerat ing **Dhasaring Gagasan**.

MAOS KITAB SUCI Yésaya 64:1-9

ANDHARAN

Swasana ingkang ngupengi seratan kitab Nabi Yésaya 64 inggih punika bab gesanging bangsa Israèl ingkang mboten tumut kabucal ing tanah Babil, nanging ingkang sami kanton ing negarinipun piyambak. Pancèn mboten sedaya tiyang Israèl dipun bèkta dhateng tanah pambuwangan. Tiyang-tiyang ingkang gesang ing Babil sami rumaos dados bangsa ingkang kabucal. Wondéné gesanging tiyang-tiyang ingkang kanton ing negarinipun piyambak wonten ing kawontenan ingkang mrihatosaken sanget. Malahan tiyang-tiyang ingkang kanton punika kaanggep minangka golongan ingkang langkung asor tinimbang ingkang ndhèrèk kabucal³. Sanadyan wonten trap-trapan golongan kados mekaten, nanging manahipun tiyang-tiyang punika ngraosaken pangraos ingkang sami, inggih punika sami-sami rumaos dados manungsa ingkang apes.

Bab 64 punika minangka pandonga saking para umat awit sami ngraosaken sampun mboten gadhah daya. Ing ayat 1-9 ngemot pokok pandonga cacah kalih. *Sepisan*, karaos wonten swasana batos ingkang pepes awit awratipun pameteking gesang. Pramila pangadhuh kaaturaken ing ngarsanipun Gusti Allah kanthi adreng lan swanten ingkang sora. *Kaping kalih*, kapitadosan lan pangajeng-ajeng dhumateng Gusti. Tiyang-tiyang punika ngrumaosi bilih pranyata gesang tanpa Gusti Allah punika ndhatengaken kasangsaran. Kosok wangsulipun, gesang ingkang sinarengan kaliyan Gusti Allah badhé ndhatengaken pangajeng-ajeng.

Ing ayat 1-4, pandonga ingkang isinipun panyuwunan. Ing wiwitan pandonganipun, umat ngémuti panguwaosipun Gusti ingkang tanpa winates. Gusti Allah punika Maha Suci. Kasucèn ingkang ngédap-édapi ndadosaken sinten kémawon mboten kuwawi nyawang kamulyanipun. Pangertosan kados

³ Ing Yérémia 24 kapratélaaken bilih tiyang-tiyang ingkang ndhèrèk kabucal ing Babil sinebat minangka woh anjir ingkang saé sanget, wondéné ingkang sami mboten ndhèrèk kabucal kawastanan minangka woh anjir ingkang awon.

punika kiyat sanget pinanggih ing swasana jaman Prajanjian Lami. Manungsa lan titah sanèsipun ingkang sampun dhumawah ing dosa badhé nemahi pejah nalika pepanggihan kaliyan ingkang Maha Suci (pirsanana Yésaya 6:5). Awit saking punika, nalika Gusti Allah karsa nyuwèk langit lan tedhak ing bumi: redi-redi sami badhé gonjing. Bumi kabesmi kadosdéné latu ingkang mbesmi kajeng rèncèkan lan saged ngumobaken toya. Gusti Allah punika saèstu ngédap-édapi ing sangajenging para mengsah. Ing mangsa Advèn punika, nyuwèk langit lan tedhak ing bumi saged dipunpahami minangka pangajeng-ajeng *èskatologis*. Gusti Allah badhé rawuh lan èstu rawuh.

Pangajeng-ajeng ingkang saking Gusti Allah kapirsanan déning para umat ing swasana batos ingkang kapetek. Pramila ing ayat 3-4 kapratélaaken, “Paduka nindaaken bab ingkang nggegirisi ingkang mboten sami kawula ajeng-ajeng...” Nabi Yésaya ingkang makili para umat ngraosaken menawi rawuhipun Gusti Allah èstu-èstu karaos nyleneh, awit dèrèng naté kapireng déning pamireng, dèrèng naté kapirsanan déning paningal bilih wonten Allah ing pangertosanipun tiyang sajawining Israèl ingkang karsa tumindak nglabuhi umatipun.

Kanthi ngadhuh, Bangsa Israèl nyuwun kawelasanipun Gusti. Bangsa punika ngrumaosi bilih Gusti Allah duka awit kalepatan ingkang sampun sami dipun lampahi. Wujuding dosa ingkang sampun dipun lampahi déning bangsa Israèl kajlèntrehaken wonten ing pandonga punika, kanthi tembung kadosta: pambaléla, gesang kanthi najis, kamursidan ingkang goroh. Kanthi ngakeni sedaya dosa lan kalepatanipun, umat sami nyuwun sih pangapunten lan ugi sumadhiya nampèni bebendu saking Gusti (ayat 5-7).

Ing salebeting pangadhuh wonten pangajeng-ajeng. Mawas dhiri saged manggihaken dhiri pribadi ingkang asli. Mekaten, bangsa Israèl mawas dhiri kanggé manggihaken jati dhirinipun. Bangsa punika mandeng dhirinipun minangka para putraning Allah. “Nanging sapunika, dhuh Yéhuwah, Paduka punika Rama kawula sadaya! Kawula sedaya punika lempung déné Paduka ingkang mangun kawula, sarta kawula sadaya punika yasaning asta Paduka”. Nalika bangsa Israèl ngaturi Gusti

Allah kanthi sebatan Rama, bangsa punika ngraosaken dhirinipun wonten ing sesambetan ingkang raket kaliyan Gusti. Gusti ingkang mangun bangsa punika saking lempung lan manguaosi bangsa punika.

Minangka lempung, bangsa Israèl punika ringkih. Bangsa punika mboten gadhah kuwaos punapa-punapa tumraping dhirinipun. Gusti Allah, Sang Titah pirsá lan tepang dhateng lempung punika lan Panjenenganipun karsa ndadosaken lempung kasebat aos lan éndah. Minangka Kundhi, Gusti Allah kagungan karsa ingkang saé tumrap saben titahipun. Pramila namung kanthi sumarah dhumateng Gusti Allah, bangsa Israèl gadhah pangajeng-ajeng. Yektosipun, Gusti Allah ingkang nitahaken punika Gusti Allah ingkang mboten naté ngènget-ènget dosa ing salaminipun. Panjenenganipun saèstu ngaosi para umat kagunganipun.

Pirembagan Sasampunipun Mirengaken Andharan

Mangsa Advèn inggih punika mangsa kanggé mawas dhiri awit kawontenan kita ingkang ringkih lan mboten sampurna. Ing ngriki saben tiyang mirsani lan niti priksa dhirinipun piyambak, mboten mirsani tiyang sanès, punapa malih njeksani lan mèri dhateng asanès. Kanthi raos-pangraos kados mekaten, saben tiyang badhé manggihaken sih nugrahaning Gusti, sih pangapunten saking Gusti ingkang mbekta pangajeng-ajeng. Marthin Luther naté ngendika, “Tiyang badhé saged ngraosaken lan ngalami manis lan éndahing sih nugraha punapadéné pangapuntenipun Gusti, menawi tiyang rumaos mboten gadhah daya saking blengguning dosa lan saèstu ngraosaken cilaka menawi dosa punika taksih tansah manguwaosi dhirinipun. Namung nalika kita rumaos bilih kita mbetahaken pitulung, kita badhé ngraosaken éndahing pitulungan punika.” (Eka Darmaputera, 2008, kaca 6). Adhedhasar pitembungan punika, sumangga kita lajengaken pirembagan kita.

1. Saking pratélaning Nabi Yésaya bilih manungsa punika lempung, makna punapa ingkang saged panjenengan pethik saking gesang panjenengan minangka titahipun Gusti Allah?

2. Awit kawigatosanipun Allah ingkang ageng dhateng para umatipun ingkang ringkih, punapa maknaning pangajeng-ajeng tumrap panjenengan?
3. Ing mangsa Advèn punika, sedaya umat kaatag sami mawas dhiri. Wohing mawas dhiri inggih punika tumindak ingkang nyata. Punapa ingkang dados tekad panjenengan kanggé mujudaken gesang ing salebeting pitobat lan saged dados berkah ing gesang punika?

Pungkasan

Pasamuwan dipun ajak ngidung KPJ. 103:1,2, sadèrèngipun katutup kanthi pandonga. Pandonga katindakaken ing kelompok-kelompok (sasaged-saged mujudna kelompok ingkang *intergenerasional*)

KPJ. 103:1,2 Allah Yéku Pangèn Satuhu

- 1) Allah yéku pangèn satuhu, pangréhnya nentremken kalbu
Kula tansah rinimatan srana sagung ing kamirahan
Reff:
Ing jurang ing pati tan wedi bilai,
wit Gusti pribadi kang nganthi.
Nadyan mengsah kathah,
manah datan semplah
wit berkahnya rumentah.
Mung kabegjan saha kadarman
ngiring salaminé gesang,
sarta kula badhé manggén tansah
ing dalemé Sang Yéhuwah
- 2) Ayem manah lan nyawa kula, ing ayoming sihé Gusti,
sarta tinuntun astanya ing kayektosan kang sejati. *Reff.: ...*

[WSN/IP]

**BAHAN Panyuraos Kitab Suci
*Intergenerasional 2***

**Tansah Memuji
Gusti**



Lukas 1:46-55

Tujuan:

1. Lumantar Panyuraos Kitab Suci *Intergenerasional*, saben pasamuwan saged mangertos maknaning pepujènipun Maryam.
2. Pasamuwan mratélaaken gesang ingkang kebak pamuji konjuk Gusti ing saben dintenipun.

DHASARING GAGASAN

Saben tiyang badhé tansah ngadhepi resikoning gesang. Sangsaya ageng résiko ingkang dipun adhepi, sangsaya ageng pangajeng-ajeng ingkang badhé tinampi, mekaten ingkang asring kita pireng. Kanggé mangun laré ingkang gadhah watak luhur, tiyangsepuh lan brayat kedah purun ngadhepi résiko kadosdéne wantun ngurbanaken kapentingan-kapentingan tartemtu, ngurbanaken wekdal, béya, tenaga ingkang linangkung kanggé sangsaya indhaking kadéwasanipun laré miturut paugeran-paugeran kautaman. Siswa ingkang kepéngin unggul kedah purun sinau kanthi disiplin, mumpeng lan kekancan ingkang saé. Punika sedaya wonten résikonipun, inggih punika badhé ngraosaken kirang nyaman mboten saged dolanan *game online* langkung dangu. Tiyang ingkang sami nyambut damel utawi para wirausahawan ingkang kepéngin suksès kedah ugi wantun ngadhepi résiko kanthi panyambut damel ingkang wekel, kréatif, jujur lan tumemen. Awit saking punika résiko ingkang kedah pun tampi ugi kathah, kadosta, dipun anggep “sok suci”, kirang ngaso awit kedah nyambut damel kanthi wekel lan résiko-résiko sanèsipun. Sedaya résiko ingkang awrat punika badhé karaos ènthèng menawi dipun lampahi lan dipun resepi

kanthi kabingahan. Nalika Gusti Allah karsa miji Ibu Maryam ngandhet bayi Yésus, panjenenganipun ugi aben ajeng kaliyan résiko ingkang werni-werni. Panjenenganipun punika satung-galing pawèstri ingkang taksih timur saking dhusun ingkang mboten kawentar. Kejawi punika, panjenenganipun ugi dèrèng ningkah. Saged dipun bayangaken kados pundi pangraosing manahipun Ibu Maryam kala semanten. Awrat lan mboten gampil. Ing kawontenan kados mekaten Ibu Maryam mosik ing salebeting manahipun bilih menawi Gusti Allah piyambak ingkang ngersaaken jejibahan punika kaparingaken dhateng piyambakipun, mesthi Gusti Allah ugi ingkang badhé tansah nganthèni piyambakipun. Pramila Ibu Maryam mratélaaken pamujinipun dhateng Gusti ing pamuji kados ingkang sinerat ing Lukas 1:46-55. Ing pepujèn punika Ibu Maryam tansah nyumèndèkaken pangajeng-ajengipun dumateng Gusti. Kanthi nuladha Ibu Maryam, pasamuwan kaatag purun nyinau lan ngraos-ngraosaken maknaning pamujinipun Ibu Maryam lan mugè samè purun mujudaken sadaya punika wonten ing gesang padintenan kanthi kebaking panuwun sokur konjuk Gusti.

PURWAKA

1. Panyuraos Kitab Suci saged kawiwitan kanthi ngidung sesarengan kidung “Memuji Tuhan Selalu”. Kidung punika saged dipun repèkaken mboten namung rambah kaping sepisan.

Memuji Tuhan selalu mari kita puji Dia 2x

Puji! Puji! Mari kita puji Dia! 2x

Memuji Tuhan selalu, mari kita puji Dia!

(kapethik saking

- <https://www.youtube.com/watch?v=mm4zM3aY1To>)

2. Pasamuwan kaaturan nyariosaken pengalamipun piyambak-piyambak magepokan kaliyan bab ngluhuraken asmanipun Gusti lumantar pepujèn. Ing wekdal bingah memuji Gusti, ing wekdal sisah memuji Gusti, punapa ingkang karaosaken?

MIRENGAKEN SABDA SUCI

(Pasamuwan kaajak maos Injil Lukas 1:46-55)

ANDHARAN

Lembaga Alkitab Indonesia (LAI) miji jejer kanggé waosan Injil Lukas 1:46-55, "Pamujiné Maryam". Sawetawis ahli tapsir mratélaaken jejer sanèsipun, ingkang langkung pas, inggih punika, "Maryam Ngidung/ Memuji Gusti". Bab punika kalandhesan bilih ing pérangan punika ngemot babagan anggènipun Ibu Maryam ngaturaken pamuji sokuripun konjuk Gusti kanthi kekidungan. Kidung Pamujinipun Ibu Maryam punika minangka salah satunggaling kidung pamuji ingkang cacahipun wonten tiga, cinathet ing Injil Lukas, inggih punika Pamujinipun Maryam (Luk.1:46-55), Pamujinipun Zakharia (Luk.1:68-79), lan Pamujinipun Siméon (Luk.2:29-32). Tetiga pepujèn punika kawentar ing antawising tiyang pitados. Tetiganing kidung pamuji punika ing basa Latin kasebat: "*Magnificat*" (Pamujinipun Maryam), "*Benedictus*" (Pamujinipun Zakharia), lan "*Nunc Dimitis*" (Pamujinipun Siméon). Pamuji cacah tiga punika namung cinathet ing Injil Lukas. Injil Lukas panci langkung asring ngetingalaken pepujèn konjuk Gusti tinimbang kitab-kitab sanèsipun ing Prajanjian Anyar.

Menawi kita taliti, ingkang ndhasari Pamujinipun Ibu Maryam inggih punika kabingahan ageng saking Gusti Allah ingkang sampun kepareng miji minangka Ibunipun Gusti Yésus. Sinten Maryam punika? Maryam inggih punika satunggaling pawèstri Yahudi ingkang taksih legan saking Nazarèt, satunggaling kitha ing Propinsi Galilea. Nazarèt punika kitha ingkang alit. Penduduk ing ngriku kalebet golonganing tiyang-tiyang pinggir, pramila asring sami dipun rèmhaken. Masyarakat Yahudi ing wekdal punika ugi nganggep bilih mboten wonten ingkang saé ingkang asalipun saking Nazarèt (kapisanana Yoh. 1:46). Maryam pepacangan kaliyan Yusuf ingkang ugi tiyang Nazarèt. Yusuf saking tedhak turunipun taler Yéhuda lan pakaryanipun minangka tukang kayu (Luk.1:26-27). Dados, Maryam lan Yusuf punika tiyang-tiyang ingkang kaanggep asor (*kelas bawah* - kapisanana ayat 48). Éwa semanten, Maryam punika minangka tiyang ingkang saèstu sumuyud dumateng Gusti (Luk.1:38).

Ing salebeting Pamuji, Ibu Maryam ngaturaken pangajeng-ajengipun. Ibu Maryam ngraos-raosaken kanthi lebet satung-

galing kanyatan bilih panjenenganipun badhé ngandhet Sang Mesih ingkang sampun dangu dipun antu-antu déning bangsa Yahudi minangka wujud kawigatosanipun Gusti Allah dhumateng umat ingkang asor (ayat 46-49). Samangké saben tiyang mboten badhé ngasoraken bangsa punika malih, nanging malah sami badhé nyebat ingkang rahayu (ayat 48). Ibu Maryam pitados bilih Gusti Allah badhé nindakaken pakaryan-pakaryan agung lan nedakaken sih rahmatipun dhateng tiyang-tiyang ingkang ajrih asih dumateng Gusti (ayat 49-50). Kapitadosan punika ndadosaken Ibu Maryam gadhah pangajeng-ajeng wonten ing Gusti bilih badhé wonten éwah-éwahan. Ewah-éwahan ingkang mbuyaraken pangangen-angenipun tiyang ingkang gumunggung bilih piyambakipun ingkang gadhah panguwaos badhé salaminipun dados panguwaos. Ibu Maryam ngraosaken menawi Gusti Allah saged malik grémbyang kawontenan ing sakedhèping nétra. Tiyang gumunggung kabuyaraken, tiyang ingkang kumawasa dipun lorod kalenggahanipun, tiyang-tiyang ingkang kaanggep asor malah badhé kaluhuraken, tiyang miskin lan kerapen kalubèran samubarang ingkang saé lan tiyang sugih mboten pikantuk punapa-punapa.

Gesang ingkang kedah dipun lampahi déning Ibu Maryam panci mboten gampil. Nanging panjenenganipun pitados bilih namung wonten ing Gusti Allah dumununging kekiyatan lan pangajeng-ajeng. Pangajeng-ajeng ingkang santosa nyagetaken tiyang nglampahi gesangipun, mirungganipun nalika nemahi mangsa-mangsa ingkang awrat. Sedaya tiyang, mliginipun saben tiyang ingkang ngalami katindhès, kaasoraken, karèmèhaken, mboten dipun aosi ing gesang punika, saged nyumèndèkaken pangajeng-ajengipun dhateng Gusti, awit Gusti mesthi mitulungi.

Pirembagan Sasampunipun Mirengaken Andharan

1. Sasampunipun mirengaken andharan saking Lukas 1:46-55, bab anyar punapa ingkang saged panjenengan tampèni?
2. Pasamuwan kasuwun ngaturaken tantangan-tantanganing gesangipun lan punapa ingkang dados pangajeng-pangajengipun!

- a. Punapa kémawon tantangan lan pangajeng-ajeng tumraping para laré?
- b. Punapa kémawon tantangan lan pangajeng-ajeng tumraping para remaja?
- c. Punapa kémawon tantangan lan pangajeng-ajeng tumraping para nem-neman?
- d. Punapa kémawon tantangan lan pangajeng-ajeng tumraping para tiyang déwasa?
- e. Punapa kémawon tantangan lan pangajeng-ajeng tumraping para adiyuswa?

(pitakènan ing nginggil namung minangka stimulan supados sageda wonten pirembagan ing antawising pasamuwan. Srana wontenipun pirembagan sesarengan punika, pasamuwan sageda samidéne paring pangalem-bana, kawigatosan lan panyengkuyung setunggal lan setunggalipun).

3. Ibu Maryam ngaturaken pamuji konjuk Gusti ing salebetipun tarunging batos lan pangajeng-ajengipun. Ing kanyataning gesangipun pasamuwan, pepujèn kados punapa ingkang badhé kaunjukaken dhateng Gusti Allah? Lan punapa pawadanipun?
4. Pasamuwan kaajak ngidung sesarengan saking KPJ 184:1 “Sokur Akanthi Tulus”

Sokur akanthi tulus. Sokur Kang Mahasuci.

Sokur rahmat kang agung, Panebus kita.

Sokur akanthi tulus. Sokur Kang Mahasuci.

Sokur rahmat kang agung, Panebus kita.

Mangkya kang ringkih dadya rosa;

kang miskin dadya sugih.

Sihé Gusti dadya nyata, yekti.

Mangkya kang ringkih dadya rosa;

kang miskin dadya sugih.

Sihé Gusti dadya nyata yekti. Sokur!

5. Panyuraos Kitab Suci kapungkasan kanthi pandonga.

BAHAN PAKEMPALAN PANDONGA

*Minangka satunggaling bakalan, punapa ingkang
kacawisaken ing buku punika prelu dipun olah
malih jumbuh kaliyan kawontenanipun
pasamuwan piyambak-piyambak*

**BAHAN
PAKEMPALAN
PANDONGA 1**

Waosan:
Rum 12:12

**Bingah
Ing Salebeting
Pangajeng-ajeng**
ꦧꦶꦁꦲꦶꦁ

1. WEKDAL ENING

2. KIDUNG PAMUJI

KPJ 31:1,2 “Swawi Pra Suci Nyawiji”

- 1) Swawi prasuci nyawiji tunggal ati,
sami ngabekti memuji mring Gusti.
Ajrih, sumelang, sedhih, lan kasangsaran
ginantos kabegjan sihing Pangéran.
- 2) Tansah ngidunga anggunggung Kang Murbèngrat
ngétang mukjijat lan gunging sih-rahmat.
Lubèring berkah sing swargi tansah tumrah,
nyantosakken manah, nyirnakken semplah.

3. PANDONGA

4. KIDUNG PAMUJI

KPJ 144:1,5 “Yèn Nunggil Lan Gusti”

- 1) Yèn nunggil lan Gusti rintèn dalu
manah langkung tentrem arahayu.
Refr.:
Kula angantos Gusti siyang klayan ratri
kanthi pitados Gusti, Gusti mberkahi.
- 5) Yèn nunggil lan Gusti saged ngertos,
kang dados karsanya ing sayektos.
Refr.: ...

5. PAMAOSING KITAB SUCI

Rum 12:12

6. RENUNGAN

“Bungah Sajroning Pengarep-arep”

Nggadhahi satunggaling pengajeng-ajeng, dados bab ingkang saèstu mbingahaken. Nanging, saben tataran ingkang kedah dipun lampahi nuju dhateng maujuding pengajeng-ajeng punika asring mboten mbingahaken. Lampahing proses asring mboten tansah lempeng. Kalamangsanipun, wonten wekdalipun kita manggihaken manéka warni kangèlan lan pambengan ingkang ndadosaken kita mangu-mangu kanggé gesang ingkang tansah kebak pengajeng-ajeng.

Contonipun, satunggaling among tani ingkang bingah sanget awit ngantu-antu mangsa nanem. Ing wekdal ingkang kawawas saé, piyambakipun wiwit nyebar winih, lajeng nanem winih pantun ingkang wiwit tuwuh. Manahipun bingah sanget awit gadhah pengajeng-ajeng badhé nampèni asiling panèn ingkang saé lan kathah. Nanging, sawetawis wekdal selajengipun, taneman pantun punika kaserang ama, kéong wiwit nggrogoti taneman pantun ingkang taksih enèm. Prekawis punika ndadosaken among tani kedah nanem malih winih ingkang anyar ing sawetawis papan kanggé nggentosi taneman ingkang risak. Sawetawis wekdal selajengipun, ama keong sampun saged dipunatasi. Namung awit cuaca ingkang mboten temtu, kadhangkala bentèr kadhangkala jawah deres, punika nuwuhaken raos was sumelang. Para among tani sami wiwit nyumelangaken bab punapa sami badhé saged nampèni asil ingkang saé lan ndadosaken mongkoking manah mangkénipun.

Conto sanèsipun, tiyang pepacangan ingkang sumadhiya ningkah lan mangun gesang bebrayatan ingkang kebak kabingahan. Kekalihipun miwiti kanthi esem guyu kebak pengajeng-ajeng, lumampah sesarengan ing gesang sesemahan. mboten ngantos setunggal taun, satunggal mbaka se-

tunggal manggihaken pambengan. Kalimrahan lan pratingkah awon wiwit ketingal, kasunyatanipun semah ingkang sampurna tebih saking ingkang kabayangaken. Dèrèng malih, kabetahan ékonomi ingkang kedah kacekapaken, sesambetan kaliyan marasepuh ingkang kedah tansah kaupayakaken, sarta manéka warni prekawis sanèsipun. Gesang sesémahan sangsaya nguwatosi; badhé tetep sesarengan utawi pepisahan ?

Para sedhèrèk, ngrimati pengajeng-ajeng punika mboten gampang. Pramila sumangga kita sinau saking pitedahipun Rasul Paulus dhateng pasamuwan ing Rum. Wonten ing seratipun, Rasul Paulus paring pitedah, *“Padha bungaha sajroning pangarep-arep, disabar sajroning karupekan, dimantep anggonmu ndedonga!”* (Rum 12:12). Kitab Suci jarwan Basa Jawi padintenan nyerat, *“Padha bungaha sajroning pangarep-arep, padha disabar sajroning karubedan, lan tansah padha ndedongaa!”*. Rasul Paulus ngémutaken murih para tiyang pitados tansah ngrimati pengajeng-ajeng wonten ing asmanipun Gusti. Ing lampah ingkang mekaten punika, kita kaatag supados sami mangertosi bilih tantangan ingkang awujud kangelan lan raos sesek ing gesang punika tansah wonten. Tantangan lan kangélan gesang saged nggangguamel bab pengajeng-ajengipun tiyang pitados. kanggé tansah saged gesang ingkang kebak pengajeng-ajeng ing Gusti kanthi bingahing manah, kabetahaken pambudidaya ingkang linangkung kathah.

Pambudidaya ingkang saèstu kawujudaken lumantar sikep sabar lan tumemen ing pandonga. Sabar tegesipun kiyat utawi tatag tanggon ngadhepi satunggaling prekawis, tetep anteng, mboten gampang nggresula utawi nepsu. Sabar ateges ngéklasaken dhiri kanggé nanggél satunggaling prekawis. Wondéné tumemen ateges sregep lan kanthi saèstu nindakaken satunggaling prekawis, mboten namung sak-sakipun kémawon. Tumemen punika limrahipun kagandhengenaken kaliyan tataran proses ingkang mbetahaken wekdal ingkang panjang. Satunggaling tiyang kasebat tumemen nalika piyambakipun lumampah kanthi saèstu lan ajeg ing

wekdal ingkang panjang. Tumemen punika sanès prekawis ingkang cekak. Alon nanging gumathok, ketlatosan badhé ngasilaken woh ingkang saé. Awit saking punika wonten ing pérangan sanès seratipun, Rasul Paulus ngendikakaken bilih mantep badhé ndadosaken tanggon, lan tiyang ingkang tanggon badhé tansah saged kebak pengajeng-ajeng ing Gusti (kabandingan Rum 5:4).

Kanthi mekaten kita mangertos bilih gesang ingkang kebak pengajeng-ajeng ing Gusti mboten ateges manungsa mboten lajeng sakpikajengipun ing gesang. Kebak pengajeng-ajeng dhateng Gusti punika ateges pitados bilih Gusti nyawisaken ingkang saé kanggé kita, pramila mboten pareng wonten tembung nglokro, nanging tansah mbabar pambudidaya kanggé nggayuh sedayanipun. Prekawis punika ugi ndadosaken kita para tiyang pitados nggayuh pengajeng-ajeng kanthi bingahing manah ing Gusti, amargi kangélan kita ing ngarsanipun Gusti, mboten badhé muspra.

Kapitadosan lan pengajeng-ajang ingkang mekaten punika ingkang ndadosaken para among tani makarya kanthi tumemen lan sabar mantep ngantu-antu asiling panèn. Prekawis punika ugi maringaken kekiyatan tumrap gesang sesemahan murih tansah samidéné tresna-tinresnan lan setya tuhu dumugi pejah ingkang misahaken.

Samangké, punapa panjenengan nembé ngantu-antu satunggaling prekawis? Sami kebaka ing pengajeng-ajeng wonten ing asmanipun Gusti, ampun namung ngendelaken pangertosan kita piyambak. Sumangga sami ngaturaken pengajeng-ajeng panjenengan konjuk Gusti. Sabar mantepa ngadhepi kangélan lan pambengan, saha sami tumemena ing pandonga,

“Awit kowé padha sumurup, yen ana ing patunggilaning Gusti, kangélanmu mesthi ora muspra.” (1 Korinta 15:58).
Amin.

7. **Mbagèkaken Pengalaman/Paseksining Gesang**
(Kaparingana wekdal dhateng setunggal utawi kalih tiyang kanggé mbagèkaken pengalaman utawi paseksining gesang bab pengajeng-ajeng ing asmanipun Gusti)

8. KIDUNG

KPJ 198:1,3 “Lampahing Gesang Puniki”

- 1) Lampahing gesang puniki tan kalising pepalang,
nanging astanipun Gusti nuntun maring pepadhang.
Kadya langit kalimputan mendhung kandel méga,
ing sasirnanira tamtu padhang njingglang sanyata.
Refr.:
Bibar jawah mijil kluwung, mengku janji prasetya;
sasisihing sisah ngantya kluwunging sih Njeng Gusti.
- 3) Aywa mangumiwah kwatir, nadyan peteng marginya,
dipun mantep ing pracaya, setya ing janjinira.
Gusti Ingkang Mahatresna, yéku tukung pitulung;
nadyan sisah kumawasa, Gusti tansah anjangkung.
Refr.: ...

9. DONGA SYAFAAT

10. KIDUNG

KPJ 158:1,4 “Ditansah Padha Bungaha”

- 1) Di tansah padha bungaha, nampèni kabegjan swarga,
karana kita wong dosa, ingentas saking antaka.
Refr.:
Tansah bungah ing patunggilané Gusti,
tansah bungah, wit sinung gesang sejati
- 4) Ditansah padha bungaha, wit antuk tentrem-raharja.
Gustimu ngreksa slamanya, Sapanan lakunira.
Refr.: ...

**BAHAN
PAKEMPALAN
PANDONGA 2**

Waosann:
Jabur 85:9-13

**Kalepatan
Ingkang Sami**

ꦏꦭꦥꦠꦤ꧀
ꦲꦁꦏꦁꦱꦩꦩꦶ

1. WEKDAL ENING

2. KIDUNG PAMUJI

KPJ 48:1,2 “Gusti Angantya Sira”

- 1) Gusti angantya sira, wong dosa.
Aruming swara nimbali sira.
Nyuwuna luwar lan pangapura!
Mareka, saosna atinira!
Refr.:
Lah mareka! Gusti angantya, aywa adoh-adoh, umareka!
Gusti anganti-anti sira! Ywa nyenyuwé, mula gya mareka!
- 2) Hé, wong dosa, lempar dalanira.
Nyata gampang lamun liniwatan.
Nging sira tan nduga tan uninga,
yéku tan anjog mring nagri baka.
Refr.: ...

3. PANDONGA

4. KIDUNG PAMUJI

KPJ 52:1,3 “Gusti Sèstu Kula Nalangsa”

- 1) Gusti sèstu kula nalangsa, awit asring mbaléla,
damel sekel galih Paduka, kèlu ombyaking donya.
Refr.:
Dhuh Gusti, kawula nyuwun apura, sinucèkken sing dosa.
Mugi manah kula kaénggalna, mituhu Paduka.

- 3) Sèstu kawula ngraosaken ing katresnan Paduka,
 wit Paduka tan négakaken kula kawratan dosa.
 Reff.: ...

5. PAMAOSING KITAB SUCI: Jabur Masmur 85:9-13

6. RENUNGAN

“Kalepatan Ingkang Sami”

“Every saint has a past and also every sinner have a future...”.

Punapa panjenengan naté mireng paribasan punika? Sacara bebas saged kajarwakaken *“saben tiyang mursid naté kagungan cariyos bab wekdal kepengker lan saben tiyang ingkang lampah nasar ugi kagungan gesang ingkang saé ing dinten mangajeng”*. Paribasan punika nélakaken bilih tiyang saged éwah jumbuh kaliyan lampahing wekdal. Samangké, satunggaling tiyang mursid dèrèng temtu mboten kagungan cariyos awon wonten ing gesangipun. Mekaten ugi, ing sisih sanès mboten wonten satunggala kémawon tiyang dosa ingkang ing sauruting gesangipun tansah damel dosa lan tansah kalimput ing pepeteng. Nalika tiyang sumadhiya ngéwahi gesangipun dados langkung saé, temtu gesangipun ugi badhé éwah dados saé. Satunggaling kabodhoan menawi tiyang mangertosi dhirinipun gadhah dosa utawi kalepatan nanging mboten purun ngéwahi dhiri dados pribadi ingkang langkung saé.

Lumantar Jabur Masmur 85:9-13, kita sinau bilih ngambali nindakaken kalepatan ingkang sami ateges punika satunggaling kabodhoan. Kénging punapa Sang Juru Masmur ngantos ngendika bilih wonten umat ingkang bodho? Amargi golongan umat punika tetep tumindak dosa sanadhiyan sampun kawartosaken bab tentrem rahayu (ay. 9). Kamangka Gusti Allah sampun prasetya badhé paring kawilujengan lan kamulyan tumrap para tiyang ingkang sami ajrih asih dhateng Panjenenganipun. Menawi donya punika kebak

kaliyan tiyang ingkang ajrih asih dhateng Panjenenganipun, pramila *“Sih lan kasetyan bakal padha tempuk kaadilan lan katentreman bakal padha ambung-ingambung”* (ay 11).

Asring ingkang nuwuhaken sakiting manah inggih punika pirsia pundi ingkang saé, nanging langkung remen nindakaken prekawis ingkang awon. Punapa punika mboten satunggaling kabodhoan? Awit kasunyatanipun, kabodhoan ingkang mekaten punika ndadosaken tiyang mboten ajrih asih dhateng Gusti. Kamangka Gusti sampun mrasetyakaken bab-bab ingkang saé lan nagari ingkang ngedalaken woh ingkang saé ugi (ay 13), mekaten ugi kaadilan ingkang badhé mandhegani nagari kasebat. Saking ayat punika kita saged ningali bilih sayektosipun punika mboten ateges Gusti mboten nresnani umatipun lan mboten kersa paring berkah, sedaya punika kalampahan amargi kita ingkang bodho kanthi tansah ngambali dosa-dosa kita satemah kita dados tebih saking ngarsanipun Gusti.

Sumangga kita ngéwahi gesang kita. Taksih wonten wewengan ing dinten mangajeng ingkang éndah tumrap para tiyang ingkang lampah nasar. Taksih wonten pengajeng-ajeng kanggé tiyang ingkang saèstu sumadhiya ngéwahi gesangipun. Menawi kawontenan gesang ingkang kebak ayem, tentrem lan raharja punika gegadhangane kita sedaya, punapa kita sumadhiya nggayuh pengangen-angen punika? Menawi inggih, pramila ampun ngantos ngambali malih kalepatan ingkang sami. Menawi samangké kita wonten ing kawontenan ingkang saé, sampun ngantos gampil njeksani sok sintena ingkang gesang ing kawontenan mboten saé. Tugas timbalan kita inggih punika ndongakaken lan ngaturi nyengkuyung ingkang positip kanggé tansah ngarahaken gesang tumuju ing kasaénan.

Sumangga kita mirengaken Gusti Allah, satemah tentrem rahayu punika badhé dedalem ing antawis kita. Amin.

7. KIDUNG

KPJ 124:1,3 “Kula Sèstu Ndhèrèk Gusti”

- 1) Kula sèstu ndhèrèk Gusti kang jumeneng Panutan.
Tetep setya dugèng janji, tan wigih karibedan.
Refr.:
Dhuh nyawaku, ja kwatir; Gusti kan éwah gingsir.
Tut-wuria salaminya ing satindaké Gusti.
- 3) Kula sèstu ndhèrèk Gusti mbabarken sih piwlasnya
mring sagung titah ing bumi, dimèn samnya raharja.
Refr.: ...

8. PANDONGA

- 1) Ndongakaken umatipun Gusti ingkang taksih mangkota-
ken manahipun, supados saged ngewahi manah lan
gesangipun
- 2) Ndongakaken umatipun Gusti ingkang nembe ngadhepi
pergumulan, supados manggihaken margi luwar lan
pengajeng-ajeng ing salebeting mranata gesang.

9. KIDUNG

KPJ 92:1,2 “Sèstu Agung Sihé Gusti”

- 1) Sèstu agung sihé Gusti mring titah sabumi.
Milujengaken tyang dosa, mrih manggih raharja.
- 2) Sih-rahmat sihé Pangéran mring tyang kang pracaya
sèstu punika ganjaran dahat agungira.

[WAS/WW]

**BAHAN
PAKEMPALAN
PANDONGA 3**

Bacaan:
Yohanes 1:19-23

**Sanès kula,
nanging
Panjenenganipun
ꦱꦺꦤꦺꦱꦺꦏꦸꦭꦏꦤꦒꦶꦁꦥꦤꦗꦺꦤꦺꦁꦤꦶꦥꦸꦤ**

1. WEKDAL ENING

2. KIDUNG PAMUJI

KPJ 26:1-3 “Pinuji Gusti”

- 1) Pinuji Gusti kang nitahken jagad,
siyang ratri tan kendhat ngganjar sih rahmat.
Ref.:
Haléluya, sagung puji tansah konjuk Gusti.
Haléluya, sagung bekti mring Ratu Swargi.
- 2) Pinuji Gusti Sang Jurubasuki,
kang ngurbanken sarira nebus manungsa. Reff.: ...
- 3) Pinuji Gusti Allah Sang Roh Suci,
kang nuntun ing kraharjan wah kasampurnan. Reff.: ...

3. PANDONGA

4. KIDUNG PAMUJI

KPJ 197:1-2 “Kula Sampun Siyaga”

- 1) Kula sampun siyaga, Gusti;
sumadya nampèni sabdamulya.
Kula sujud manembah Gusti,
marak ngabyantara sapunika.
Mugi Gusti maringi berkah
dhumateng kawula ing samangkya.
- 2) Kawula cumawis ing manah samekta ing gati.
Sabda Paduka datan èwah gingsir saking mula buka;

ugi sapunika wah salaminya.
 Sabda Paduka wonten gesang kula.
 Manah kula sampun siyaga nampi sabda mulya.

5. PAMAOSING KITAB SUCI: Yohanes 1:19-23

6. RENUNGAN

“Sanès kula, nanging Panjenenganipun”

Punapa panjenengan naté mireng tembung plagiat? Miturut KBBI (Kamus Besar Bahasa Indonesia), plagiat ateges “mendhet seratan (pamawas lsp) tiyang sanès lan ndadosaken kadosdéné seratan (pamawasipun) piyambak, contonipun mratélakaken seratanipun tiyang sanès kanthi dipunakeni minangka seratanipun piyambak; ateges punika njiplak.” Menawi satunggaling akademisi kapanggih nindakaken plagiat, tiyang punika kaancam paukuman pidana utawi kadendha. Saged kabayangaken agenging paukuman tumrap tiyang ingkang ngakeni asil pakaryanipun tiyang sanès kanggé nampèni pakurmatan tumrap piyambakipun ingkang sejatosipun mboten mumpuni.

Adeging manungsa ingkang asli dados kabur nalika mbudidaya mbabar dhiri dados tiyang sanès. Manungsa ajrih nalika dhirinipun ketingal aslinipun lan karingkihanipun dipun sawang déning tiyang sanès. Raos ajrih punika ingkang ndadosaken manungsa dados manipulatif, mbubidaya ngetingalaken gambaran palsu dhirinipun dhateng tiyang sanès.

Waosan Yohanes 1:19-23 punika ngajak dhateng kita supados sami nggatosaken mirsani adeging dhiri ingkang sayekto kados ingkang katuladhakaken déning Yohanes Pembaptis. Kacariyosaken bilih tiyang Yahudi saking Yérusalem ngutus sawetawis para imam lan tiyang Léwi kanggé mundhut pirsu dhateng Yohanes Pembaptis bab piyambakipun (ay 19). Sawetawis wekdal para tiyang punika ngantuntu punapa wonten salah satunggalipun nabi minangka

Sang Kristus. Nanging atur pangandikanipun Yohanes béda kaliyan ingkang sami kawawas dening tiyang-tiyang punika. Yohanes mboten ngakeni dhirinipun minangka Sang Kristus (ay 20), utawi minangka Nabi Elia utawi minangka salah satunggaling nabi ingkang badhé rawuh (ay 21). Lajeng, sinten Yohanes miturut dhiri pribadinipun?

Yohanes ngaken bilih piyambakipun namung satunggaling swanten (ay 23). Swanten ingkang nguwuh-uwuh ing pasamunan, papan ingkang tebih saking keraméan. Swanten punika ngèmutaken sedaya tiyang supados nglencengaken marginipun Gusti. Marginipun Gusti temtu margi ingkang leres. Nanging para ahli Toret lan tiyang Farisi, kanthi tapsiran-tapsiranipun ingkang mlèncèng tumrap angger-anggering Toret, sampun damel margi-margi punika dados mlèncèng. Yohanes mboten ngginakaken aji mumpung. Piyambakipun mboten nyandhang gelar Sang Mesih utawi Sang Kristus kanggé kamulyan ingkang namung sawetawis wekdal kémawon. Piyambakipun saged kemawon ngaken minangka Sang Kristus kanthi patrap kadosdéne satunggaling nabi saking pasamunan. Sang Yohanes Sang Pambaptis ngendika, “*Dudu aku, nanging PANJENENGANÉ*”.

Sumangga kita migatosaken adeging dhiri ingkang sayektosipun ing dhiri kita. Punapa kita ajrih ketingal ringkih nalika mratélakaken dhiri kita ingkang sayektosipun? Para sedhèrèk, minangka tiyang pitados, sikep ingkang mekaten punika kedah kita tebihaken saking dhiri kita. Sanès kekiyatan kita, ingkang ndadosaken kita ageng aosipun, nanging namung sih rahmatipun Gusti Allah ingkang nyagedaken kita. Tanpa Gusti Allah, kita namung manungsa ingkang tanpa daya ing satengahing jagad punika. Sedaya punika mboten bab kita, nanging sinten ingkang ndadosaken kita saged nindakaken kathah prekawis lan dados lantaring berkah kanggé jagad punika. Amin.

7. KIDUNG

KPJ 231:1,2 “Kadospundi, Dhuh Gusti”

- 1) Kadospundi, dhuh Gusti, nggèn kula sung urmat,
methukken klayan puji mring Ratuning jagad?
Mugi Gusti madhang lantaran Roh Suci.
Salam kula ndadosna kepareng Paduka.
- 2) Saking dhampar kang mulya lan kluhuran swarga,
Gusti tedhak ing donya nunggil lan pra-jalma,
tumut nandhang sangsara, ngrembat kasisahan,
ngrukunken tiyang dosa dhumateng Pangéran.

8. PANDONGA

1. Ndongakaken para tiyang ingkang némbé mbudidaya
manggihaken jati dirinipun, supados sami saged mongkog
lan saged ngaosi adeging dhiri pribadi.
2. Ndongakaken para umat Kristen murih kasagedaken
kadosdéné Sang Yohanes Sang Pambaptis, nguwuh-uwuh
bab kayektosan tanpa pengaken bilih dhirinipun ingkang
paling saé.

9. KIDUNG

KPJ 231:3 Kadospundi, Dhuh Gusti

- 3) Punapa kang njalari, dhuh Ratu kang mulya,
Paduka rawuh mriki, karsa nandhang papa?
Inggi piwlas Paduka saha palimirma,
lan katresnan Paduka dhateng tiyang dosa.

[WAS/WW]

**BAHAN
PAKEMPALAN
PANDONGA 4**

Waosan:
Lukas 1:26-38

**Mangayubagya Sang
Kristus srana
Mbangun Karakter
Abdining Pangéran**
☪

1. WEKDAL ENING

**2. KIDUNG PAMUJI
KPJ 8:1-2 “Haléluya”**

- 1) Haléluya Pangéran anèng papan pamujan,
pinujia asmanya, dalah anèng akasa.
Wit Gusti Allah Makwasa, kamulyanta Ma’ adi,
nungkuli samudaya munggwèng swarga lan ing bumi.
- 2) Linuhurna Hyang Agung klayan saguning kidung,
binarung salir gangsa wah kang mijilken swara.
Geguritan wah beksannya makluk kang darbé nyawa,
ngluhurna Hyang Makwasa sru ngidungna Haléluya!

3. PANDONGA

**4. KIDUNG PAMUJI
KPJ 194 “Kitab Suci Kang Adi”**

- 1) Kitab Suci kang adi, sabdèng Gusti sejati
éndah saklangkung éndah nugraha saking Allah
nugraha saking Allah.
- 2) Lembar sabda Paduka nuntun gesang kawula
dadya pedhang menjila* tamèng saking bebaya
tamèng saking bebaya.

menjila= istimewa, luar biasa (Ind)*

5. PAMAOSING KITAB SUCI: Lukas 1:26-38

6. RENUNGAN:

Mangayubagya Sang Kristus Srana Mbangun Karakter “Abdining Pangéran”

Nas: Lukas 1:38: Maryam banjur munjuk: "Sumangga kawula punika abdinipun Pangéran, kadhatengana kadosdéné ingkang Paduka ngandikakaken."

Kontèks

“Kula punika abdinipun Pangéran”, punapa kita nggadhahi kasadharan lan kayakinan kadosdéné Maryam? Inggih kasadharan lan raos pangraos “aku iki abdinining Pangéran, ingkang “nggampilaken” Maryam kanggé nampèni pangutusanipun Gusti Allah ingkang sajatosipun awrat sanget. Awit wonten ing “umur” ingkang taksih anèm, wancinipun nembé “bingah-bingah” ing salebeting swasana pepancangan kaliyan Yusuf kekasihipun, saged ugi Maryam lan Yusuf sampun ngrancang gesangipun ing tembé wingking, “rancangan ingkang éndah” ... Nanging dumadakan ... Malaékat Gabrièl ingkang kautus dèning Gusti maringaken “timbangan”/“pangutusan”, bilih Gusti ngersakaken ngagem Maryam dados ibu tumrap Mésias, Maryam badhé nggarbini awit Roh Suci... Dumadakan gesangipun Maryam kedah ngalami “éwah-éwahan ingkang drastis.” Sedaya rancanganiipun ingkang éndah, kedah dipun éwahi babar pisan lan netepi rancangan timbalanipun Gusti Allah punika Maryam badhé ngalami kathah “pacobèning ayahan timbalan ingkang awrat, ananging dados kraos “ènthèng,” senadyan kedah ngraosaken panandhang awrat nanging mboten ajrih

Pramila, kita ugi prelu nggadhahi kasadharan lan nggegesang kayakinan “aku iki abdinining Pangéran”, punapa kita sampun nindakaken?

Renungan

Sumangga kita jangkepi gegulataning manah kita srana nyobi sinau saking (tèks lagu rohani: “**Hati Hamba**” (- *Sari Simorangkir* -)

Kau **bukan Tuhan yang melihat rupa**
 Kau **bukan Tuhan yang memandang harta**
Hati hamba yang selalu Kau cari
Biar Kau temukan di dalamku

Slama ku hidup, ku mau menyembah-Mu
 Sebab Engkau sangat berarti bagiku
yang terbaik yang ada padaku
kupersembahkan kepada-Mu Yésusku

Dhiskusi tèks lagu: (kagatosna pérangan tèks ingkang dipun garis ngandhapipun)

- Punapa ukuran (*kritéria*) satunggaling abdi miturut lagu kasebat?
- Punapa ukuran (*kritéria*) satunggaling abdi ing waosan Lukas 1:26-38?
- Punapa kita sampun netepi ukuran minangka abdining Pangéran? Kénging punapa?
- Minangka Abdining Pangéran ing wekdal sapunika, punapa kémawon ingkang saged kita tindakaken?

Tembung “Abdining Pangéran” wonten ing Injil Lukas 1:38 inggih punika *ἡ δούλη κυρίου* (é dulé kuriu). Tembung “abdi” saking tembung “*doulos*” ateges “abdi” utawi “pelados.” Inggih punika tiyang ingkang ngabdèkaken dhirinipun lan masrahaken hak gesangipun dhateng bendaranipun awit gesangipun sampun katumbas utawi katebus déning bendaranipun. Abdi punika nindakaken ayahanipun tanpa sarat! Satunggaling pambangun turut ingkang tanpa sarat! Abdi punika nindakaken padamelan ingkang kapa-ringaken déning bendaranipun kanthi **tanggél-jawab lan setya!**

Ing Prajanjian Lami, tembung Ibrani: **`ebed** ateges 'batur, abdi, pelados'. Miturut G. A Smith ateges: tiyang ingkang nyambut damel kanggé kapentinganipun tyang sanès, kanggé nindakaken pikajengipun tyang sanès. Batur, abdi, pelados punika tiyang ingkang nyambut damel, ingkang dados darbèkipun bendaranipun.

Ing sajawining Kitab Suci: Tembung “ngladosi kanthi jiwaning abdi” dipun sambetaken kaliyan patrap ngladosi kanthi andhap asor (patrap ngasoraken dhiri) lan sawetahipun (*totalitas*) ing salebeting nindakaken ayahani-pun.

Pitakènanipun, punapa kita sampun dados “sémah”, “tiyang èstri”, “pribadi”, “tiyang ingkang nyambut damel” ingkang apatrap minangka “abdinipun Pangéran?”

Unjukipun Maryam, “Sumangga (*Sesungguhnya*), kawula punika abdinipun Pangéran” (Lukas 1:38) mulang kita apatrap:

1. Wantun nampi timbalanipun Gusti kanthi gumolonging manah!

Tembung sumangga “*Sesungguhnya*” ing basa Yunani “*idou*”, tegesipun ing basa Inggris: “*behold*” utawi “*truly*.” Maryam ngèngeti dhirinipun punika abdinipun Pangéran; mila mboten wonten pepinginan kanggé munjuk mboten. Maryam pasrah sawetahipun!

2. Nganggep bilih saben kalodhangan ngladosi minangka sih kanugrahan/sih-rahmatipun Gusti Allah ingkang mirunggan sanget. Pramila peladosan kasebat katampi kanthi sukarena lan kanthi kebak raos sokur, lan katindakaken kanthi gumolonging manah, kanthi temen-temen!

Ayat 30: pangandikanipun malaékat kasebat “..., awit kowé olèh sih-kanugrahan ana ing ngarsaning Pangéran.”

3. Mangga kita gesang kanthi sipating kaalahan, awit abdinipun Gusti mbekta ayahan mirunggan saking Gusti, ingkang sangsaya dangu gesangipun sangsaya mèmper kaliyan Sang Kristus. Srana mekatan, tiyang ingkang ngaken dhirinipun “abdinipun Pangéran” kedah ngudi gesang dados

tiyang ingkang nindakaken sabdanipun Gusti kanthi sasaé-saénipun ...

4. Gusti Allah dados “gusti” tumrap gesangipun, awit gesangipun katetepaken déning Gusti, mila piyambakipun mbangun turut, setya lan mitadosaken gesangipun namung dhumateng Gusti, ingkang dipun ladosi kanthi gumlonging manah.
5. Ancasing gesangipun inggih namung ngluhuraken Gusti ingkang dipun ladosi. Piyambakipun njagi kamulyaning Gusti Allah, sarana ngendhalèni dhiri, ngendhalèni émosi, ngendhalèni pitembungan /patrap/tumindak.

Punapa gangsal bab kasebat sampun wonten ing dhiri kita? Mangga kita buktèkaken bilih kita saèstu sampun apatrap minangka abdining Pangéran! Kabuktèkna lumantar patrap ingkang leres lan cocog minangka “abdining Pangéran”! Sumangga kita mangun kabiasaan dados **“brayating abdining Pangéran” ingkang saé, leres, lan séhat, supados dados berkah lan tuladha**. Sumangga kita nyaremi jagad lumantar pikiran lan raos-pangraos ingkang wonten ing Sang Kristus ingkang kita gegesang saben wekdal, awit “aku iki abdining Pangéran”. Amin.

Pitakènan Pirembagan:

- Gesang minangka abdining Gusti pranyata mboten gampil. Pitakènanipun pambengan, kakiyatan, kalodhangan, lan wewengan ingkang kados punapa kémawon ingkang nyagetaken kita ngegesang kayakinan “aku iki abdining Pangéran”?
- Punapa kémawon ingkang saged kita tindakaken minangka “abdining Pangéran” ing wekdal sapunika?

7. Pepujèn

KPJ 196:1-5 “Kula Péngin Lir Gusti”

- 1) Kula péngin lir Gusti, sumlondhoh ing ati, tandang tanduk lan tembung mrak ati ngresepi.

Refrein:

- O, lah, kawula sèstu tan mèmper lan Gusti.
 Kula mugè winulang, nulad maring Gusti.
- 2) Kula péngin lir Gusti, sumarah lan pasrah,
 napa kang sunlampahi, nut karsaning Allah. *Refr.: ...*
 - 3) Kula péngin lir Gusti, melasi pra miskin,
 tetulung kang kribedan, klawan trusing batin. *Refr.: ...*
 - 4) Kula péngin lir Gusti,, tresna maring mengsah,
 senadyan dèn poyoki tan sakit ing manah. *Refr.: ...*
 - 5) Kula péngin lir Gusti,, tresna maring Allah,
 nindakna kasaéan, ulah pangibadah. *Refr.: ...*

8. PANDONGA

- Nyenyuwun supados umat tegan, setya, ngraos-raosaken lan nggegesang gregeting gesang “kula punika abdinipun Gusti”
- Ndedonga supados saben brayat dados abdinipun Gusti kanthi padatan saha tindak tanduk ingkang nyondhongi ing pangandikanipun Gusti.

9. PEPUJÈN *(namung refrein ingkang dipun repèkaken ambal kaping kalih)*

KPJ 449:1-3 “Sira sumyaka”

- 1) Sira sumyaka, dhuh nyawaku,
 nggunggungga sihé Pangéran,
 wus ngirit lakuning bangsaku,
 dalah paring pitulungan.
 Mring para utusan setya
 kang ngundhangken kabar adya.
 Haléluya! Haléluya!
- 2) Sapa kang nampa timbalannya,
 ngemban ayahan kaswargan,
 mesthi bakal padha tan nyana
 mring sakèhing kaélokkan:
 nadyan marganya rekasa,
 iku tinampa prayoga.
 Haléluya! Haléluya!
- 3) Sira sumyaka, dhuh nyawaku,

nggonira nggunggung Yéhuwah,
dakpuja salawasing uripku,
kalawan ati kang bungah.
Dé agung sihé mring abdi,
ing rina dalasan ratri.
Haléluya! Haléluya!

[PCP/WMS]

**BAHAN
PAKEMPALAN
PANDONGA 5**
Malem Natal Brayat

Waosan:
Filipi 2:1-11

**Pangajeng-ajeng
ingkang
Nunggilaken**
ꦒꦺꦴꦗꦺꦁꦲꦗꦺꦁ
ꦲꦶꦏꦁ
ꦤꦸꦁꦒꦶꦭꦏꦺꦤ

1. WEKDAL ENING

2. KIDUNG PAMUJI

KPJ 218:1-4 “Dalu Suci”

- 1) Dalu Suci tidhem sami, Njeng* Gusti Pamarta
tedhak manjalma krana kita,
miyos wonten kandhang Bètléhèm.
Gustining dumadi, Gustining dumadi.
- 2) Bayi suci, Kang Ginusti, nebusi tyang dosa,
nilar kamulyané ing swarga,
sumèlèh ing rumput kang nistha,
nldhahi mring kita, nldhahi mring kita,
- 3) Dalu Suci tidhem sami, Njeng Gusti angasta,
katentremané jagad raya, kados prasetyané Kang Rama.
Mila linuhurna, mila linuhurna
- 4) Dalu Suci tidhem sami, Njeng Gusti angasta,
pirukuning tyang dosa sami,
cinadhang prasetyan kang baka.
Amin, linuhurna! Amin, linuhurna!

Njeng= kanjeng, sebutan penghormatan*

3. PANDONGA

4. KIDUNG PAMUJI

KPJ 247:1-4 “Sugeng Rawuh, Gusti”

- 1) Sugeng rawuh, Gusti, Ratuning swarga

tumedhak nèng donya krana kula.

“Sugeng rawuh, Gusti, saking dalemé Rama,
rawuhé nèng donya nunggil lan pra jalma.

Salam! Salam!

- 2) Gusti ingkang dadya tukiing sih-rahmat;
adreng panyuwun kula klayan umat.
Kang ibu Maryam tansah manggya widada,
kang sampun dadya srana miyos Paduka.
Salam! Salam!
- 3) Pra pangèn gumrégah, cahya nelahi,
nulya nampi pawartos saking swargi.
“Gusti Yésus wus miyos, anèng kandhang kéwan
nulya ginedhong sumèlèh ing palungan.
Salam! Salam!
- 4) Pra pujangga rawuh, lintang kang nganthi,
nedya angaturken pangabekti;
mas lan blendok mur sinaosken mring Gusti
kanthi yakin, yéku Sang Jurubasuki.
Salam! Salam!

5. PAMAOSING KITAB SUCI: Filipi 2:1-11

6. RENUNGAN

“Pangajeng-ajeng ingkang Nunggilaken”

Malem Natal lan Natal dados satunggaling acaraning brayat ingkang dipun antos-antos déning kathah tiyang Kristen. Sedaya warganing brayat ingkang mapan marenca ing sawenèhing papan ngempal ngriyayakaken Natal. Kejawi ngibadah sesarengan, wonten brayat-brayat ingkang ngawontenaken kegiatan blanja lan masak sesarengan. Wonten ingkang ameng-ameng lan dolanan sesarengan, lss.

Ing salebeting ngempal sesarengan punika kadhangkala tuwuh bédaning pamanggih, bédaning pakulinan, bédaning patrap ing salebeting nanggapi satunggaling prekawis, lss. Upaminipun punapa ingkang dipun wulangaken déning

ibu rumiwin nalika masak sayur pranyata sapunika sampun béda caranipun. Ibu anggènipun masak sayur ingkang sami sampun béda caranipun. Inggih mekaten punika ingkang nami gesang! Tiyang saged ngalami éwah-éwahan awit wontenipun bab ingkang njalari. Bab ingkang béda punika sajatosipun limraha kémawon, lan mboten saged dipun singkiri. Inkang wigatos inggih punika kados pundi anggèn kita nanggapi manut kersanipun Gusti.

Wekdal punika kita kaajak sinau ing bab patrap ingkang trep ing satengah béda-bédaning pamanggih supados patunggilan wonten ing Gusti saged tansah kawujudaken. Bab punika ugi wigatos ing wekdal ngajengaken pemilu ing pundi saben tiyang ing brayat saged nggadhahi pilihan ingkang béda. Lajeng patrap kados punapa ingkang kedah kapilih?

Filipi 2:2b nélakaken “Mulané padha ngganepana kabungahanku kalawan mengkéné: dipadha sarujuk, tunggal katresnan, tunggal budi, tunggal sedy, sepi ing pamrih utawi pangalembana kang tanpa guna.” Lantaran ayat punika kita kaajak tetep tunggal budi, tunggal katresnan, tunggal sedy, senadyan ing antawis kita wonten béda-bédanipun. Kita kaajak ngraos-raosaken lan nggegesang tunggaling manah lan budi bilih kita punika sedhèrèk wonten ing Gusti. Punapaa ingkang kelampahan, kita kedah tetep ènget lan nyepengi kanthi kukuh temah punapa ingkang wonten ing pikiran kita, ingkang kita tindakaken, lan ingkang medal saking tutuk kita sampun ngantos ngrisak pasèdhèrèkan ingkang sampun kaiket kasebat. Lantaran tumindak ingkang kados mekaten punika kita gadhah pangajeng-ajeng patunggilan kita saged tetep kajagi.

Supados saged nindakaken sedaya punika, Filipi 2:1 ngajak kita gesang ngener dhumateng Sang Kristus awit ing Sang Kristus wonten pitedah ingkang kapratélakaken lantaran sabda ing Kitab Suci punapa-déné lantaran tuntunan Roh Suci. Roh Suci ingkang kaparingaken dhateng kita badhé nuntun kita netepaken putusan, patrap lan tumindak ingkang trep nalika kita tansah munjeraken manah lan pikiran kita

dhumateng Sang Kristus. Wonten ing Sang Kristus kita gadhah pangajeng-ajeng sih-rahmat, katresnan lan pangapunten ingkang nunggilaken.

Bab punika saged kita tindakaken awit ing Sang Kristus wonten panglipuring sih ingkang badhé nglipur kita nalika dipun tatoni tiyang sanès. Gusti kersa nyarasaken tatuning batos kita lan nglipur kita bilih mboten dados punapa menawi wonten tiyang ingkang gadhah patrap lan pitembungan ingkang saged nyakiti manah utawi mboten cundhuk kaliyan pangajeng-ajeng kita. Kita mesthi ngapunteni awit saged ugi sami mboten mangertos punapa ingkang dipun ucapaken lan katindakaken.

Ing kawontenan ingkang kados mekaten punika kita ugi angcaya kateguhaken bilih ing Sang Kristus wonten patunggilaning Roh ingkang badhé ngiyataken kita. Saben tiyang ingkang kaiket ing katresnan sih pasedhèrèkan wonten ing Sang Kristus katunggilaken ing patunggilaning Roh temah nalika kita mboten kuwawi ngatasi manah ingkang mboten jenjem utawi kuwuring pangraos kita, Gusti badhé tansah ngutus tiyang utawi punapa kémawon ingkang badhé ngiyataken kita. Saking ngriku badhé tuwuh sih-katresnan ingkang raket sanget lan welas-asih ing gesang bebrayatan awit Sang Kristus rawuh lan gesang ing gesang sesarangen kita. Wonten ing Sang Kristus tansah wonten pangajeng-ajeng ingkang nunggilaken.

Ing malem Natal punika kita kaajak mandeng, pitados lan munjeraken gesang kita dhumateng Gusti Yésus Kristus ingkang miyosipun kita pèngeti. Filipi 2:5-7a pratéla, “Ing sajroné anggonmu padha urip bebarengan padha kadunungan pangangen-angen lan pangrasa kang uga tinemu ing Sang Kristus Yésus, kang sanadyan ngagem sipating Allah, éwadéné anggoné sajajar karo Gusti Allah iku ora kaanggep bab kang kudu dikekahi, nanging malah wus nyuwungaké sarirané piyambak, lan ngagem sipating abdi, sarta wus dadi padha karo manungsa.”

Mangga kita sami nggadhahi pangangen-angen lan pangraosing manahipun Sang Kristus ingkang senadyan

panjenenganipun punika Sang Sabdaning Allah ingkang dados manungsa, nanging Panjenenganipun mboten ngegungaken sedaya kuwaos lan kamulyan kaalamanipun. Nalikanipun Panjenenganipun sugeng ing jagad, Panjenenganipun rawuh dados sami kaliyan manungsa, ingkang ugi tetéla wonten ing miyosipun. Kuwaosing ilahinipun mboten kaagem kanggé ngegungaken dhiri pribadi ing antawisipun sesaming manungsa supados dipun puji lan kaalembana. Kuwaosipun malah kaagem kanggé mitulungi lan dados berkah kanggé sesaminipun manungsa. Mangga ing malem Natal punika kita tansah mandeng Gusti Yésus ingkang sampun rawuh ing jagad jumeneng Gusti, Juru-wilujeng lan tuladhaning gesang kita. Sang Kristus punika pangajeng-ajeng kita ingkang nyagedaken kita ngraketaken sih pasedhèrèkan. Amin.

7. KIDUNG PAMUJI

KPJ 230:1-4 “Kabingahan Kang Sejati”

- 1) Kabingahan kang sejati sumrambah sabumi
Ratu Adil sampun prapta, sinung gesang nulya;
sinung gesang nulya, sinung, sinung gesang nulya
- 2) Kaslametan wit sihrahmat sinrahken mring jagad.
Sang Pamarta wus manjalma ngrembat sagung dosa;
ngrembat sagung dosa, ngrembat, ngrembat sagung dosa.
- 3) Karaharjan kang sanyata pinaringken jalma.
Kristus prapta olah-tresna, tentrem kang pinanggya,
tentrem kang pinanggya, tentrem, tentrem kang pinanggya.
- 4) Warta adi kang satuhu saking Kang Makwasa.
Kristus Gusti mbikak swarga, begja tyang pracaya,
begja tyang pracaya, begja, begja tyang pracaya.

8. PANDOGA SAFAAT LAN PANUTUP

- Nyuwun supados kaparingan manah lan budi kados-déné manah lan budinipun Gusti Yésus.
- Ndedonga supados sih pasedhèrèkan setungal lan setunggalipun sangsaya kekeh.

9. KIDUNG PAMUJI

KPJ 215:1-4 “Anèng Salumahing Bumi”

- 1) Anèng salumahing bumi sru ngumandhang pamuji.
Anèng ngaré miwah ardi, kidunging bala swargi.
Refr.: “Gloria in èxcelsis Déo!* Gloria in èxcelsis Déo!”
- 2) Pra pangèn ing ara-ara, memuji manembrama,
kagem Raja kang wus prapta, ngumandhang sukarena.
Refr.: ...
- 3) Wus miyos Juru-basuki, yéku isining puji,
pangunggung kalayan urmat, mring Gusti Ratu jagad.
Refr.: ...
- 4) Payo kita samya muji sareng lan bala swargi
srana kidunging pamuji, kanthi tulusing ati.
Refr.: ...

**Gloria in èxcelsin Déo! = Gusti kamulyakna!*

[MH/WMS]

**BAHAN
PAKEMPALAN
PANDONGA 6**
Tutup Warsa

Waosan:
Yohanes 8:12-20

**Gusti Sang
Padhang Juru
Panuntuning
Gesang**

1. WEKDAL ENING

2. KIDUNG PAMUJI

KPJ 144:1,5 “Yèn Nunggil Lan Gusti”

- 1) Yèn nunggil lan Gusti rintèn dalu
manah langkung tentrem arahayu
Refr.:
Kula angantos Gusti siyang klayan ratri
Nyuwun berkah dhuh Gusti, Gusti mberkahi.
- 5) Yèn nunggil lan Gusti saged ngertos
Kang dados karsanya ing sayektos. *Refr.:* ...

3. PANDONGA

4. KIDUNG PAMUJI

KPJ 395:1-2 “Sawetara Aku Nolèh”

- 1) Sawatara aku nolèh marang dalan kang dakliwati,
sihé Gusti kang daktampa kanthi éraming ati.
Sanadyan akèh alangan wah kadhang lelimangan,
nanging Gusti karsa nuntun, mulané aku ngungun,
wit astaning Allah, temah rumangsa begja.
- 2) Ora merga aku becik, tanganku tinuntun astanya;
ora jalaran sampurna, aku tansah rineksa.
Aku tansah kaéraman, wit tansah binerkahan.
Kadiparan* nggonku nampa sih-katresnané Kang Kwasa?
Daklakoni, dakedumken marang umat sadonya.

**Kadiparan = kepiyé*

5. PAMAOSING KITAB SUCI: Yohanes 8:12-19

6. RENUNGAN

“Gusti Sang Padhang Panuntuning Gesang”

Saèstu satunggaling bab ingkang mirunggan déné sapunika kita wonten ing pucuking taun 2023 sasampunipun ti-gangatus sewidak gangsal dinten kita lampahi ing satengah-ing ayah-ayahing pandhemi ingkang taksih nggandhuli. Taksih kathah bab ingkang kedah kita adhepi minangka kawusananing pandhemi. Wonten paribasan ingkang ungeli-pun, *“pengalaman adalah guru yang baik”*. Sapérangan ageng tiyang sarujuk kaliyan paribasan punika, mliginipun tumrap kita ingkang nggadhahi raos kangen ngènget-ènget pengalaman-pengalaman ing gesang ingkang sampun kita pengkeraken lajeng nenimbang lan mendhet piwulanging gesang ingkang migunani.

Saben pérangan pengalamaning gesang temtunipun ngewohaken piwulang, ingkang saged mitulungi kita ngalami pepanggihan lan pitepangan kaliyan Gusti Yésus Kristus. Pramila, ing wekdal punika kita prelu nyawisaken wekdal sekedhap kanggé ngraos-raosaken punapa ingkang sampun kita lampahi ing sadangunipun setunggal taun. Péranganing gesang ingkang pundi ingkang malah ndadosaken kita ngraosaken pepanggihan kaliyan Gusti ingkang damel pitepangan kita langkung lebet kaliyan Panjenenganipun?

Nalika tiyang kécalan tiyang ingkang dipun tresnanai, nalika mboten pikantuk padamelan kamangka kabetahan sangsaya kathah, utawi nalika perang batos (ngalamai geguletaning gesang) ingkang dèrèng rampung kasusul déning tuwuhing prekawis-prekawis sanèsipun. Punapa malih wontenipun kegagalan ingkang mboten saged kita singkiri, sedaya punuika ndadosaken gesang kita sangsaya judheg. Gesang punika karaosaken kados-kados peteng sanget. Wonten ing petenging gesang kados mekaten, kita kaatag supados kedah tetep nglajengaken gesang. Inggih ing

ngriku kita ngèneti malih bilih kita mboten naté katilar déning Gusti kados kawontenan kita sapunika.

Gusti Allah wonten ing Sang Padhang, inggih Gusti Yésus Kristus, sampun tansah lan badhé nuntun lampah gesang kita. Rawuhipun Gusti wonten ing petenging gesang, asring mboten kita rumaosi, nanging saleresipun nyata kita alami. Kita ngèneti punapa ingkang dipun ngendikakaken déning Gusti Yésus: “Aku iki pepadhang ing jagad; sing sapa ngetut-buri Aku, ora bakal lumaku ana ing pepeteng, nanging bakal nduwèni padhang urip.”

Kita ngucap sokur dhumateng Gusti Allah wonten ing Gusti Yésus Kristus ingkang jumeneng pepadhang ing jagad, lan ugi pepadhang ing gesang kita, para tiyang ingkang ndhèrèk Panjenenganipun kanthi setya. Gusti mboten naté paring prajangi bilih gesang kita badhé tanpa pepeteng, nanging janji prasetyanipun inggih punika Panjenenganipun badhé tansah nunggil lan ngiyataken kita. Pramila, mangga wonten ing raos sokur kita dhumateng Gusti, kita tansah gesang ing salebeting kayakinan lan pangajeng-ajeng. Menawi taun punika kita sampun katuntun déning Gusti, Gusti ugi badhé nuntun kita ing gesang ingkang badhé dhateng. Pepadhang ing Gusti badhé nyingkiraken pepetenging gesang kita. Amin.

7. KIDUNG TANGGAPAN

KPJ 101:1-2 “Allah Kang Dados Pepadhang”

- 1) Allah kang dados pepadhang nuntun dhateng karaharjan.
Astanya sèstu santosa, ngreksa tyang kang pracaya.
Pepadhang ing Allah nganthi, ngirid ing ngajeng lan wuri,
ngantos dumugèng swargi.
- 2) Allah kang dados pepadhang peparing klayan loma
Sabdanya kebak pangwasa, sung pangayoman nyata.
Sèstu pepakèning Allah nyegerken manah kang lesah,
wah ngiyatken ing lampah.

8. PANDONGA

- Saos sokur tumrap saben pengalamaning gesang ing pepeteng ingkang sampun saged dipun lampahi lan dipun langkungi.
- Nyuwun kekiyatan lan semangat nglajengaken gesang kanthi tetep ndhèrèk Gusti Yésus Sang Pepadhang ing gesang

9. KIDUNG PAMUJI

KPJ 109:1-3 “Gusti Pangayom Kang Setya”

- 1) Gusti pangayom kang setya ngirid lampah kawula.
Nadyan panggodha nempuha, kula tan badhé léna,
wit kinanthi déning Gusti siyang dalasan ratri,
siyang dalasan ratri.
- 2) Gusti Pangén kang sejati, kula tansah rinimat.
Tebih saliring bilahi, wit sinungan sih-rahmat.
Asthanira nglanting kula, neguhaken wardaya
neguhaken wardaya.
- 3) Gusti Pepadhang sejati, tansah nuntun kawula.
Nadyan rubéda ngribedi, datan semplah ing driya,
berkahira ngreksa kula ngantos ing salaminya
ngantos ing salaminya.

[WIT/WMS]